**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIM MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATI’NDAG’I’**
**QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

*Qol jazba huquqi’nda*

*UDK* 8.8-14. (575.112)

**Kamalova Dilfuza Enuarovna**

# B.Genjemuratov lirikasi’ (janrli’q ha’m ko’rkemlik wo’zgeshelikleri)

**5A-120101 A’debiyattani’w (Qaraqalpaq a’debiyati’)**

**Magistr akademiyali’q da’rejesin ali’w ushi’n jazi’lg’an dissertaciya**

MAK da jaqlawg’a ruxsat
Magistratura bo’limi basli’g’i’
_________ doc. A.Gulimov

Kafedra basli’g’i’:______________f.i.k.doc. Q.Yusupov

Ilimiy basshi’:_________________f.i.k. A.Dosi’mbetova

**No’kis-2014**

**MAZMUNI’**

**Kirisiw………………………………………………………………….3**
**1-BAP. B.GENJEMURATOV LIRIKASI’NI’N’ FORMALI’Q WO’ZGESHELIKLERI….……………………………………………10**
**1.1. B.Genjemuratov do’retiwshiliginde yerkin qosi’qlar…..……………..10**
**1.2. B.Genjemuratov poeziyasi’nda formaliq janrlar (to’rtlikler, beslikler, alti’li’qlar, segizlikler, wonli’qlar, du’rkinler, muashshaqlar, sonet ha’m yen’ kishi lirikali’q formalar)…………………………….……………19**

**2-BAP. B.GENJEMURATOV POEZIYASI’NI’N’ IDEYA-TEMATIKALI’Q WO’ZGESHELIKLERI…………........................… 38**
**2.1. B.Genjemuratov poeziyasi’nda yel-jurt, millet ta’g’dirinin’ sa’wleleniwi’ ………………………………………………………38**
**2.2. B.Genjemuratov poeziyasi’nda intim lirika …………………………...51**
**3-BAP. B.GENJEMURATOV POEZIYASI’NI’N’ KO’RKEMLIK WO’ZGESHELIKLERI……………………………………………….. 57**
**3.1. Ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m woni’n’ qosi’qtag’i’ ko’rkemlik xi’zmeti…………………………………………………….................. 57**
**3.2. B.Genjemuratov lirikasi’nda ko’rkemlew usi’llari’ni’n’ mazmung’a qatnasi’……………………………………………………………… ..74**

**Juwmaqlaw……………………………………………………………... 79**

**Paydalani’lg’an adebiyatlar……………………………………………….. 83**

**Bibliografiyali’q ko’rsetkish…………………………………………….86**

# KIRISIW

**Temani'n' aktualli'g'i'**. Bu'gingi ku'nde socialli'q-siyasiy, ruwxi'yli'q-ag'arti'wshi'li'q tarawlarda ani'q maqsetke yerisiwdin' basli' joli' – ja'miyet ag'zalari'nda joqari' ruwxi'yli'qti' qa'liplestiriw boli'p yesaplanadi'. Zamanago'y joqari' ruwxi'y kamalatqa jetisken insan modelin kitapsi'z, a'sirese, milliy ha'm du'nya a'debiyati' u'lgilerisiz ko'z aldi'mi'zg'a keltiriw qi'yi'n. Yelimiz jaslari'n joqari' ruwxi'yli'qqa ta'rbiyalawda ko'rkem a'debiyatti'n', soni'n' ishinde, xalqi'mi'zdi'n' ruwxi'y g'a'ziynesinin' aji'ralmas bo'legi bolg'an poeziyani'n' da a'hmiyeti ayri'qsha.

Prezidentimiz I.A.Karimovti'n' "Men shayi'r ha'm jazi'wshi'lardi' ha'mme waqi't jamiyettin' aldi'ng'i' qatarlari'nda ju'retug'i'n, turmi'sti' baqlap, adamlardi'n' ju'reginde, ishki ruwxi'y du'nyasi'nda ju'z berip ati'rg'an wo'zgerislerdi ta'sirli obrazlar, ani'q ko'rkem boyawlar arqali' sheberlik penen jari'qqa shi'g'ari'p bere alatug'i'n, yel-jurt ushi'n ku'yip jasaytug'i'n pidayi' insanlar, dep bilemen,"[1]- dep atap wo'tkenindey, ha'zirgi ku'ni a'debiyatta turmi's haqi'yqatli'g'i'n obrazli' sa'wlelendirip, uluwmainsani'yli'q ha'm global ma'selelerdi ken' ja'miyetshiliktin' na'zerine usi'ni'p, woqi'wshi'ni' woy-pikir ju'ritiwge iytermeleytug'i'n ha'm milliy ruwx sin'dirilgen shi'g'armalar do'retiw ha'r bir jazi'wshi'- shayi'rdi'n' aldi'na qoyg'an azamatli'q wazi'ypasi' boli'wi' kerek.

G'a'rezsizlik da'wirinde qaraqalpaq poeziyasi' wo'zinin' ko'rkem estetikali'q funkciyasi'n qalay atqari'p kiyati'r? Qaraqalpaq poeziyasi' ja'miyette estetikali'q ko'zqaraslardi' bayi'ti'wda qanday xi'zmet atqari'p kelmekte. Poeziya qanday ko'rkemlik sheklerdi iyelep, insanni'n' ruwxi'y mu'ta'jligine, kewil mu'lkine aylani'p ati'r? Mine, usi' si'yaqli' ma'selelerdi izertlew qaraqalpaq a'debiyattani'w ilimindegi a'hmiyetli ma'selelerden yesaplanadi'. Biz magistrlik dissertaciya jumi'si'mi'zdi' usi' ma'seleni ha'zirgi

---

[1] Каримов И. Адабиетга эътибор-маънавиятга, келажакка эътибор. Тошкент, «Ўзбекистон», 2009, - Б.8.

a’debiy processte ayri’qsha wori’ng’a iye shayi’r B.Genjemuratov lirikasi’ mi’sali’nda u’yreniw bag’dari’na quri’wdi’ maqul ko’rdik. A’debiy process ha’mme waqi’t rawajlani’p ha’m jan’ari’p bari’wshi’ qubi’li’s. Da’wir ha’m ja’miyettin’ wo’zgeriwi a’debiyat, uluwma alg’anda milliy ideologiyani’n’ wo’zgeriwine ta’sirin tiygizedi. Sol si’yaqli’ a’debiy process te tikkeley da’wir ha’m ja’miyette ju’z berip ati’rg’an wo’zgerisler menen baylani’sli.

Ha’zirgi poeziyani’n’ mazmun ha’m formali’q jaqtan rawajlani’wi’na salmaqli’ u’lesi’n qosi’p kiyati’rg’an shayi’rlardi’n’ biri B.Genjemuratov boli’p yesaplanadi’.

Baxti’yar Allambergen uli’ Genjemuratov 1959-ji’li’ 11-may ku’ni Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Taxtako’pir rayoni’nda tuwi’lg’an. Usi’ jerde awi’lli’q mektepti tamamlap, 1980-ji’li’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universitetinin’ filologiya fakultetine woqi’wg’a kiredi. Bul jerde «Qarataw» jurnali’ ha’m woni’n’ a’tirapi’nda ja’mlesken do’retiwshi insanlar wortali’g’i’ B.Genjemuratov do’retiwshiliginin’ usi’nday da’rejege jetilisiwinde u’lken a’hmiyetke iye boldi’. Sol studentlik ji’llari’nan baslap Qaraqalpaq a’debiyati’nda belgili jazi’wshi’-shayi’rlardan İ.Yusupov, T.Ma’tmuratov, Sh.Seytovlar ha’m wolardi’n’ do’retiwshiligi menen ken’nen tani’sti’. Soni’n’ menen birge, wo’zi qatar shayi’rlar J.İzbasqanov, K.Karimov, H.Ayi’mbetov, S.İbragimov, Sh.Ayapov ha’m K.Reymovlar menen a’debiy wortali’qta boli’wi’ da shayi’r do’retiwshiligine ta’sirin tiygizdi.

B.Genjemuratovti’n’ woqi’wshi’li’q ha’m studentlik ji’llari’nda ayri’qsha i’qlas qoyi’p woqi’g’anlari’ wo’zbek shayi’rlari’ A.Aripov, E.Wahidov, A.Ma’tjan, U.A’zimov, A’.Su’yinov, qazaq shayi’rlari’ Wo.Sulaymanov, Q.Mi’rzaliev, F.On’g’arsinov ha’m M.Shaxanovlar boldi’. B.Genjemuratovti’n’ bir qatar lirikali’q qosi’qlari’n woqi’p woti’ri’p woni’n’ A.Blok, V.Mayakovskiy, S.Esenin, A.Axmatova ha’m V.Xlebnikov do’retiwshiliginin’ ko’rkemlik si’rlari’n u’yrengenligin an’laymi’z. Shayi’r qosi’qlari’ni’n’ poetikali’q jelisinde A.Voznesenskiy, E.Evtushenko qusag’an du’nyag’a belgili ko’rkem so’z ustalari’ poeziyasi’ni’n’ ruwxi’y jaqi’nli’g’i’ bar yekenligin

sezemiz. A’sirese, Evropa simvolist shayi’rlari’ Bodler, Verlen, Verxarn, Gyuismans, Meterling, Rembo poeziyasi’n teren’nen u’yreniwi woni’n’ ko’rkem-estetikali’q du’nyatani’mi’nda u’lken buri’li’slardi’n’ ju’zege asi’wi’na ali’p keldi. Demek, shayi’r B.Genjemuratovti’n’ du’nyatani’mi’na, shayi’rli’q diopazoni’na, intellektual pikirlew du’nyasi’na, do’retiwshiligine du’nya a’debiyati’n ta’siri boldi’. Wol ku’ndelikli baspa so’zde wo’z qosi’qlari’ menen 1970-ji’llardan baslap ko’rine basladi’. Da’slepki poeziyali’q toplami’n 80-ji’llardan keyin ja’riyaladi’. Shayi’r wo’z woqi’wshi’lari’na «Aptapti’n’ wo’miri» (1987), «Saratan» (1990), «Woq qadalg’an ay» (1995), «Ukuzdaryo bitiklari» (wo’zbek tilinde 2006, 2007-ji’llar, Rustam Musurman awdarmasi’) siyaqli’ poeziyali’q toplamlari’n usi’ndi’. Al, 2012-ji’li’ shayi’rdi’n’ 50 ji’lli’q yubileyine baylani’sli’ woni’n’ «Saylandi’ shi’g’armalar» toplami’ baspadan shi’qti’. O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ Qarari’na tiykarlani’p, «Mo’de xan so’zi yaki Shin jipegindegi bitik», «Qar Aq Alp Aq» atli’ poemalari’ wo’zbek tilinde qaytadan kitap bali’p basi’ldi’. Shayi’rdi’n’ bir qatar shi’g’armalari’ wo’zbek, rus, qazaq tillerine, sonday-aq, 2004-ji’li’ Kanadada francuz tiline awdari’li’p ja’riyalandi’. A’sirese, B.Genjemuratovti’n’ qosi’qlari’ni’n’ «Tu’rk sheriyati’ antologiyasi’» (Ankara,2006), «Признание. Стихиотворения поэтов Узбекстана» (Ташкент, 2007) ha’m «U’zbek sheriyati’ antologiyasi’» na (Toshkent, 2007) kiritiliwi shayi’r do’retiwshiligi ha’m qaraqalpaq a’debiyati’ ushi’n u’lken jetiskenlik boldi’. Soni’n’ menen birge, B.Genjemuratov Bati’s ha’m Shi’g’i’s a’debiyati’ klassiklerinin’ do’retpelerin qaraqalpaq tiline awdarma yetip, 1992-ji’li’ «Lirika» degen atamada ha’m rus tariyxshi’lari’ B.D.Grekov ha’m A.Yu.Yakubovskiydin’ «Alti’n Worda ha’m woni’n’ qulawi’» degen miynetin baspadan shi’g’ardi’. Sonday-aq B.Genjemuratov 1996-ji’li’ «A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ poetikasi’» degen temada kandidatli’q dissertaciya jaqlap, filologiya ilimlerinin’ kandidati’ ilimiy da’rejesin aldi’. Usi’nday miynetlerinin’ bahasi’ si’pati’nda B.Genjemuratov 2002-ji’li’ O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ataqli’ si’yli’qlari’ni’n’ biri bolg’an «Shuhrat» medali’ menen si’yli’qlandi’.

Mine, ko’rkem a’debiyati’mi’zdag’i’ usi’nday qunli’ miynetleri boli’wi’na qaramastan, B.Genjemuratov poeziyasi’ a’debiyattani’w iliminde wo’z aldi’na ilimiy izertlew obektine aylandi’ri’lg’an joq. Bul na’rse bizin’ magistrlik dissertaciya ushi’n tan’lag’an temami’zdi’n’ aktualli’g’i’n si’patlaydi’.

**Jumi’sti’n’ tiykarg’i’ maqseti.** Biz magistrlik dissertaciya ju’mi’si’mi’zda shayi’r B.Genjemuratov lirikasi’n ha’r ta’repleme u’yreniwdi ha’m usi’ tiykarda shayi’r poeziyasi’ni’n’ uli’wma ta’biyati’n, woni’n’ basqa shayi’rlardan wo’zgesheligin, ko’rkem – estetikali’q qunli’li’g’i’n, qaraqalpaq poeziyasi’ndag’i’ tutqan worni’n ashi’p beriwdi maqset yetip qoydi’q.

Usi’ maqsetten kelip shi’qqan halda jumi’si’mi’zda to’mendegi wazi’ypalardi’ belgilep aldi’q:

- B.Genjemuratov lirikasi’ni’n’ formali’q wo’zinsheliklerin ani’qlaw.
- shayi’r yerkin qosi’qlari’ ha’m basqa da lirikali’q formalardi’n’ janrli’q qa’syetlerin ani’qlaw;
- shayi’rdi’n’ poeziyasi’nda ideyali’q – tematikali’q bag’dardag’i’ wo’zgesheliklerin analizlew;
- B.Genjemuratov poeziyasi’ni’n’ janrli’q qa’siyetlerin ha’m wonda ko’rkemlik wo’zgesheliklerin ani’qlaw;
- B.Genjemuratov poeziyasi’nda forma salasi’ndag’i’ ko’rkemlik izlenislerin ashi’p beriw;
- B.Genjemuratov poeziyasi’ni’n’ stillik wo’zgesheliklerin ani’qlaw.

**Jumi’sti’n’ izertlew obekti ha’m predmeti.** Jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ izertlew obekti B.Genjemuratov lirikalari’ boli’p yesaplanadi’. Shayi’rdi’n’ «Aptapti’n’ wo’miri» (1987), «Saratan» (1990), «Woq qadalg’an ay» (1995), «Ukuzdaryo bitiklari» (wo’zbek tilinde 2006, 2007-ji’llar, Rustam Musurman awdarmasi’), «Saylandi’ shi’g’armalar» toplami’ (2012) atli’ poeziyali’q toplamlari’ ha’m “Yerkin qaraqalpaqstan”, “Qaraqalpaqstan jaslari’”, “Qaraqalpaqstan” gazetalari’nda, “A’miwda’rya”, “Sharq yulduzi”

jurnalllari'nda, internet saytlari'nda jariyalang'an do'retpelerin izertlew predmeti si'pati'nda ali'p qaradi'q.

**Jumi'sti'n' metodologiyali'q tiykari'.** Biz magistrlik dissertaciya jumi'si'mi'zda Prezidentimiz I.A.Karimovti'n' miynetleri ha'm maqalalari'n metodologiyali'q jaqtan basshi'li'qqa aldi'q. Jumi'sti'n' teoriyali'q ta'repleri ushi'n Aristoteldin' "Poetika"si'nan, rus ilimpazi' L.I.Timofeevtin', wo'zbek a'debiyatshi' ilimpazlari'nan T.Baboev, I.Sultanov, N.Hotamov, B.Sari'msaqov, A.Rasulovlardi'n' ilimiy-teoriyali'q pikirlerinen, jergilikli ilimpazlardan Q.Sultanov, K.Ma'mbetov, S.Axmetov, Q.Ja'rimbetov, J.Yesenov, P.Nurjanov, Q.Yusupov, B.Genjemuratov, Q.Worazi'mbetov h.t.basqalardi'n' ilimiy pikirlerinin' juwmaqlari'nan paydalani'ldi'.

Jumi'sta B.Genjemuratov poeziyasi' basqa qaraqalpaq shayi'rlari'nan I.Yusupov, S.Ibragimov, J.Izbasqanov h.t.basqalar do'retiwshiligi menen ha'm wo'zbek poeziyasi' u'lgilerine sali'sti'ri'li'p u'yrenildi. Buni'n' ushi'n sali'sti'rmali'- tipologiyali'q ha'm ko'rkem analiz metodlari'nan paydalani'ldi'.

**İzertlewdin' teoriyali'q ha'm a'meliy a'hmiyeti.** Magistrlik dissertaciya jumi'si'mi'zdi'n' juwmaqlari'nan ha'm ilimiy izertlew bari'si'nda ali'ng'an analiz na'tiyjelerinen a'debiyatqa qi'zi'g'i'wshi'lar, a'debiyat ilimi menen shug'i'llani'wshi'lar, studentler, paydalani'wi' mu'mkin. Sonday-aq a'debiyat teoriyasi', ha'zirgi a'debiy process pa'nleri boyi'nsha lekciya tekstlerin qayta islewde de ko'rkem tekstlerdi qollani'wg'a boladi'.

**Ju'mi'sti'n' izertleniw da'rejesi.** B.Genjemuratov do'retiwshiligi boyi'nsha arnawli' tu'rde izertlew jumi'si' ali'p bari'lmadi'. Tek g'ana woni'n' muashshaqlari', poeziyasi'nda tariyxi'y shahslardi'n' sa'wleleniwi boyi'nsha pitkeriw-qa'nigelik jumi'si'nda ha'm g'arezsizlik da'wirindegi poemalari' boyi'nsha magistrlik dissertaciyalarda izertlew ali'p bari'ldi. Sonday-aq,

ku'ndelikli baspa so'zde, ilimiy miynetlerde shayi'rdi'n' do'retiwshiligi ha'r qi'yli' bag'darda izertlenbekte[1].

**Jumi'sti'n' ja'riyalani'wi'.** Bul jumi'si'mi'z boyi'nsha ilimiy toplamlarda alti' maqala ja'riyalandi'.

**Jumi'sti'n' quri'li'si'.** Jumi's kirisiw ha'm juwmaqlawdan ti'sqari' u'sh baptan ibarat. Baplar mazmuni'na qaray bir neshe bo'limlerge bo'linedi. Birinshi bap. "B.Genjemuratov lirikasi'ni'n' formali'q wo'zgeshelikleri" dep atali'p, bul bap wo'z gezeginde yeki bo'limge bo'lip u'yrenildi: 1. "B.Genjemuratov do'retiwshiliginde yerkin qosi'qlar", 2. "B.Genjemuratov poeziyasi'nda forma jan'ali'qlari' (to'rtlikler, beslikler, alti'li'qlar, segizlikler, wonli'qlar, du'rkinler, muashshaqlar, sonet ha'm yen' kishi lirikali'q formalar)"

Yekinshi bap. "B.Genjemuratov lirikasi'nda ideya-tematikali'q wo'zgeshelikler" dep atali'p, bul bap wo'z gezeginde yeki bo'limge bo'lip u'yrenildi: 1. "B.Genjemuratov poeziyasi'nda yel-jurt, millet ta'g'dirinin' sa'wleleniwi'", 2. "B.Genjemuratov poeziyasi'nda intim lirika".

U'shinshi bap. "B.Genjemuratov poeziyasi'ni'n' ko'rkemlik wo'zgeshelikleri" dep atali'p, bul bap wo'z gezeginde yeki bo'limge bo'lip u'yrenildi: 1. "Ko'rkem su'wretlew qurallari' ha'm woni'n' qosi'qtag'i' ko'rkemlik xi'zmeti", 2. "B.Genjemuratov lirikasi'nda ko'rkemlew usi'llari'ni'n' mazmung'a qatnasi'"

---

[1] Нуржанов П. Берливр ҳаққында ойлар. «Әмиўдәрья», 1990, №5; Нуржанов П. Саратан. «Жас Ленинши», 1991, 10-сентябр; Нуржанов П. Мәртликти, батырлықты улығлаўшы поэзия. «Қарақалпақстан жаслары», 2010, 16-ноябрь; Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы (1970-2000-жыллар). Нөкис, «Билим»,2004; Есенов Ж. Ҳақыйқатшыл, руўҳы терең сөз маржанлары ушын (миллий ғәрезсизлик жылларындағы поэзия ҳаққында ойлар 1991-1998-жыллар). // «Устаз жолы», 1999, 20-май; Есенов Ж. Тил-жүрек айнасы (Б.Генжемуратов поэзиясы мысалында). «Еркин Қарақалпақстан», 2014, 11-январь, №5.; Юсупов Қ. Кеўиллерди толқытқан поэзия. // «Қарақалпақ әдебияты», 2014, февраль, №2 ҳ.т.б.

Jumi’sti’n’ son’i’nda paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi ha’m qosi’msha bo’lim si’pati’nda B.Genjemuratov haqqi’nda jazi’lg’an maqalalardi’n’ ha’m B.Genjemuratovti’n’ baspada ja’riyalang’an do’retpelerinin’ bibliografiyali’q ko’rsetkishi berilgen.

# 1-BAP. B.GENJEMURATOV LIRIKASI'NI'N' FORMALI'Q WO'ZGESHELIKLERI

## 1.1. B.Genjemuratov do'retiwshiliginde yerkin qosi'qlar

Bu'gingi ku'nde shayi'r B.Genjemuratovtin' do'retiwshiligi janrli'q jaqtan birqansha rawajlang'anlig'i'n ko'remiz. «... bir shayi'r menen yekinshi shayi'rdi'n' arasi'ndag'i' parq woni'n' az ya ko'p jazg'anli'g'i'nda yemes, ba'lki wo'zinen aldi'n'g'i'larg'a qarag'anda qa'nshelli da'rejede jan'ali'q ashi'wi', janrli'q mu'mkinshiligin ko'beytiwi, obraz jasaw usi'li'ni'n' ayri'qshali'g'i', da'rtli sezim ha'm so'z saplaw usi'llari' tiykari'nda ayri'qsha ko'zge taslanadi'»[1] ,- dep professor Kamal Ma'mbetovti'n' keltirip wo'tken pikirleri shayi'r B.Genjemuratovti'n' poeziyasi'na da baylani'sli' toli'q qollani'wg'a boladi'. Sebebi, B.Genjemuratov – novator shayi'r. Woni'n' qaraqalpaq poeziyasi'na ali'p kirgen jan'ali'qlari' ko'p. Atap aytqanda, wol ha'zirgi qaraqalpaq poeziyasi'ni'n' janrli'q mu'mkinshiliklerin ken'eytti, ko'rkem obraz jasaw ha'm ko'rkem forma jarati'w usi'llari'n jetilistirdi, so'z saplaw usi'llari'nda wo'zine ta'n stiline iye boldi'. Yerkin qosi'q ha'm muashshaqlar shayi'r poeziyasi'ndag'i' usi'nday janrli'q izlenislerdin' biri. Wonda shayi'r sheber poetikali'q til ha'm ko'rkem su'wretlew qurallari' arqali' ta'kirarlanbas obrazlar jarati'wi' arqali' shayi'r shi'g'armalari'nda ishki forma wo'zgesheligi ani'q sezilip turadi'. Ilimpaz Qoni'sbay Yusupov shayi'rdi'n' do'retiwshiliginin' wo'zgesheligi haqqi'nda: "Shayi'rdi'n' shi'g'armalari'nda jen'il uyqas quwalawshi'li'q, qurg'aq qatarlar, ma'nisi sayi'z so'zler wonsha ushi'raspaydi'. So'z sheberinin' do'retpeleri forma ha'm mazmun jag'i'nan ali'p qarag'anda ideyasi'ni'n' teren'ligi, filisofiyali'q woylardi'n' basi'mli'g'i', simvolikali'q ha'm metaforali'q usi'llardi'n' beriliwi, tariyx ha'm folklorli'q da'stu'rler menen baylani'sti'ri'li'wi' ha'm qayta janlandi'ri'li'wi' jag'i'nan basqa shayi'rlardan wo'zgesheleni'p turadi'"[2]-dep atap wo'tedi.

---

[1] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997, 13-бет.
[2]Юсупов Қ. Кеўиллерди толқытқан поэзия. «Қарақалпақ әдебияты», Февраль, 2014, №2

Sonday-aq, Jani'zaq Yesenovti'n' "B.Genjemuratovti'n' tiykarg'i' so'z yetileyin dep woti'rg'an "Saylandi' shi'g'armalar" toplami'nda ("Qaraqalpaqstan"2012) tildin' leksikali'q bayli'qlari', jekke so'zler menen so'z di'zbekleri, jup so'zler, wolardi'n' seslik, morfologiyali'q wo'zgeshelikleri menen poetikali'q ga'p-qatarlardi'n' sintaksislik stillik qa'siyetleri bari'nsha wo'z teren'ligi, yag'niy shayi'r ideyali'na sa'ykesligi, lirikali'q qaharmanlardi'n' ju'rek du'rsilin ani'q ashi'p beriwge xi'zmet yetiwi menen ayri'qshalanadi'. Wonda, ha'tteki, so'zlerdin' qaytalani'wi'ni'n' wo'zi poetikali'q xizmet atqaradi', geypara morfemalar da sol poetikali'q do'retpelerge wo'zgeshe ku'sh bag'i'shlap, woni'n' estetikasi'n payda yetedi"[1]-dep aytqan pikirleri shayi'r do'retiwshiliginde ishki formani' ko'rkem yetip beriwde tillik wo'zgesheliklerinin' ayri'qsha yekenligin ko'rsetedi.

«Shayi'rdi'n' so'z yetiw obekti ken'. Wol poeziyani'n' mu'mkinshiligin toli'q an'g'arg'an halda, waqi't ha'm kenislik shegaralari'n buzi'p wo'tip tariyx penen bu'gingi ta'shwishlerdi tutasti'radi. Bunday forma B.Genjemuratovti'n' poeziyasi'nda haqi'yqi'y ko'rkem so'z benen birigip, pikir wo'tkirligi, tujirimli'li'g'i'n ele de artti'radi'. Shayi'r poeziyasi'ndag'i' ayri'qsha qubi'li's-wol so'zge, woni'n' ma'nisine itibar beredi. Basqa shayi'rlar tu'we wo'zinin' shi'g'armalari'ndag'i' ibaralar da taza qosi'qlari'nda isletilmeydi»[2].

Shayi'rdi'n' poeziyasi'ni'n' derlik ko'pshilik bo'legin yerkin qosi'qlar quraydi'. Bul woni'n' a'debiyati'mi'zg'a qosqan forma jan'ali'g'i' yesaplanadi'. Bunday qosi'qlarda shayi'rdi'n' yerkin pikirlewin, aytajaq woylari'n teren' an'law mu'mkin. Sonday-aq, ta'sir yetiw auditoriyasi'ni'n' ken' boli'wi'n ta'miyinleydi. Janrdi'n' talabi' da sog'an toli'q sa'ykes keledi. «Verlibr francuzsha vers – yerkin, libres – sher, qosi'q so'zlerinen ali'ng'an. Da'stu'riy qosi'q quri'li'si'ni'n' wo'lshemlerine bag'i'nbaytug'i'n lirika janri'. Verlibrdin' qatarlari'ni'n' buwi'n sanlari' ten' bolmay, uzi'nli'-qi'sqali' boli'p keliwi

[1]Есенов Ж. Тил-жүрек айнасы (Бахтыяр Генжемуратов поэзиясы мысалында). «Еркин Қарақалпақстан», 11-январь, 2014, №5.
[2] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Қарақалпақстан», 2004, 16-бет

mu’mkin, geyde bir so’zdin’ wo’zi de bir qatardi’ an’latadi’. Shayi’r wo’z pikirin yerkin beriw ushi’n qollanadi’»[1].

Qaraqalpaq a’debiyati’nda yerkin qosi’q formasi’nda jazi’lg’an qosi’qlar XX a’sirdin’ 60-ji’llari’nan baslap payda bola basladi’. A’lbette, bul qubi’li’sti’n’ payda boli’w sebebin qaraqalpaq poeziyasi’ wa’killerini’n’ do’retiwshilik islerinde jan’a jol, jan’a soqpaq tabi’wg’a umti’li’wshi’li’g’i’nan izlesek boladi’. Sol siyaqli’ qaraqalpaq klassik a’debiyati’nda A’jiniyazdi’n’ ha’m ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda I.Yusupovlar wo’z da’wirindegi poeziyag’a jan’a formalardi’ ali’p kelgenligi belgili. Yerkin qosi’q formasi’ da usi’nday bu’gingi ku’ndegi a’debiy process jemisi yesaplanadi’.

Bu’gingi ku’nde qaraqalpaq poeziyasi’nda yerkin qosi’q formasi’nda qosi’q do’retip belgili bolg’an shayi’rlar qatari’na Sh.Seytov, K.Karimov, J.Izbasqanov, S.Ibragimov, B.Genjemuratov, Sh.Ayapov, K.Reymovlardi’ atap wo’tiwge boladi. Usi’ qosi’q formasi’ni’n’ rawajlani’w bari’si’n usi’lardi’n’ shi’g’armalari’nda ko’riwge boladi’. Bunday shayi’rlari’mi’zdi’n’ yerkin qosi’q formasi’na ayri’qsha di’qqat awdari’wi’ a’debiyat teoritiklerini’n’ aldi’na yerkin qosi’q formasi’ni’n’ teoriyali’q ma’selelerin izertlew talaplari’n qoydi’. Qaraqalpaq poeziyasi’nda yerkin qosi’qti’n’ teoriyali’q ma’seleleri P.Nurjanovti’n’ “Da’wir talabi’ ha’m ko’rkem a’debiyat” (No’kis,1993) miynetinde, “Verlibr haqqi’nda woylar” ha’m “Saratan” maqalalari’nda, Q.Worazi’mbetovti’n’ “Yerkin qosi’q-talant si’nshi’si’” (“A’miwda’rya”,1992), “Ha’zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ evolyuciyasi’ ha’m tipologiyasi’” (No’kis,2004), Q.Yusupovti’n’ “Yerkin qosi’q qaraqalpaq a’debiyati’nda jan’ali’qpa?” (“Jas Leninshi”1991, 12-noyabr) izertlewlerinde ha’m W.Gaylieva, A.Dosi’mbetovalardi’n’ kandidatli’q dissertaciyalari’nda di’qqat bo’lindi[2].

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 33-34-бетлер.

[2] Гайлиева О. Ҳәзирги қарарақалпақ поэзиясында аралық формалардың жанрлық ҳәм формалық қәсийетлери (1970-2000 жыллардағы еркин қосық ҳәм насырый қосықлар): Канд. дис. Нөкис, 2006; Досымбетова А. Шаўдырбай Сейитов лирикасында көркем форма (дәстүрий ҳәм жаңа формалардың синтези, сүўретлеў усыллары, еркин қосықлардың формалық өзгешеликлери). Канд. дисс. Нөкис, 2008.

Yerkin qosi'q formada qosi'q do'retken shayi'rlardi'n' wo'z qosi'g'i'n woqi'w manerasi' da ha'r qi'yli', wolar bir-birinen keskin ayri'li'p turadi': birewleri jay temp penen woqi'sa, yekinshileri ko'terin'ki ruwx, ba'lent lapi'z, wo'zine ta'n intonaciyali'q qashi'ri'mlari' menen woqi'ladi'. Bizin'she, qosi'qti'n' prozadan, verlibrdin' tradiciyali'q formadag'i' qosi'qtan usi' jerde ayi'rmashi'li'g'i' keskin bilinedi[1].

Yerkin qosi'qtag'i' buwnaq, wo'lshem wo'zgeshelikleri ha'r bir tildin' ta'biyati'na baylani'sli' boladi', biraq qosi'qti'n' si'rtqi' ko'rinisi, ani'g'i' qosi'qti'n' qatarlarg'a bo'liniwi, qosi'q qatarlari'ni'n' mazmun talabi'na sa'ykeslenip "tekshelerge" bo'liniwi pawzag'a ayri'qsha itibar beriw, V.Mayakovskiy shi'g'armalari'ni'n' poetikasi'ni'n' ta'sirin ko'rsetedi – dep jazdi' wo'zbek ilimpazi' U.Tuychiev[2].

«…Yeger «qosi'q prozada bere almag'an sezimdi, tuyg'i'ni' sa'wlelendiriw mu'mkinshiligine iye» (L.N.Tolstoy) bolsa, yerkin qosi'q ko'pshilik jag'dayda da'stu'riy qosi'q formasi'nda bere almag'an woydi', pikirdi bere ali'w mu'mkin. Sebebi, wondag'i' formani'n' yerkinligi, uyqasti'n', i'rg'aqti'n' jaydarli'g'i' shayi'rg'a usi'nday mu'mkinshilik jaratadi'»[3].

B.Genjemuratovti'n' do'retiwshiliginde yerkin qosi'qlardi'n' a'jayi'p u'lgilerin ko'riw mu'mkin. Atap aytqanda, "Bir anani'n' balalari'na", "Sahra!-Tentekliktin' anasi'…", "Za'min tawdag'i' A'zim Su'yin ayti'mlari'", "Jeti babamni'n' ismin ayt, Jayhun!", "Sho'llegenmen pu'tin diydari'n'a", "Zer-zebil jawi'nda adasqi'm keler", "Isenemen", "Ko'n'il da'pterimde soraw belgisi «?»", "Jari'li's", "Sarg'i'sh japi'raqlardi'n' samallari'", "Shashlari'n'", "Gu'z sag'an usamayman" h.t.basqa qosi'qlari'nda yerkin qosi'qqa ta'n shayi'r aytajaq mazmuni'n yerkin bayanlaw, pikirdi u'lken da'rt, tolg'ani'slari' arqali' beriw a'sirese, B.Genjemuratovqa ta'n bati'lli'q, haqi'yqatli'q ha'm teren' ishki emociyani' ko'riw mu'mkin.

---

[1]Нуржанов П. Дәуир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993, 17-бет.
[2] Туйчиев У. Өзбек совет поэзиясида бармақ системасы. Т. 1962, 144-бет.
[3] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 54-бет.

Ha’r nazli’ qa’demin’e,
tas jollar tan’lanar,
tan’layi’n qag’i’p:
«Pah, pah, pah!...»
Anaw biz wo’kshenin’ qadalg’an worni’,
qi’di’g’i’n keltirer ko’gis taslardi’n’:
«Ah, ah…»
Tas qi’li’p jaratsa bizdi qudayi’m,
ju’rgen jollari’n’a to’seler yedim,
wo’kshelerin’di su’yip:
«Wah…»[1]

Shayi’rdi’n’ bul qosi’g’i’ ku’shli sezimge ha’m lirikali’q qaharmanni’n’ ishki ruwxi’y tolg’ani’slari’na bay. Wondag’i’ ha’r bir qatar, ha’r bir so’zde shayi’rdi’n’ su’ygen qi’zi’na bolg’an sag’i’ni’sh, muhabbat sezimi qa’lbinen lawlap ati’rg’an jali’n si’yaqli’ boladi’. Bunda sezimler gradaciyali’q usi’l arqali’ kem-kem ku’sheyip baradi’. Da’slep qi’zdi’n’ nazli’ qa’demi jollardi’ tan’landi’radi’, son’ ko’gis taslardi’n’ qi’di’g’i’n keltiredi. Al, son’i’nda lirikali’q qaharman su’ygeninin’ joli’na tas boli’p to’selip, wonin’ wo’kshelerin su’yiwdi qa’leydi. Demek, shayi’r bunday ishki ruwxi’y tolg’ani’sti yerkin qatarlarda beriw arqali’ qosi’qti’n’ ta’si’rliligin ku’sheytken. Yerkin qosi’qqa ta’n qosi’q qatarlari’nda buwi’n sanlari’ni’n’ ten’ligi saqlanbag’an. Bunnan shayi’rdi’n’ tiykarg’i’ wo’zgesheligi yag’niy wo’z qosi’qlari’n bir tempke barabar a’ste ju’riske qurmaydi’, sonli’qtan da wolardi’ bir dem menen woqi’p shi’g’i’w mu’mkin yemes. Soni’n’ menen birge, shayi’rdi’n’ wo’zinin’ qosi’g’i’n ko’rkem woqi’w usi’li’ bar. Bunda dawi’s tolqi’ni’ birese ko’terin’ki, birese tu’sin’ki boli’p, tu’rlishe do’nip turadi’.

Sam-saz a’tirap –
Zal u’nsiz…

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 134-бет.

Sam-saz japi’raq –
Tal u’nsiz…
qabag’i’nan qar jawar,
a’lip qa’wmet Daraqlar.

Tislenedi gerbishler,
jinko’zlener sharaplar:
“Shayi’r, g’a’let yettin’”,- der
“Shayi’r, qatti’ kettin’”,- der.[1]

Shayi’rdi’n’ «Tu’rkan woyda «Jeti qaraqshi’» g’a telmirip ... »[2] dep atalg’an qosi’g’i’ yerkin qosi’q janri’nda Watan temasi’n ha’m woni’ uli’g’law ideyasi’n wo’zinde sa’wlelendirgen.

Tu’rkan woyda «Jeti qaraqshi’» g’a telmirip,
uwayi’mlayman jurti’mdi’:
Topan suwdi’ umi’tqan, Nuw payg’ambardi’ umi’tqan,
yendi topan qum basatug’i’nan biyxabar,
Jurti’mdi’ uwayi’mlayman.

Bunda lirikali’q qaharaman wo’z jurti’n topan suw basi’wi’nan uwayi’mlaydi’ ha’m keleshegi haqqi’nda qayg’i’radi’. Sonday-aq, to’mendegi qatarlar arqali’ xali’qti’ birlikke, awi’zbirshilikte jasawg’a ha’m tuwi’lgan jer qa’dirin biliwge shaqi’radi’. Ma’selen:

Alti’ ag’a alalani’p awzi’ndag’i’ni’ aldi’rg’an jurti’m,
to’rt ini daralani’p, qag’anati’n jawg’a qaldi’rg’an jurti’m!
Qayi’q jasap, topan suwdan saqlap yedi Nuw payg’ambar,
topan qumda jani’n’a arasha tu’ser kimin’ bar!?

«Qutadg’u bilig» tin’ qa’dirin bilmey,

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 94-бет.
[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 44-бет.

kesapati'na giriptar bolgan jurti'm.

Shayi'r bunday ideyani' beriwde yerkin qosi'q formasi'ni'n' mu'mkinshiliklerinen bari'nsha sheber paydalang'an. Yerkin qosi'qqa ta'n so'zlerdi'n' qaytalani'wlari', qatarlardi'n' bir sistemag'a bag'i'nbay tez-tez si'ni'p turi'wi', bir woy juwmag'i'ni'n' bir qatarda tamamlanbay, 2-3-qatarlarda da beriliwi, buwi'n sanlari'ni'n' saqlanbay ha'r qi'yli' boli'wi' ushi'rasadi'. Sonday-aq, ha'r bi'r qollani'lg'an so'zge jan yendirgendey, ta'sir yetiwi ju'da' ku'shli, woqi'g'an adamni'n' kewline teren' woy saladi'. Mi'sali', joqari'da keltirilgen qa'siyetlerdi wo'zinde ja'mlegen shayi'rdi'n' "Jaqsi' adamlardi'n' ju'regi…"[1] qosi'g'i' shayi'r T.Ma'tmuratovti'n' yesteligine arnalg'an.

Mashi'nlar qag'i'ssa To'rtku'l ko'shede - 11
Na'kas aytar ku'lip: "a'ne, keregi!" – 11
Biraq, - 2
jaralani'p - 4
qalar desedi - 5
i'n'i'rani'p… - 4
Jaqsi' adamlardi'n' ju'regi… - 9

Turmi's - 2
shadli'q – g'ami'n ten'dey a'keler… - 9
Wonda dos-yaran ko'p, tez-tez keledi. - 11
Sawli'q bolmasa da - 6
qadaq ko'terer, - 6
Jaqsi' adamlardi'n' ju'regi… - 9

Ko'rip turg'ani'mi'zday, B.Genjemuratovti'n' bul qosi'g'i' belgili bir wo'lshemge tu'speydi. Buwi'n sanlari' da pikirdin' beriliwine qarap, geyde ko'terin'ki, geyde tu'sin'ki boli'p ten' kelmeydi. Yerkin qosi'qta intonaciya, logikali'q woy, meditativlik pikir wog'ada u'lken rol atqaradi'. Yerkin qosi'q

---

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 21-бет.

formasi'nda jazi'lg'an qosi'qti'n' jaqsi' shi'g'i'wi' shayi'rdi'n' ko'p izleniwinen g'a'rezli. Biraq, soni' atap wo'tiwimiz kerek, ko'rkem so'z sheberinin' woylawi'ni'n' psixologiyali'q wo'zgesheligi, keypiyati' bul qosi'q formasi'n do'retiwde u'lken rol woynaydi'.

B.Genjemuratov yerkin qosi'qlari'na ta'n wo'zgesheliklerdin' biri ta'kirarlani'wlardi'n' paydalani'li'wi' boli'p yesaplanadi'. Ayi'ri'm so'zlerdin', so'z dizbeklerinin', qatarlardi'n' ta'kirarlani'wi' qosi'q mazmuni'n' ashi'p beriwge ja'rdemlesedi. Shayi'r ta'kirarlawlar arqali' lirikali'q qaharmanni'n' keypiyati'n jetkerip beredi. Qaharmanni'n' sezimlerinin' ku'shliligin ko'rsetedi. Qosi'qta ayi'ri'm so'zlerdi, so'z dizbeklerinin' qayta-qayta ta'kirarlani'wi' na'tiyjesinde sol so'zlerge ayri'qsha itibar beriledi. Qosi'q mazmuni'ni'n' ideyasi'n ani'qlaytug'i'n so'zge logikali'q pa't tu'sip, ta'kirarlawlar woqi'wshi'g'a u'lken ta'sir ko'rsetedi.

Sarg'i'sh japi'raqti'n' samallari'
miyzani'n' Sali'p ketti ju'regime,
qi'rawlati'p ketti qa'lbimdi...
Ba'lkim,
sa'l ton'di'ri'p
          ketkendur
                    senin' de
ju'regin'di
son'g'i' ushi'rasi'wdi'n' samallari'…
          sentyabr samallari'...
Yesimde –
          ga'rdishli basi'lg'an qa'demler...
Japi'raqlar tas jolda shashi'lar yedi.
Gu'z pasli'nday
          hu'wlep
                    qaldi' kewlimde
sol demler.

Tallar arasi’nan asi’g’ar yedi,
sag’an ha’m mag’an
son’g’i’  xoshlasi’wdi’n’ samallari’...
sentyabr samallari’...[1]

Bunda tiykarg’i’ di’qqat awdari’li’p turg’an “samallari’” ha’m “sentyabr samallari’” so’zleri’ qaytalani’wi’ arqali’ intim lirikasi’ni’n’ qasiyetlerin ku’sheytip lirikali’q qaharmanni’n’ ishki tolg’ani’slari’n bere alg’an ha’m woqi’wshi’da estetikali’q sezimlerdi woyatadi’.

B.Genjemuratov lirikasi’nda yerkin qosi’qlar ayri’qsha lirikali’q forma boli’p, wolarda forma yerkinligi arqali’ mazmun yerkinligi ju’zege shi’g’ari’lg’an. Shayi’r yerkin qosi’qlardi’n’ qaraqalpaq poeziyasi’nda massali’q tu’s ali’wi’na, poeziyami’zdi’n’ formali’q jaqtan bayi’wi’na salmaqli’ u’les qosti’.

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 100-бет.

## 1.2. B.Genjemuratov poeziyasi'nda formali'q janrlar (to'rtlikler, beslikler, alti'li'qlar, segizlikler, wonli'qlar, du'rkinler, muashshaqlar, sonet ha'm yen' kishi lirikali'q formalar)

B.Genjemuratov do'retiwshiligi formali'q jaqtan ha'r tu'rliligi menen aji'rali'p turadi'. Wonda poetikali'q sheberlik, a'debiy baylani's ha'm du'nya a'debiyati' ta'siri ko'rinedi. Sebebi, shayi'r ha'r bir poeziyasi'nda til mu'mkinshiliklerin sheber paydalani'p, woni'n' (so'zdin') ta'sirshen'lik da'rejesin ku'sheytken. Wo'ytkeni, shayi'r wo'zinin' ishki ruwxi'y du'nyasi'n poetikali'q qatarlarda turmi's haqi'yqatli'g'i' menen teren' baylani'sti'ri'p su'wretlegen. Sonday-aq, du'nya a'debiyati' g'a'ziynesinen a'jayip ulgilerdi qaraqalpaq tiline awdari'p, wo'z do'retiwshiligin ha'r ta'repleme rawajlandi'rdi'. Bati's ha'm Shi'g'i's a'debiyati'ni'n' ta'siri na'tiyjesinde shayi'r do'retiwshiliginde formali'q ha'm mazmunli'q ren'baren'likti ko'riwge boladi'.

Qa'legen ko'rkem shi'g'armani' talqi'lawg'a tartqanda wondag'i' mazmun ha'm formani'n' woqi'wshi'g'a estetikali'q ta'siri, woqi'wshi' sanasi'na, ruwxi'yati'na kirip bara ali'wi', qabi'l yetiw wo'zgeshelikleri ken' tu'rde ashi'p berilse, wonda izertlew wo'z maqsetine yerisken boladi'. Bul usi'ldi' strukturalizm metodi'na tiykarlani'p a'melge asi'ri'w mu'mkin. Ko'rkem shi'g'armani' usi'layi'nsha woqi'wshi' na'zerinen ha'm ilimiy ko'z – qarastan ali'p teren' talqi'law poeziyali'q shi'g'armalarg'a sa'ykes keledi. Sebebi, poeziya, lirika insandag'i' quramali' ruwxi'y process aqi'betinde woni'n' individual, ja'miyetlik – social negizlerine qari'si'p do'retilgenligi sebepli woni' tu'siniw, qabi'l yetiw de quramali' process. Biz bul bo'liminde B.Genjemuratov poeziyasi'ndag'i' formalardi'n' janrli'q wo'zgesheliklerine toqtar yekenbiz, wonda belgili sol forma ha'm mazmun arqali' sa'wlelendirilgen qosi'qta shayi'r woqi'wshi'g'a nelerdi aytpaqshi' bolg'anli'g'i'n analizlewge ha'reket yetemiz.

"Mazmun ha'm forma birligi – biz bul termindi tez – tez qollanami'z. Biraq woni'n' ani'q ma'nisi haqqi'nda woylanbastan – aq qollana beremiz! Biraq

poeziya ushi’n bul birlik ayri’qsha a’hmiyetke iye. Poeziyada woni’n’ barli’q elementi mazmun boli’p yesaplanadi’, ha’r bir ha’reketi, formani’n’ arzi’mag’an ha’r bir elementi de mazmundi’ quraydi’, woni’ an’latadi’: wo’lshem uyqasti’n’ jaylasi’wi’ ha’m ha’reketi, ug’umlardi’n’ ha’m qatarlardi’n’ wo’z ara sa’ykesligi, so’zlerdin’ ha’m ga’plerdin’ uzi’n yamasa qi’sqali’g’i’ ha’m basqalari’. Poeziyani’ haqi’yqi’y tu’rde tu’siniw woni’n’ mazmuni’n tu’siniw degen so’z – bul so’zdin’ tar, ku’ndelikli turmi’sli’q yemes, toli’q ma’nisinde. Mazmundi’ tu’siniw woni’ jetkeretug’i’n sa’ykes formada g’ana a’melge asi’ri’ladi’”[1]

Si’rtqi’ formasi’ boyi’nsha janrli’q wo’zgesheliklerine qaray biz shayi’r B.Genjemuratovti’n’ poeziyasi’nda yen’ kishi janrli’q formalardan baslap bu’gingi ku’nde a’debiyati’mi’zda ushi’rasatug’i’n, sintezlenip bizge jetip kelgen janrli’q formalardi’n’ bar yekenligin ani’qladi’q.

B.Genjemuratov poeziyasi’nda to’rt qatarli’ qosi’qlar wo’z aldi’na ushi’rasi’p, wolarg’a shayi’r to’rtlikler dep aydar tag’i’p atama qoymasa da wondag’i’ sa’wlelengen mazmun to’rtliklerdin’ janrli’q talaplari’na toli’q juwap beredi. Woni’n’ to’rtliginde muhabbat, kishipeyillik, dosli’q, xali’qti’ qa’dirlew, adamgershilik, talant, a’dep – ikramli’li’q, qullasi’, wo’mir haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q woylar wori’n alg’an. Shayi’r buri’nnan kiyati’rg’an jasaw, wo’mir haqqi’ndag’i’ pikirlerge, adamni’n’ wo’mirde jasawi’ni’n’ mazmuna baha beredi.

To’rtlikler qaraqalpaq a’debiyati’nda ken’ taralg’an qosi’q tu’ri. Wonda shayi’r ta’repinen ayti’lajaq woy-pikir to’rt qatarg’a ja’mlengen boladi’. Qaraqalpaq a’debiyati’nda to’rtlik ha’m rubayi’, wolardi’n’ uqsasli’q ha’m ayi’rmashi’li’qlari’ haqqi’nda ilimpazlar ta’repinen bir qansha pikirler ayti’lg’an.

---

1. Etkipd E.G. Materiya stixa. S,Pb “Gumanitarni’y sonos”, 1998. Yeskertiw: Silteme Q.Orazi’mbetovti’n’ “Ha’zirgi qaraqalpaq lirikasi’nda ko’rkem formalardi’n’ evalyuciyasi’ ha’m tipologiyasi’” (N: “Bilim”, 2004 35-bet) miynetinen ali’nda.

To'rtlikler qaraqalpaq a'debiyati'nda ken' tarqalg'an. Woni'n' a'jayip u'lgileri T.Jumamuratov, I.Yusupov, K.Rahmanov, J.Izbasqanov, K.Rarimov, B.Genjemuratov h.t.basqalardi'n' do'retiwshiliginde ushi'rasadi'.

Solardan shayi'r B.Genjemuratov do'retiwshiliginde to'rtlikler ideyali'q-tematikali'q, janrli'q jaqtan wo'zinsheliklerge iye. Shayi'rdi'n' "Saylandi' shi'g'armalar" (2012) toplami'na kirgen "Futbol tobi' tuwrali' to'rtlikler" atamasi'ndag'i' qosi'qlari' bul janrdi'n' qa'siyetlerin wo'zinde ja'mlegen. Bul to'rtlikler shayi'rdi'n' da'slepki "Aptapti'n' wo'miri" (1987) toplami'nda "Futbol tobi'na jazi'li'wi' tiyis rubayi'lar" atamasi'nda berilgen. Bunday atamadag'i' stillik wo'zgeshelik janrdi'n' teoriyali'q jaqtan analizlew ta'sirinde bolsa kerek. Sebebi, rubayi'lar qaraqalpaq a'debiyati'na ta'n yemes qubi'li's boli'p, wol aruz wo'lsheminde jazi'ladi'. Al, a'debiyati'mi'zdag'i' to'rtlikler barmaq wo'lshemine tiykarlang'an.

- Hesh kimge payansi'z top, «ala yekensen'!» -
Desem, ju'rek bawi'ri'm jara yekensen'.
Qi'ri'q to'rt ayaqtan ku'nde tepki jep
sorlag'an man'layi' shor g'ana yekensen'.

* * *

Pa'lenshe tepti me – ushi'p barati'rsan'.
To'lenshe tepti me – ushi'p barati'rsan'.
Ja'ne kim tebedi – ta'gdirin' gu'n'girt.
Wo'zi isken g'a'rip – Isip barati'rsan'[1].

Bunda simvolikali'q su'wretlewler, yag'niy, top arqali' wo'mirde biyligi wo'z qoli'nda yemes, basqalardi'n' aytqani' menen ju'retug'i'n insanlar obrazi'n bergen. Bul to'rtlikler ideyali'q-tematikali'q jaqtan bir-birine baylani'sli', biri yekinshisin toli'qti'ri'p, ayti'lajaq woy-pikirdi yelede teren'lestiredi.

---

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 87-бет.

To’rtliklerdin’ wo’zine ta’n wo’zgesheliklerdin’ biri filosofiyali’q pikirlerdi teren’ ha’m tuji’ri’mli’ yetip beriwinde. Sebebi, to’rtlikte sezimnen go’re pikir ani’g’i’raq ko’riniwi sha’rt. To’rtliktin’ janrli’q ta’repten qa’siyeti de usi’ni’ talap yetedi. Sonli’qtan to’rtliklerde formali’q si’pattan go’re mazmunli’q ta’repi basi’m yekenligi ko’rinedi. Mi’sali, shayi’rdi’n’ “Biykarlaw” to’rtliginde:

Saatqa uqsag’anni’n’
Barli’g’i’ saat yemes.
Qanatqa uqsag’anni’n’
Barli’g’i’ qanat yemes…[1]

Demek, bul to’rt qatarg’a u’lken filosofiyali’q ma’ni ju’kletilgen. Wonda shayi’r saat ha’m qanat arqali’ insanni’n’ haqi’yqi’y insani’yli’q qa’siyetleri, si’rtqi’ ta’repine qarap jaqsi’ degenni’n’ barli’g’i’ jaqsi’ yemes, jaman degennin’ barli’g’i’ jaman yemes dep, woni’n’ qanday insan yekenligi ishki kewil du’nyasi’n biliw arqali’ a’melge asatug’i’nli’g’i’n aytpaqshi’day ko’rinedi.

To’rtliklerde lirikali’q qaharmanni’n’ turmi’stan ya’ki bolmasa wo’mirde ushi’rasatug’i’n belgili bir ha’diyselerden ta’sirleniwi, wog’an wo’zinin’ qatnasi’n bildiriwi yemes, al wolar haqqi’nda pikirleri toplani’wi’ tiyis. Mi’sali’,

Ishti, jedi, kiydi gu’nakar bende –
shahlarsha jasadi’, al neni utti’?
Insapti’ jog’altti’, biraq keyninde
qarako’k aydarha du’nyani’ jutti’[2].

Demek bul to’rt qatarda shayi’rdi’n’ du’nyani’ i’srapli’ jumsap ati’rg’an, shahlarsha jasap, insapti’ jog’altqan adamlarg’a qarata pikirleri ja’mlengen.

Shayi’r do’retiwshiliginde ritorikali’q soraw formasi’na do’retilgen to’rtliklerdi de ushi’ratiwg’a boladi’.

Aq qoy bar, qara qoy bar.

---

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 131-бет.
[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 128-бет.

Nege joq appaq tu'ye?!
Haq woy bar, qara woy bar,
Nege joq appaq ku'ye?!

A'debiyatta pikirdi ritorikag'a quri'w ayri'qsha a'hmiyetke iye. Sebebi, ritorika – bul tek soraw yemes, juwabi' da woni'n' arti'nda jasi'ri'ni'p atadi'. Ritorikag'a quri'lg'an shi'g'armalar woqi'wshi'lardi' woylani'wg'a, izleniwge ma'jbu'rleydi[1].

Beslik qosi'q formasi' qaraqalpaq a'debiyati'nda ju'da' siyrek ushi'rasadi'. Beslik qosi'qlar muxammesler menen birdey formali'q wo'zgeshelikke iye. Biraq, muxammeslerde bes qatarda, yag'ni'y bir ba'ntte sa'wlelengen mazmun qosi'qti'n' kelesi ba'ntlerinde de dawam yetedi. Al, beslikler to'rtlikler si'yaqli' juwmaqlang'an mazmundi' ja'mlestiredi. Ha'zirgi qaraqalpaq poeziyasi'nda muxammes tematikasi' boyi'nsha da, formasi' boyi'nsha da wo'zinin' kelip shi'g'i'w wozgesheliginen biraz wo'zgeriske ushi'rag'an halda ko'plep qollani'ladi'.

B.Genjemuratov poeziyasi'nda siyrek bolsa da beslik janrdi' ushi'ratami'z.

Suli'w si'ypalamay So'zlerdin',
Pan'qi'ldaq odalardi'n'
ushi'ri'p jiberdi hu'rreyin
ju'reklerin jari'p jiberdi
qanjarday qayi'ri'lg'an Qosi'qlar[2].

Beslik uyqasi' boyi'nsha a – a – b – v – g formasi'nda yag'ni'y turaqsi'z, aralas uyqas. Soni'n' menen birge buwi'n sanlari' da turaqli' yemes. Yag'ni'y, yekinshi qatar 7 buwi'nnan ibarat, al qalg'an qatarlar 9 buwi'nnan turadi'. Besliktin' mazmuni' "poeziyami'zg'a yerkek ji'ni'sli'" shi'g'armalar za'ru'r degen ideyani' wo'zinde ja'mlestirgen.

Alti'li'qlar B.Genjemuratov do'retiwshiliginde ha'r qi'yli' mazmundi' beriwde u'lken xi'zmet atqaradi'. XX a'sirdin' son'g'i' 30-ji'llari'ndag'i'

---

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 80-бет.

[2]Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 131-бет.

qaraqalpaq lirikasi'nda kishi lirikali'q formalardi'n' tu'rleri bolg'an alti' qatarli' qosi'qti' Evropa a'debiyati'nda «секстина», wori's a'debiyati'nda «шестистишие» dep ataw qa'liplesken. Al, Tu'rkiy ha'm Shi'g'i's xali'qlari' a'debiyati'nda alti' qatarli' qosi'qlar «musaddas» degen atama menen ataladi'.

Qaraqalpaq a'debiyati'nda alti'li'q formasi'nda yen' da'slepkilerden boli'p qosi'q do'retken shayi'rlardi'n' biri X.Turi'mbetov. Wol 1958-ji'llari'-aq bul formada qosi'q jazi'p, woni' alti'li'qlar degen atama menen atap qosi'qlar toplami'nda ja'riyaladi'.

Birewler qi'yalshi'l! Bug'an ne dersen'?
Uyqi'lap jati'p ayg'a da qol sozadi'.
Birewler maqtanshaq! Wog'an so'z bersen':
«Wol jen'impaz, wol ha'mmeden wozadi'»
Al men usi'nday adamdi' ko'rsem,
Ji'g'i'ldani'm qaynap, «ji'ni'm qozadi'» [1].

Al, bu'gingi ku'ni qaraqalpaq a'debiyati'nda alti'li'qlar K.Rahmanov, J.Izbasqanov, S.Ibragimov, B.Genjemuratov h.t.b shayi'rlardi'n' do'retiwshiliginde ushi'rasadi'.

"… alti'li'qlardi'n' da tematikasi' da yerkin. Wonda to'rtlikler qusap filosofiyali'q, intelektualli'q pikirlew de, muhabbat haqqi'nda ilahiy sezimlerdi beriw de, tuwi'lg'an jer haqqi'nda pikirlew de ha'm t.b. qatnasi'wi' mu'mkin"[2].

B.Genjemuratovti'n' alti'li'qlari' da joqari'da keltirilgen pikirimizdi da'lilleydi. Shayi'rdi'n' wo'z qosi'qlari'nda woy-pikirdi yerkin beriw usi'li' woni'n' alti'li'qlari'nda da ushi'rasadi'. Sonday-aq, si'rtqi' formasi' da yerkin qosi'qqa quri'lg'an. Mi'sali', shayi'rdi'n' "Debdiw"[3] qosi'g'i'nda;

Million ji'l ko'kireginde saqlag'an da'rtin
tawlar jari'li'p shi'g'arar, jani'p shi'g'arar.
Bultlar heshkimge aytpag'an da'rtin

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 81-бет.
[2] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 83-бет.
[3] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 40-бет.

gu’rkirep shi’g’arar, ji’lap shi’g’arar.
Du’nya bunsha sherli bolg’ani’ nesi?!
Men qa’ytip jari’layi’n, qayti’p janayi’n?!

“Debdiw” so’zine “ishtegi da’rt, ku’yik, qayg’i’, sher, a’rman”, - dep qaraqalpaq tilinin’ tu’sindirme so’zliginde (II tom) ani’qlama beredi. Demek, bul alti’li’qta lirikali’q qaharmanni’n’ du’nyag’a, uluwma ja’miyetke bolg’an qarasi’, ishindegi da’rti, qi’ynali’w sezimleri berilgen. Shayi’r janlandi’ri’wlardi’ parallel tu’rde sheber beriwi arqali’ insanni’n’ ishki ruwxi’yati’n sa’wlelendirgen. Kewildegi da’rtin tawlar jari’li’p, jani’p, al bultlar gu’rkirep shi’g’arsa, insanlar qanday qi’li’p shi’g’ari’w kerek dep soraw qoyadi’.

B.Genjemuratovti’n’ “Sawap is”[1] dep atalag’an alti’li’g’i’nda “Mi’n’ da bir sawapdur shi’narday terbelmek sayaman boli’p” degen metafora arqali’ insanlardi’n’ bir-birine jaqsi’li’q yetiw ma’selesi so’z yetiledi.

Ag’a bolg’i’m kelmeydi aqi’ydalarg’a .
Ati’n arqalag’i’m kelmes aqi’ydalardi’n’
qosshi’si’ boli’p.
Mi’n’ da bir sawapdur shi’narday terbelmek
sayaman boli’p
sahrayi’ ju’reklerde...

Uluwma alg’anda, shayi’r do’retiwshiliginde alti’li’qlardi’n’ ideyali’q-tematikali’q jaqtan yerkin formag’a quri’lg’anli’g’i’n ko’riwge boladi’.

Segizlikler Evropa a’debiyati’nda Oktava, tu’rkiy ha’m shi’g’i’s xali’qlari’ a’debiyati’nda musamman dep ju’ritiledi. Qaraqalpaq a’debiyati’nda segizlikler qatan’ sha’rtlilikke iye yemes. Uyqaslari’, wo’lshemleri ha’r qi’yli’ boli’p keledi. Bul qa’siyet oktavag’a da, musammang’a da ta’n boli’p, wolar jekke hali’nda da, bir neshe ba’ntti’ ji’ynap ta bir pu’tin shi’g’arma bola aladi’.

[1] Генжемуратов Б. Саратан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 7-бет.

B.Genjemuratov poeziyasi’nda segizlikler ko’plep ushi’rasadi’. Woni’n’ segizliklerinin’ janrli’q wo’zgesheliklerinin’ biri wolardi’n’ muashshaq formada beriliwi yesaplanadi’. Tematikasi’ da ju’da’ ken’ boli’p, wonda muhabbat, iyman – insap, ta’biyat ko’rinisleri, sag’i’ni’sh ha’m tag’i’ basqalardi’ ji’rlawg’a bag’i’shlang’an.

Hayranman. Ko’zdin’ ta’g’diri – ku’lmek, ji’lamaq.
Al, la’bler biyopaday tuyi’ladi’ mag’an.
Wo’mirim – ag’i’p ati’rg’an da’ryadan ibarat.
Sezimnin’ shi’n’lari’nan baslanar sag’am.
Bizler ayti’lmag’an da’rtli ji’rdaymi’z.
Delbemen bir na’rseni, biraq, bilmege:
«Ko’zde jas qalmag’ansha nege ji’laymi’z?!
Ko’zden jas aqqansha ku’lemiz nege?!»[1]

Lirikali’q qaharman kewlindegi du’nyani’n’ si’rli’ jumbaqlari’na, sheshimi joq ma’selelerine qarata pikirleri bul segizliginde wori’n alg’an.

Shayi’r segizliklerinde usi’ si’yaqli’ ta’g’dir, insan, wo’mir haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q pikirlerdin’ ko’rkemlenip beriliwi menen birge i’shqi’ – muhabbatti’ sa’wlelendiretug’i’n segizlikleri basi’m wori’ndi’ iyeleydi.

Shayi’rdi’n’ ko’pshilik segizlikleri muashshaq formada berilip, wonda muhabbat ha’m arnaw temasi’ basli’ wori’ndi’ iyeleydi. Ma’selen, «Qaraqalpaqstan jaslari’» gazetasi’ni’n’ 2000-ji’li’ 27-aprel sani’nda B.Genjemuratovti’n’ «Nawri’z samallari’» degen atamada muashshaqlar du’rkini ja’riyalandi’[2]. Bul du’rkinge avtor «Shu’kir...», «Tu’sindir wo’zin’», «Juwap ber», «Wo’tinish», «Soraw», «Titanik qosi’g’i’n ja’ne bir aytti’r», «Nazli’ ku’lkin’ qalsi’n», «Siz mag’an isenben’...», «Aytshi’...» dep atalatug’i’n tog’i’z muashshag’i’n kirgizgen. Solardan, «Shu’kir...», «Nazli’ ku’lkin’ qalsi’n» muashshaqlari’ segiz qatardan ibarat boli’p, Gu’listan, Genjexan ismleri

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 58-бет.
[2] Генжемуратов Б. Наўрыз самаллары (акростихлер дүркини) // «Еркин Қарақалпақстан», 2000, № 17, 27-апрель.

kelip shi’g’adi’. «Juwap ber» atamasi’ndag’i’ Gu’listan ismi kelip shi’g’atug’i’n qosi’g’i’ ha’zil mazmuni’nda jazi’lg’anli’g’i’ menen aji’rli’p turadi’. Ma’selen:

Gu’la’bi qawi’nday shiren’ tami’p tur,
U’h! Yernin’, ko’zlerin’ ne dep jani’p tur?!
«Lawlap wo’rtenbeske qoymaspan!» dey me,
İsen, ku’lim qaldi’... Bul shi’n-ani’qdur.
Sa’ten’ murtli’, murtsi’z ha’m saqalli’lar,
Toli’ g’oy a’tirapi’n’, wolar nag’i’p ju’r?!
Arsi’z sag’al yan’li’ jalan’qaya bir zat,
Na’yleyin, qa’lbimde qan’si’lap shawi’p ju’r...[1]

Qosi’qta ishki sezimler jen’il ku’lki, ha’zil-da’lkek so’zler menen qari’si’p ketken. Bul haqqi’nda professor Q.Worazi’mbetov «A’sirese, woni’n’ «Gu’listan» ha’zil muashshag’i’ ju’da’ jen’il woqi’ladi’»[2] dep pikir bildiredi.

Uluwma, shayi’rdi’n’ segizliklerinde mazmunli’q ha’m formali’q jaqtan ko’rkem izleniwshen’liktin’ gu’wasi’ bolami’z.

Wonli’qlar shayi’r B.Genjemuratov do’retiwshiliginde ha’r qi’yli’ formada ushi’rasadi’. Wolardi’n’ ayi’ri’mlari’ yerkin formada yag’niy, yeki bes qatarli’ shuwmaqtan, da’slepki yeki shuwmag’i’ to’rt qatardan keyingi shuwmaq yeki qatardan ibarat boli’p ha’m muashshaq formada da ushi’rasadi.

Shayi’r wonli’qlari’ 11 – 12 buwi’nli’ qatarlar menen birge 7 buwi’nli’ formada da keledi. Uyqas jup uyqas formasi’nda. A’dette, shayi’r wonli’qlari’nda da’slepki juwmaqti’n’ birinshi qatari’, yag’ni’y, birinshi jup qatari’ni’n’ uyqasi’ yen’ son’g’i’ qatarlarda ta’kirarlani’p keledi. Mi’sali’,

«Yele ko’p wotlarg’a tu’sersen’, uli’m»,
tamshi’lap suw sepken qarli’g’ashlardi’n’
wo’rtti wo’shire almay ku’yer qanati’.
Taslardi’ jandi’rg’an aqi’ret – jali’nnan
bir shi’mshi’m jipektin’ hasi’l mami’g’i’n

---

[1]Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 75-бет.
[2]Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 44-бет.

suymuri’q qus aman ali’p shi’g’armi’sh:
ko’zin’di jumg’ani’n’ – ju’rimin’ barli’g’i’.
Wotta jani’p ketken qarli’g’ashlardi’n’
ku’yigi bawi’ri’n’di’ ka’bap qi’ladi.
«Yele ko’p wotlarg’a tu’sersen’, uli’m»[1]

Sonday-aq, shayi’r do’retiwshiliginde muashshaq formada jazi’lg’an “Wo’zin’! Sen!”[2] qosi’g’i’ professor Quwani’shbay Worazi’mbetovti’n’ ilimdegi a’jayip worni’n, qosi’q quri’li’si’ boyi’nsha ali’p barg’an jumi’slari’n sonday-aq, a’debiy si’ndag’i’ ko’rsetken xizmetleri usi’ wonli’qta wo’z sa’wleleniwin tapqan Mi’sali’,

Qosi’qti’n’ si’rlari’n xali’qqa uqti’rg’an,
Uqti’ri’wshi’ ali’m jalg’i’z wo’zin’sen’!
Wa’dwa’si’l shayi’rlardi’ Atqa qaqti’rg’an,
Arshi’l Alpami’ssan’ So’zde – sezin sen!
Nag’i’si’n keltirip Tu’sinik degenin’,
Is basqan Alti’ndi’ artqan wo’zin’sen’.
Shayi’r qosi’g’i’ atli’ Si’rli’ Kemenin’,
Bati’r Bocmani’san’ – obrazli’ sezinsem…
Asqar Poeziyani’n’ ayazli’ gezin sen,
Yoshli’ Saratang’a aylandi’rar wo’zi’n’! Sen!

Uluwma alg’anda, shayi’r do’retiwshiliginde wonli’qlar azi’-kem ushi’rassa da, wonda ideya-tematikali’q ha’m formali’q ta’repten jetiskenliklerdi ko’riwge boladi’.

Lirikali’q du’rkinler ha’zirgi waqi’tta a’debiyatshi’lari’mi’z ta’repinen yendi u’yrenilip ati’rg’an janrli’q forma boli’p yesaplanadi’. Lirikali’q du’rkinler mazmuni’ ha’m ideyasi’ jag’i’nan jaqi’n bir topar qosi’qlardan du’zilip, bir atama asti’na birlestirilgen forma boli’p yesaplanadi’.

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 83-бет.
[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 96-бет.

Lirikali’q shi’g’armalardi’ formali’q jaqtan bir du’rkinge birlestiriw du’rkinlestiriwdin’ tiykarg’i’ principlerinin’ biri. Bunday du’rkinlerde tematikali’q birlik te saqlanadi’. İdeya-tematikali’q jaqtan birikken du’rkinlerde ha’r qi’yli’ formali’q wo’zgeshelik gezlesedi. Ma’selen, shayi’r S.İbragimovti’n’ “Yel ha’m jer bilendur, Jer ha’m yel bilen” du’rkini tuwi’lgan jer, woni’n’ qa’dir-qi’mbati’, ekologiyali’q mashqala haqqi’ndag’i’ u’sh qosi’qtan du’zilgen. Da’slepki yeki qosi’q to’rt qatarli’ da’stu’riy qosi’q u’lgisinde jazi’lg’an, al son’g’i’ u’shinshi qosi’q yerkin qosi’q tu’rinde jazi’li’p, bunda shayi’r wo’zinin’ woy-tolg’ani’slari’n yerkin formada yele de ko’rkem, obrazli’ jetkere alg’an. Demek, ideya-tematikali’q jaqtan birikken du’rkinlerde formali’q du’rkinlerge qarag’anda mumkinshilik, yerkinlik ayqi’n seziledi. Son’g’i’ da’wirlerde qaraqalpaq lirikasi’nda formali’q jaqtan du’rkinlesiw a’dewir rawajlandi’. A’debiyati’mi’zdag’i’ bunday qubi’li’s shayi’rlari’mi’zdi’n’ ko’rkem izlenislerinin’, poetikali’q sheberliginin’ arti’wi’nan da’rek beredi. Ma’selen, Sh.Seytovti’n’ “Go’ristandag’i’ gu’birliler” yerkin qosi’qlar du’rkini, A’.Wo’tepbergenovti’n’ muxammesler du’rkini h.t.b. buni’n’ da’liyli.

Shayi’r B.Genjemuratovti’n’ do’retiwshiliginde du’rkinlestiriw “Saratan” (1990), “Woq qadalg’an ay” (1995), “Ukuzdaryo bitiklari” (wo’zbek tilinde 2006, 2007-jillar) ha’m “Saylandi’ shi’g’armalar” (2012) toplamlari’nda ushi’rasadi’. Mi’sali’, shayi’rdi’n’ 2012-ji’li’ shi’qqan “Saylandi’ shi’g’armalar” toplami’ “Mag’an yar bolg’aysan’, pa’rwardigari’m”, “Sen menin’ taji’m – taqti’m”, “Wo’giz da’rya bitikleri”, “Bir tu’sinikke si’ymaydi’ du’nya”, “Limonni’n’, almani’n’ ha’m qardi’n’ iysi”, “Jalg’i’zdi’ jaratpa taslardi’ jarat!”, “Si’zi’qlarg’a jayg’aspaydi’ ses”, “Setyabr samallari’”, “A’lwidah, perishtem, a’lwidah”, “Qa’lbimde ayaz bar alti’n kelbetli”, “Ju’regimde sayraw baslandi’”, “Ayli’ tu’nge qaytaman yendi” siyaqli’ won yeki du’rkinnen ibarat. Ha’r bir bo’limdegi berilgen poeziyali’q du’rkinler mazmuni’ ha’m ideyali’q-tematikali’q jaqtan bir-biri menen baylani’sli’ teren’ ideyag’a quri’li’p, shayi’r do’retiwshiliginin’ evolyuciyali’q wo’siwshilik jollari’n ha’m talanti’n an’lati’p turg’anday seziledi. Sonday-aq, shayi’r do’retiwshiliginde lirikali’q

du’rkinlestiriwdegi ja’ne bir wo’zgesheliklerinin’ biri – akrostixler du’rkini boli’p yesaplanadi’. Bul boyi’nsha jumi’sti’n’ keyingi bo’limlerinde so’z yetiledi.

Muashshaqlar (Akrostixler) B.Genjemuratov do’retiwshiliginin’ tiykarg’i’ wo’zgesheligi boli’p yesaplanadi’. Ha’zirgi qaraqalpaq a’debiyati’nda ko’rkem formalar boyi’nsha arnawli’ tu’rde izertlew jumi’si’n ali’p barg’an Q.Worazi’mbetov muashshaqlar haqqi’nda: «Muashshaq Shi’g’i’s poeziyasi’nda ken’ tarqalg’an lirikali’q forma. Qosi’qtag’i’ qatar, ba’yit yaki bas ha’riplerinin’ ji’yi’ndi’si’nan adamni’n’ ati’, so’z, atama yamasa na’zerde tuti’lg’an ug’i’mdi’ keltirip shi’g’aratug’i’n qosi’q. Teoriyali’q ha’m enciklopediyali’q a’debiyatlarda muashshaqti’n’ da’slepki do’retiwshisi si’pati’nda IX-X a’sirde İspaniyada jasag’an arab shayi’ri’ Muhaddam ibn Muaf atap wo’tiledi»[1]. Wo’zbek a’debiyattani’wi’nda N.Hatamov ha’m B.Sari’msaqovlardi’n’ wori’ssha-wo’zbekshe tu’sindirme so’zliginde muashshaq wo’zbek a’debiyati’nda ken’ tarqalg’anli’g’i’, atap aytqanda, g’a’zzellerde ko’birek ushi’raytug’i’nli’g’i’ ayti’li’p, wondag’i’ jasi’ri’ng’an so’z yeki tu’rli jol menen tabi’latug’i’nli’g’i’ ko’rsetiledi: « 1) qosi’q ba’yitindegi taq qatarlardi’n’ birinshi ha’ribi tiykari’nda; 2) qosi’qtag’i’ jup qatarlardi’n’ (g’a’zzelde ba’yittin’ uyqasli’ qatarlari’) basi’ndag’i’ ha’ripler tiykari’nda tabi’ladi’»[2]. Ma’selen, «Wo’zbek klassikali’q a’debiyati’nda muashshaqti’n’ suli’w u’lgileri Munis, Agah’iy, Shavqiy, Uvaysiy, Muqimiy, Zavqiy, Furqat si’yaqli’ shayi’rlar do’retti. Wo’zbek sovet poeziyasi’nda bolsa muashshaq Shayxzoda, Uyg’un, Ye.Vohidov, Yong’in Mirzo si’yaqli’ shayi’rlar do’retiwshiliginde ushi’raydi’»[3]. A’debiyatshi’ T.Babaev «Adabiyotshunoslik asoslari» dep atalg’an sabaqli’g’i’nda XV a’sir baslari’nda jasap, do’retiwshilik yetken shayi’r ha’m ilimpaz Shayx Ahmad ibn Xudoydod Taroziy «Fununul-balog’a» do’retpesinde-aq «muashshaq»ti’ ayri’qsha wo’ner si’pati’nda tilge

[1] Оразымбетов Қ.К. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 42-бет.
[2] Ҳотамов Н., Саримсоқов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. Тошкент, «Ўқитувчи», 1979, 191-бет.
[3] Ҳотамов Н., Саримсоқов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. Тошкент, «Ўқитувчи», 1979, 191-бет.

alg’anli’g’i’n ayti’p, bul a’debiy formani’n’ wo’zine ta’n bir neshe qa’siyetlerin atap ko’rsetedi. Ma’selen, wol wo’zbek a’debiyati’nda muashshaq, tiykari’nan, g’a’zzel formasi’nda jazi’latug’i’nli’g’i’n, geyde musammat, ha’tte, rubayi’ formasi’nda da jazi’li’wi’ mu’mkinligin keltiredi[1]. Ma’selen, Bati’s Yevropa a’debiyati’nda muashshaqqa uqsap ketetug’i’n lirikali’q janr akrostixtin’ sonet-akrostix h.t.b. formali’q tu’rleri de bar. İlimpaz T.Babaev joqari’da atalg’an miynetinde «A’sirese, muashshaqlar, a’dette, aruz wo’lsheminde jazi’latug’i’nli’g’i’n, biraq ha’zirgi da’wirde jazi’li’p ati’rg’an muashshaqlardi’n’ ayi’ri’mlari’ aruzda jazi’lg’an bolsa, basqalari’ barmaq wo’lsheminde ushi’rasa beretug’i’nli’g’i’n aytadi’[2]. Al, qaraqalpaq poeziyasi’nda qollani’li’p ju’rgen muashshaqlar ko’binese barmaq wo’lsheminde jazi’ladi’, son’g’i’ da’wirlerde bul lirikali’q janr talantli’ shayi’r B.Genjemuratov do’retiwshiliginde bari’nsha tu’rlenip ati’r. Mi’sali’, shayi’rdi’n’ do’retiwshiliginde muashshaqlar arnawli’q, i’shqi’ – muhabbat, ha’zil mazmundi beredi. Woni’n’ “Dosti’mni’n’ monologi’” qosi’g’i’nda Perdebay, “Wo’zin’! Sen!” qosi’g’i’nda Quwani’shbay, “Way, tamashasan’!” qosi’g’i’nda A’bdiqa’dir so’zleri tigine kelip shi’g’adi’. Bul qosi’qlari’nda shayi’r tiykar yetip alg’an shaxslardi’n’ jetiskenlik ha’m unamli’ ta’repleri, ja’miyette tutqan worni’n ha’m basqa da tareplerin sa’wlelendirip, ayi’rimlari’n ha’zil formasi’nda da bergen. Mi’sali’, “Dosti’mni’n’ monologi’”[3] qosi’g’i’nda Perdebay ismi kelip shi’g’adi’ ha’m bunda ha’zil elementleri ushi’rasadi’.

Prozada povest analizlendi.
Yerkekke usaydi’ roman degen.
Retin tawi’p ta-ak…, biz yendi,
Davay, shug’i’llansaq lirika menen.
Yerke yeser qi’zday poeziyani’n’
Barli’q mu’shelerin, siypasan’ ta’nin...
Aha! Absolyutno tiymes zi’yani’m,

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик, Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, 403-404 бб.
[2] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик, Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, 403-404 бб.
[3] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 65-бет.

Yasha, blondinkam, qasi'ma kel, jani'm...

B.Genjemuratovti'n' muashshaq janri'ndag'i' ko'rkemlik izlenisleri haqqi'nda ilimpaz Q.Worazi'mbetov to'mendegishe pikir bildiredi: «Al, son'g'i' ji'llari' muashshaq formasi'nda ko'birek shayi'r Baxti'yar Genjemuratov qosi'q do'retpekte. Baxti'yar bunday qosi'qlari'n asa qumarli'q penen jazadi'. Sebebi, woni'n' bul formadag'i' shi'g'armalari'nda shayi'r sezimleri qanday da bir ta'biyiy halda qosi'q qatarlari'na birigedi ha'm qaytalanbas obrazlar jarati'wg'a tiykar jasaydi'. Shayi'r bazda bir qi'zdi'n' ismine muashshaq toqi'sa, bazda so'z ha'm so'zler dizbegine muashshaq jazadi'»[1]. Shayi'r B.Genjemuratov do'retiwshiliginde qi'zlardi'n' ismine jazi'lg'an muashshaqlar ko'plep ushi'rasadi'. Ma'selen, «Seregu'l»[2], «Hu'rliman»[3], «Gu'misay», «Gu'listan», «Genjexan», «Hu'rlimanxan»[4] muashshaqlari' bug'an mi'sal bola aladi'.

B.Genjemuratovti'n' muashshaq janri'n rawajlandi'ri'wg'a qosqan ja'ne bir u'lken u'lesi – wol ha'zirgi qaraqalpaq lirikasi'nda muashshaqlar du'rkinin do'retken da'slepki avtor. Biz Shi'g'i's ha'm Bati's da'stu'rleri tiykari'nda janrli'q jaqtan jetilisken ha'zirgi qaraqalpaq lirikasi'nda g'a'zzeller du'rkini, muxammesler du'rkini, sonetler du'rkininin' bar yekenligin bilemiz. Biraq, ha'zirgi lirikami'zda muashshaqlar du'rkininin' do'retiliwi – bul forma jan'ali'g'i' boli'p yesaplanadi'. Ma'selen, «Qaraqalpaqstan jaslari'» gazetasi'ni'n' 2000-ji'li' 27-aprel sani'nda B.Genjemuratovti'n' «Nawri'z samallari'» degen atamada muashshaqlar du'rkini ja'riyalandi'[5]. Bul du'rkinge avtor «Shu'kir...», «Tu'sindir wo'zin'», «Juwap ber», «Wo'tinish», «Soraw», «Titanik qosi'g'i'n ja'ne bir aytti'r», «Nazli' ku'lkin' qalsi'n», «Siz mag'an isenben'...», «Aytshi'...» dep atalatug'i'n tog'i'z muashshag'i'n kirgizgen. Muashshaqlar du'rkinindegi usi' 9 muashshaqti'n' besewi, yag'ni'y «Qashan kelesiz?», «Qapasi'z nege?», «Bul muh'abbat pa?», «Titanik qosi'g'i'n ja'ne bir

---

[1] Оразымбетов Қ.К. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис, «Билим», 2004, 43-бет.
[2] Генжемуратов Б. Аптаптың өмири. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987, 22-бет.
[3] Генжемуратов Б. Оқ қадалған ай. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997, 48-бет.
[4] Генжемуратов Б. Наўрыз самаллары (акростихлер дүркини) // «Қарақалпақстан жаслары», 2000, № 17, 27-апрель.
[5] Генжемуратов Б. Наўрыз самаллары (акростихлер дүркини) // «Еркин Қарақалпақстан», 2000, № 17, 27-апрель.

aytti’r», «Sizden qashpasam bolmas» muashshaqlari’ joqari’da ayti’p wo’tken tamamlang’an pu’tin bir ga’p formasi’nda jazi’lg’an. Sonday-aq, bul muashshaqlarda shayi’r ishki sezimlerdi beriwde ko’rkem su’wretlew qurallari’nan sheber paydalang’anli’g’i’ ko’rinip turadi’.

Shayi’r B.Genjemuratov poeziyasi’nda sintaksislik quri’li’si’ boyi’nsha belgili bir tamamlang’an woydi’ bildiretug’i’n ga’p formasi’ndag’i’ muashshaqlar da ushi’raydi’. Ma’selen, bug’an woni’n’ «Aygu’l, sen ra’him yet Baxti’yarg’a», «Qashan kelesiz?», «Qapasi’z nege?», «Bul muhabbat pa?», «Titanik qosi’g’i’n ja’ne bir aytti’r», «Sizden qashpasam bolmas» muashshaqlari’ kiredi. Bulardi’n’ barli’g’i’ ashi’qli’q mazmuni’ndag’i’ muashshaqlar. Bul muashshaqlardi’n’ ha’mmesi de atamasi’na say mazmundi’ beredi.

Sonet (italyansha qosi’q)- won to’rt qatardan ibarat lirikali’q janr. Wol yeki to’rtlik ha’m yeki u’shlikten yamasa u’sh to’rtlik ha’m bir yekilikten turadi’. To’rtlikler abab, abab yamasa abba, abba, u’shlikler vgv, gvg yamasa vgd, vgd boli’p uyqasadi’. Birinshi to’rtlikte tiykarg’i’ pikir wortag’a taslanadi’, yekinshi to’rtlik bul pikirdi rawajlandi’radi’, birinshi u’shlik pikir sheshimin beredi, al yekinshi u’shlik bolsa pikirge juwmaq jasaydi’[1].

Sonet janri’ni’n’ watani’ İtaliya boli’p, son’ francuz, anglichan, ispan, nemec ha’m wori’s a’debiyatlari’na wo’tken. Dante, P.Ronsar, U.Shekspir, İ. Getë, V.Trediakovskiy, A.Sumarkov, A.S.Pushkin, M.Yu.Lermontov, al wo’zbek a’debiyati’nda Usmon Nosir, Shukurullo, Mirmuhsin, Ramiz Bobojon ha’m Barot Bayqabulov bul formada qosi’qlar do’retti[2].

Sonet qatan’ formag’a iye boladi’, biraq mazmuni’ jag’i’nan ha’r qi’yli’ boli’wi’ mu’mki’n’. Qaraqalpaq a’debiyati’nda İ.Yusupov ha’m M.Qarabaevtin’ do’retiwhsiliginde sonetler du’rkini gezlesedi.

[1] Адабий турлар ва жанрлар. Тошкент, «Фан», 1992, 188-б.
[2] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Н. «Билим», 2004, 45-бет.

B.Genjemuratov do’retiwshiligin janrli’q ha’m formali’q jaqtan analizley woti’ri’p , shayi’rdi’n’ do’retiwshiliginde sonettin’ bir u’lgisi bar yekenliginin’ guwasi’ boldi’q. Wog’an avtor “Ja’ne jawi’n jawdi’…” dep atama bergen. Ideyali’q-tematikali’q jaqtan muhabbat, lirikali’q qaharmanni’n’ ishki ruwxi’y du’nyasi’n sa’wlelendirgen.

Ja’ne jawi’n jawdi’… Ju’regim – ba’ha’r,
qa’lbimdi so’tedi gu’ldirmamasi’.
Ta’g’dirdin’ ta’biyatqa uqsasli’g’i’ bar;
aybi’qa’ddem yedi Gu’ldin’ anasi’.

Shiyeler gu’lledi, mi’sli’ appaq qar.
Bu’lbil sayrar yedi i’shqi’ namasi’n.
Appaq shiye bag’da bir mun’li’ dilbar.
si’n’si’p qoyg’an yedi dizeme basi’n…

Dumanlar serpilip, bultlar tarqaydi’.
Negedur sonda da qa’lbim si’zlaydi’ –
shiyeden ali’ng’an sharap si’rlasi’m…

Biz ja’ne woti’rmi’z shiye bag’i’nda,
i’shqi’-muhabbatti’n’ alti’n tag’i’nda.
Qadaq si’nsi’n, biraq, i’qlas si’nbasi’n[1].

Demek, bul sonettin’ da’slepki yeki shuwmag’i’nda baslang’an pikir rawajlani’p, keyingi u’shinshi shuwmaqta dawam yetip, son’i’nda tiykarg’i’ sheshim beriledi. Da’slep lirikali’q qaharmanni’n’ ishki ruwxi’y da’rti son’ buni’n’ sebebi beriledi.

Uli’wma aytqanda, sonetler qatan’ forma ha’m mazmung’a quri’li’p, bul shayi’rdan sheberlikti talap yetedi.

---

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 70-бет.

B.Genjemuratov do'retiwshiliginde yen' kishi lirikali'q formalardan yekilikler ha'm u'shliklerdi ushi'rati'wg'a boladi'.

Yeki qatarli' qosi'qlar tu'rkiy xali'qlar siyaqli' qaraqalpaq a'debiyati'nda da a'zelden bar forma. Biraq, tek yeki qatardan ibarat boli'p, wo'zinde tamamlang'an woy-pikirdi sa'wlelendiretug'i'n g'a'rezsiz poeziyali'q do'retpe si'pati'nda yeki qatarli' qosi'q formasi' a'debiyati'mi'zda XX a'sirdin' yekinshi yari'mi'nan baslap payda boldi'. Al, bunday formalar qaraqalpaq awi'z yeki a'debiyati'nda ko'plep ushi'rasadi'[1].

Al, shayi'r B.Genjemuratov do'retiwshiliginde yerkin formag'a quri'lg'an yeki yekilik ushi'rasadi'. Wolar "Gu'rji iyt" ha'm "Professor Qurbanbay Ja'rimbetovti'n' sha'kirtine ta'sellesi" atamasi'ndag'i' yekilikleri . Mi'sali',

Sennen qori'qpayman.
Ashshi' dawi'si'n'nan shorshi'ydi' mi'n' adam[2].

Bunda tiykarg'i' obyekt gu'rji iyt metaforali'q su'wretlew arqali' ja'miyetimizde bilimli adamlardi'n' rawajlani'wi'n ha'm jetiskenliklerin ko're almaytug'i'n ayi'ri'm adamlardi'n' kelbetin sa'wlelendirgen. Shayi'r qatarlar arasi'ndag'i' semantikali'q birlikti ta'miyinlewde, mazmunni'n' ko'rkemligine yerisiwde su'wretlew usi'llari'ni'n' biri inversiyadan sheber paydalang'an. Sonday-aq, bul yekilik yerkin formag'a quri'li'p, da'slepki qatari' alti' buwi'nnan, keyingi qatari' won yeki buwi'nnan ibarat. Usi'nday ko'rkemlikke iye yerkin formag'a quri'lg'an yekilikler S.Ibragimov do'retiwshiliginde de ushi'rasadi'. Mi'sali',

Basi'n'a jalg'i'zli'q kelmegey
a'tirapi'n' jaynag'an adam boli'p turg'anda[3].

---

[1] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Н. «Билим», 2004, 62-63-бетлер.
[2]Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 131-бет.
[3] Ибрагимов С. Жер менен аспанның аралығында. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1990, 19-бет.

Bunda lirikali’q qaharmanni’n’ woylawi’ ha’m juwmaqlari’ yeki qatarg’a ja’mlenip, bul yeki qatar ma’nilik jaqtan bir ga’pti payda yetip tur. Inversiyani’ qollani’w arqali’ ideyani’n’ ko’rkemligi ko’rinedi.

Demek, lirikadag’i’ yeki qatarli’ qosi’qlarda aforizmlik si’pat basi’m boladi’. Bunday qosi’qlardi’n’ tematikasi’ ju’da’ ken’ boli’p, wonda filosofiyali’q woylar, muhabbat keshirmeleri ha’m insanni’n’ ruwxi’yati’ sa’wleleniwi mu’mkin..

“U’sh” alg’an student dalada qalmas.
Wol direktor bolar, mu’g’allim bolmas...[1]

Shayi’r B.Genjemuratov bul yeki qatardan ibarat do’retpesinin’ mazmuni’nda filosofiyali’q pikirlewge quri’lg’an aforizm ha’m didaktika basli’ wori’ng’a shi’qqan. Soni’n’ menen birge, bul yekilikte mi’sqi’llaw da ko’rinedi. Yag’niy, jaman woqi’g’an studenttin’ mu’g’allim boli’p bala ta’rbiyalay almaytug’i’nlig’i’, wol ”direktor” bolar dep ashshi’ sarkazmda beriledi.

Al, B.Genjemuratov poeziyasi’n analizlew na’tiyjesinde to’mendegishe u’shliklerdin’ bar yekenligin ani’qladi’q. Bunda da’slepki u’shlik yerkin formag’a quri’li’p uyqas qatnasti’ri’lmag’an:

Ya toba!
Pushkinnin’ qanati’nda pa’rwaz yetkenler
Pushkinnin’ pa’rwazi’n u’yreter yemish![2]

Bunda tiykarg’i’ itibar teren’ ha’m tuji’ri’mli’ mazmundi’ beriwge bag’darlang’an. Lirikali’q qaharman bul wo’mirde nelerdendur kewili tolmay, a’lle kimlerge ashi’wlani’w, qi’ynali’w sezimlerin bildiredi. «Pushkinnin’ qanati’», «pa’rwaz yetiw», «Pushkinnin’ pa’rwazi’» siyaqli’ metaforalar ayti’lajaq pikirdi awi’spali’ ma’nige ko’shirip, mazmundi’ ko’rkem yetip jetkeriwde a’hmiyetke iye boli’p tur.

Gu’nali’san’ su’ygenin’ ushi’n –
pu’tkil wo’mirin’ jandi’ jollarda.

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 132-бет.
[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 131-бет.

Atar tan’i’n’ – ku’l ha’m tu’tindur.

Demek, bul qi’sqa qatarlar arqali’ muhabbat da’rtine shali’ng’an lirikali’q qaharmanni’n’ pu’tkil wo’mirinin’ jollarda jani’wi’ ha’m ha’r tan’i’n ku’l, tu’tin metaforasi’na awi’sti’ri’w arqali’ woni’n’ ishki ruwxi’y halati’n an’law mu’mkin.

Uluwma, B.Genjemuratov poeziyasi’nda kishi lirikali’q formalardan yekilikler ha’m u’shlikler pikir wo’tkirligin ha’m mazmun ko’rkemligin ta’miyinlewde shayi’rdi’n’ intellektual bilim da’rejesinin’ joqari’ yekenliginin’ ko’rinisi yesaplanadi’.

# 2-BAP. B.GENJEMURATOV LIRIKASI'NDA IDEYA-TEMATIKALI'Q WO'ZGESHELIKLER

## 2.1. B.Genjemuratov poeziyasi'nda yel-jurt, millet ta'g'dirinin' sa'wleleniwi'

Prezidentimiz I.A.Karimov wo'zinin' "Wo'zbek xalqi'na ti'ni'shli'q ha'm amanli'q kerek" atli' miynetinde yel ti'ni'shli'g'i'ni'n' biybaha bayli'q yekenligin ayri'qsha atap wo'tken. Milletti "Azat ha'm abat Watan, yerkin ha'm parawan turmi's quri'w" milliy ideologiyasi'nda ta'rbiyalawda ko'rkem a'debiyatti'n' worni' wo'z aldi'na. Sebebi wol yel-jurt, millet ta'g'dirin, tuwi'lg'an jer qa'dirin biliw kerek yekenligin insan sanasi'na ali'p bariwshi jol. Usi' wori'nda B.Genjemuratov do'retiwshiliginde insandi' milliy ruwxta ta'rbiyalawg'a bag'dar bolatug'i'n bir qansha wo'zgesheliklerge iye shi'g'armalardi' ko'riw mu'mkin.

Atap aytqanda, B.Genjemuratovti'n' "Mo'de xan so'zi yamasa Qi'tay jipegindegi bitik" poemasi'ni'n' ken' ja'miyetshiliktin' di'qqat worayi'na tu'siwinin' sebebi si'pati'nda, avtor bul do'retpede Watandi' qorg'aw ideyasi'n ani'q bir ma'sele – jerdin' bir qari'si' ushi'n da insanni'n' jani'n ayamawdi'n', ata-babalari'mi'zdi'n' qaharmanli'q gu'resi' arqasi'nda bizge miyras bolg'an bul alti'n topi'raqti' ko'z qarashi'g'i'nday asi'raw kerek yekenligin ku'yip ji'rlawi'nda yesaplanadi'.

"Belgili shayi'r ha'm a'debiyatshi' A'zim Suyunni'n' poema boyi'nsha Baxti'yarg'a jazg'an ashi'q xati', bunda woni' «Watan haqqi'nda jazi'lg'an yen' jaqsi' do'retpe» dep atawi', "Son'g'i' da'wirde watan haqqi'nda bunday mazmunli' shi'g'arma woqi'madi'm" degen bahasi', belgili a'debiyatshi', pedagog, professor Qazaqbay Yuldashev bul poemani' mektepler ushi'n wo'zbek a'debiyati'na kirgiziwi ha'm "Qaraqalpaq shayi'ri'ni'n' poemasi' ne ushi'n wo'zbek a'debiyati' sabaqli'g'i'na kirgiziliwi kerek?" degen opponentlerinin' sorawi'na «Wo'zbek a'debiyati'nda Watan haqqi'nda bunnan jaqsi' shi'g'arma jazi'lmasa ne qi'layi'n» degen juwabi' buni'n' da'lili. Qullasi', bul shi'g'arma g'a'rezsizlik da'wirinde tek g'ana shayi'r do'retiwshiligindegi

yemes, uluwma qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ yen’ jaqsi’ shi’g’armalardi’n’ birine aylandi’”[1].

Soni’n’ menen birge, B.Genjemuratov teren’ mazmung’a ko’rkem formani’ sa’ykeslendirgen. Yag’ni’y, terme-tog’awli’q bayanlawdi’ yerkin qosi’qqa sintezlew arqali’ a’jayip ko’rkem shi’g’arma payda bolg’an.

Demek, B.Genjemuratovti’n’ poemasi’na ta’n usi’nday wo’zgesheliklerdi woni’n’ poeziyasi’nda da ko’riwge boladi’. Bunda lirikali’q qaharman yel-jurt, millet ta’g’diri, xali’q ti’ni’shli’g’i’, azatli’g’i’n asi’raw ushi’n ku’yip jasaydi’. Watandi’ qorg’awg’a tayi’n turatug’i’n Alpami’s ha’m Qoblanlardi’n’ boli’wi’n a’rman yetedi. Sonday-aq, qosi’qlari’nda insandi’ ulli’law, ma’rtlik, adamgershilik siyaqli’ pa’ziyletlerdi ji’rlaw ha’m bul arqali’ ha’r bir woqi’wshi’da ko’terin’kilik sezim woyata ali’w mu’mkinshiligi basi’m.

Shayi’rdi’n’ “Bul jurtti’n’ bati’rlari’ qayda ?! ” qosi’g’i’nda tuwi’lg’an jerdi asi’raw, yel ti’ni’shlig’i’n bekkemlew ideyasi’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki gu’yzelisleri, tolg’ani’wi’ arqali’ sheber berilgen. Bunda lirikali’q qaharman bul du’nyani’ gezip, yeldi qorg’aytug’i’n bati’rlardi’ izleydi.

Bezigip si’bi’r-si’bi’r Ga’plerden,
bezigip na’wbetshi Ma’plerden,
ko’kirek kerip turg’an,
sawlat, ko’rik bolg’an,
qaraqalpaqqa aybat berip turg’an,
kettim Shi’lpi’q qorg’ani’na –
payi’w – piyada.

Silkinip qong’an qi’randay, uyag’a
silkinip jettim.
Qa’lbimde sawal,
sanmi’n’ da’rt:

[1] Оразымбетов Қ. Сезимлер дүньясының есигин ашың (алғы сөз). // Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Н., Қарақалпақстан. 2012. 6-бет.

“Bul jurtti’n’ bati’rlari’ qayda ?! ”
“Bul jurtti’n’ bati’rlari’ qayda ?! ”[1]

Demek, lirikali’q qaharman Shi’lpi’q qorg’ani’na payi’w-piyada bari’wi’nda qaraqalpaq xalqi’nin’ tariyxi’ ko’z aldi’n’a keledi. Wonda jawi’ngerler Shi’lpi’qqa basti’ri’p kelgen jawlardi’ jer menen jeksen yetip wo’z ana topi’rag’i’n asi’rag’an. Sonli’qtan, shayi’r yel qorg’aytu’g’i’n bati’rlardi’ Shi’lpi’q qorg’ani’nan izleydi. Shayi’rdi’n’ yel ti’ni’shli’g’i’n, millet ta’g’dirin woylap ku’yip-jani’wlari’ ha’m tolg’ani’wlari’ insanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’na ta’sir yetip, uyqi’dan woyani’wg’a shaqi’radi’.

Silkinip woyanar bir yeles.
Ruwhi’mdi’ silkiler sol yeles:
«Bati’rlar mi’n’ ji’lli’q g’a’plette.
Shayi’rlar bir a’sirlik uyqi’da…
Woyati’n’lar!
Alpami’sti’…
Sha’ryardi’ woyati’n’lar…
Jalalatdin Manguberdini woyati’n’lar!
Yernazar Alako’zdi…»[2]

Bunda shayi’r bati’rli’q ti’msallari’ Alpami’s, Sha’ryar, Jalalatdin Manguberdi, Yernazar Alako’z obrazlari’n beriw arqali’ xali’qti’ soni’n’day bati’r, ku’shli boli’wg’a iytermelep turg’anday seziledi.

Qosi’qti’n’ son’i’nda lirikali’q qaharmanni’n’ tu’sin’ki halati’ berilip, bu’gingi ku’n ma’mleket aldi’ndag’i’ tiykarg’i’ ekologiyali’q Aral mashqalasi’n so’z yetedi. Yeger Aral toli’p turmasa, xali’q keleshegi joq degen sheshim menen juwmaqlanadi’.

Qa’lbimdegi sawal,
sanmi’n’ da’rtlerim
sanmillion japi’raqlaray si’ldi’rlasadi’,

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Н., Қарақалпақстан. 2012. 51-бет.
[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Н., Қарақалпақстан. 2012. 51-52-бет.

sheksiz ta’shwishlerdin’ da’rwazasi’n ashadi’:

- Mi’naw A’miwda’rya tasi’p turmasa,
anaw jetim Aral tolqi’p turmasa,
Bati’rlar mi’n’ ji’lli’q g’a’pletten woyanbaydi’ –
Shayi’rlar bir a’sirlik uyqi’dan…
Woyanbaydi’…

Shayi’rdi’n’ “Wo’giz da’rya bitikleri” du’rkinine kirgen “Qi’ri’q a’sir ko’mip ketken”, “Min’ wo’rkeshli tu’yeler-sarg’i’sh qumlar”, “Qum asti’nda mi’n’ sandi’q”, “Debdiw”, “Wo’zge bir qudaylarg’a”, “Jeti baban’ni’n’ ismin ayt Jayhun”, “Sho’llegenmen pu’tin diydari’n’a”, “Tay quli’nday tebisken”, “…alti’ ag’a ketip ali’sqa”, “Tu’rk babani’n’ qa’hari’”, “Qardi’n’ basi’n qar alar”, “A’yyemgi Tu’rkistanni’n’ bu’gingi ballari’”, “Tu’sime yenedi Baysi’n tawlari’”, “Ata jurttan ayri’li’p” h.t.b qosi’qlari’nda watan temasi’, atap aytqanda, millet ta’g’diri, yel tinishlig’i’, xali’qti’n’ birlikli jasawi’, bati’rli’q ha’m ma’rtlik, tuwi’lg’an jerge bolg’an muhabbat sezimleri insan ju’regine kirip bari’wshi’ qatarlar arqali’ ji’rlanadi’. Bunda shayi’rdin’ xali’q ta’g’dirin woylap jan ashi’ti’wi’ ayqi’n sezilip turadi’. Shayi’r awi’zbirshiliktin’ joqli’g’i’, satqi’nli’qti’n’, dushpanlardi’n’ hiylekerliginin’ sebebinen wo’lip ketken yel bati’rlari’ni’n’ ayani’shli’ ta’g’dirin woylap qayg’i’g’a tu’sedi. Bu’gin de a’piwayi’ miynet adamlari’ni’n’ ko’p jag’dayda nahaqli’qti’n’ qurbani’ bolatug’i’nli’g’i’n shayi’r uqti’ri’p wo’tedi.

Shayi’rdi’n’ “A’yyemgi Tu’rkistanni’n’ bu’gingi ballari’”[1] dep baslanatug’i’n qosi’q qatarlari’nda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ uluwma millettin’ tag’diri so’z yetiledi. Wonda shayi’r bu’gingi ku’n menen wo’tken a’sirlerdi sali’sti’radi’.

A’yyemgi Tu’rkistanni’n’ bu’gingi ballari’,
tan’lap mingendeyin arg’i’maq az u’yirde,
kerilip jay tartalmas – ilena’zik qollari’,

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 47-бет.

bali’qko’z aqsawi’tti’ tolti’rmas iyinleri.

Demek, ha’r bir qatarda shayi’rdi’n’ bu’gingi turmi’sqa degen ko’zqarasi’, ayani’sh sezimi ko’rinedi. Wolar ata-babalari’mi’zday kerilip jay tartalmas, bati’rlar kiygen aqsawi’tti’ gewdesi tolti’ralmas dep bu’gingi ku’n haqi’yqatli’g’i’n sa’wlelendire woti’ri’p, yelimizdegi ekologiyali’q apatshi’li’qti’ da millet ta’g’dirine baylani’sli’ yekenligin atap wo’tedi.

A’yyemgi Tu’rkstanni’n’ yerten’gi balalari’n,
ali’p yetip tuwg’anday ali’p Ana joq,
sherdin’ ju’rek - bawi’ri’na jeriytug’i’n ko’kirek,
sherge sari’jay tartar bilek – shama joq.

Shayi’r wo’zinin’ ekologiyali’q apatshi’li’qti’n’ aqi’betlerine baylani’sli’ woy-pikirlerin beriwde xali’q qaharmanli’q da’stanlari’ndag’i’ «bati’rlardi’n’ a’jayi’p tuwi’li’w» motivlerin paydalanadi’, wolarg’a poetikali’q islew beredi. Da’stanlarda bati’rlardi’n’ tuwi’li’wi’nda wolardi’n’ anasi’ jolbari’sti’n’ ju’regine jerip, ul perzent ku’tedi. Demek, xali’q ug’i’mi’nda bati’rli’q perzentke ana arqali’ wo’tedi degen tu’sinik bar. Rasi’nda da, den sawli’g’i’ jaqsi’ anadan salamat perzent tuwi’ladi’. Shayi’r bu’gingi ekologiyali’q mashqala, Aral tragediyasi’ni’n’ analar ha’m balalar salamatli’g’i’na keskin zi’yanli’ ta’sirin tiygizip ati’rg’anli’g’i’n tariyxi’y qaharmanlar ha’m da’stan qaharmanlari’ haqqi’ndag’i’ ko’zqaraslari’ menen bayi’ti’p beredi.

A’yyemgi Tu’rkistan – qashqashshi’ g’arri’day,
bul a’yyemgi topi’raq – qani’ az Ana.
Taylar at bolalmas uwi’zi’na jari’may –
Alpami’s bolalmaydi’ za’ha’rlengen bala.

Demek, bul qatarlarda yelimizdegi ekologiyali’q mashqalalar, qorshag’an wortali’qti’ asi’raw, xali’q arasi’ndag’i’ kemqanli’qti’ saplasti’ri’w ha’m salamat balani’ du’nyag’a keltiriw maseleleri’ so’z yetiledi.

Sonday-aq, shayi’r wo’zinin’ tuwi’li’p wo’sken jerine, Watani’na u’lken hu’rmet penen qatnas jasap, woni’n’ go’zzalli’g’i’na, bay ta’biyati’na ha’wes

penen qaraydi’, ju’reginde qanday da’rt bolsa wo’zine soraydi’. Mi’sali’, “Sharqi’pa’lek ko’shkidegi woylar”[1] qosi’g’i’nda:

Ha’r kimnin’ aqi’li’w-woyi’
Wo’zi mingen minber bolar.
Yeldegi shadli’q, g’ami’
Baxi’tli’ ku’nler bolar.
Sezimnin’ biyiginen
Men sag’an qarap turman.
Ne awi’r isin’ bolsa
Ju’regime sorap turman.
Sen mag’an taj ha’m taxtsan!
Sen mag’an quyash, baxi’tsan’!-
No’kisim!

B.Genjemuratov wo’zinin’ ko’pshilik qosi’qlari’nda ja’miyetlik siyasiy jag’daylarg’a, xali’qti’n’ keleshegine, millet ta’g’dirine mu’na’sibetin, jan ashi’ti’w sezimlerin tariyxi’y qaharmanlar ha’m tariyxi’y obrazlar ja’rdeminde sa’wlelendiredi. «Wo’z woy-pikirin jetkeriwge forma tan’lawda Baxti’yar Genjemuratovta da wo’zgelerge usamaytug’i’n usi’l bar. Shayi’r du’nyani’ barli’q masshtabi’ ha’m mazmuni’ menen qabi’llawg’a umti’ladi’. Wol watandarli’q tariyxqa, woni’n’ ma’deniyati’ni’n’ keshegisi menen bu’gingisine na’zer taslaydi’. Tariyx woni’ gu’yzeliske tu’siredi. Woni’n’ qosi’qlari’ ko’p g’ana shayi’rlar si’yaqli’ uyqassi’z qosi’q formasi’nda jazi’lg’ani’ menen belgili i’rg’aqqa tu’sedi.»[2]. Demek, shayi’rdi’n’ ko’pshilik qosi’g’i’nda tariyxi’y qubi’li’slar arqali’ Watang’a, tuwi’lg’an jerge bolg’an gu’yzelisleri, tolg’ani’slari’ beriledi.

Xalqi’mni’n’ ta’g’diri shati’rash tasi’nday
Talay G’ayi’pxanni’n’ qoli’nda ketken…
Sho’ldin’ tariyx atli’ ken’ taxtasi’nda,

---

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 25-бет.
[2] Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. Нөкис. Билим. 2004. 16-б.

Aq taslar qara tasqa aylani’p ketken…
Bawi’ri’m Worazan!...
Bawi’ri’m Maman!...
Sahram,
menin’ sahram - ko’n’lim qumlag’i’
quwi’ri’li’p barati’r misli quwi’rmash…
A’sirdin’ qi’zg’i’ni’ – Quyash wondag’i’.
Menin’ de jasli’g’i’m – tuti’lg’an Quyash!...[1]

Bul jerde shayi’rdi’n’ so’z yetiw obekti ken’. Wol poeziyani’n’ mu’mkinshiliginen toli’q paydalang’an halda waqi’t ha’m ken’islik shegaralari’n buzi’p wo’tip tariyx penen bu’gingi ta’shwishlerdi tutasti’radi’. Shayi’r xali’qti’n’ tutas ta’g’diri haqqi’ndag’i’ woy-pikirlerin, debdiwlerin beriw ushi’n tariyxi’y qaharmanlar G’ayi’p xan, Worazan ha’m Maman obrazlari’n qollanadi’. Bunda shayi’rdi’n’ tariyxi’y shahslarg’a bolg’an ko’zqarasi’n bayqawg’a boladi’.

Sonday-aq, B.Genjemuratov yel-jurt, millet ta’g’dirin sa’wlelendiriwde ko’rkem xali’q awi’zeki do’retpeleri’nin’ u’lgilerinen, atap aytqanda, xalqi’mi’zdi’n’ bay folklori’nan sheber tu’rde paydalang’an.

Ko’rkem awi’zeki do’retpelerde xali’qti’n’ du’nya haqqi’ndag’i’ woylari’, adamdi’ jaqsi’li’qqa, adamgershilikke, a’dalatli’qqa ta’rbiyalaytug’i’n yen’ jaqsi’ ideyalardi’n’ ji’yi’nti’g’i’ saqlang’an. Usi’ ideyalardi’ turmi’sta sa’wlelendiriw ushi’n ko’rkem wo’nerdin’ barli’q tu’ri folklorg’a su’yenedi. A’sirese, ko’rkem a’debiyat ideyali’q-estetikali’q ruwxi’y ku’shti ali’wda folklorg’a tiykarlanadi’. Sonli’qtan da, a’debiyat penen folklordi’n’ wortasi’ndag’i’ baylani’sti’ izertlew barli’q xali’qlardi’n’ a’debiyattani’w iliminde wog’ada a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri boli’p yesaplanadi’. A’lbette, bul ma’sele folklori’ ku’shli rawajlang’an, a’debiyati’ folklor menen ti’g’i’z baylani’sta qa’liplesken qaraqalpaq a’debiyati’ ushi’n da ayri’qsha a’hmiyetke

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 39-40-бетлер.

iye. Sonli’qtan da, bul ma’sele qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde Q.Maqsetov, K.Ma’mbetov, I.Sag’itov, S.Bahadi’rova, A.Pirnazarov, Q.Kamalov, G.Yesemuratov, M.Nurmuhammedov, Z.Bekbergenova si’yaqli’ belgili ali’mlari’mi’z miynetlerinde so’z yetildi[1].

G’a’rezsizlik ji’llari’ndag’i’ belgili shayi’r B.Genjemuratov do’retiwshiligi ideyali’q-tematikali’q jaqtan wo’zgesheliklerge bay. A’sirese, shayi’rdi’n’ shi’g’armalari’nda folklorli’q da’stu’rler ha’m jazba a’debiyatti’n’ bekkem sintezin ko’riwge boladi’. Ha’r qanday xali’q awi’zeki do’retpesi jazi’wshi’ ta’repinen sheber paydalani’li’p, avtorli’q bayanlawlar arqali’ tuwri’dan-tuwri’ bermesten jeke stiline ta’n bolg’an usi’llarda jetkerilgen. Folklorli’q da’stu’rge ta’n do’retpelerdi ko’rkemlep jetkeriw jazi’wshi’ni’n’ kerekli so’zdi wo’z worni’nda paydalani’wdag’i’ sheberliginen da’rek beredi. B.Genjemuratov do’retiwshiligine xali’q awi’zeki do’retpeleri miyraslari’, qala berse, wo’zbek shayi’rlari’ ha’m du’nya klassiklerinin’ du’rdanalari’ unamli’ ta’sir jasag’anli’g’i’n da’stu’riy ha’m jan’a formalarda do’retilgen poeziyali’q do’retpeleri menen birge du’nya xali’qlari’ a’debiyatlari’nan awdarg’an shi’g’armalari’ ayqi’n tasti’yi’qlaydi’. A’sirese, shayi’rdi’n’ folklorli’q da’stu’riy formag’a sadi’qli’g’i’n son’g’i’ poeziyali’q toplami’ bolg’an «Saylandi’ shi’g’armalari’» (2012) kitabi’na kirgen «Man’g’i’staw tolg’awi’», «…Alti’ ag’a ketip ali’sqa», «Tay-quli’nday tebisken», «Qardi’n’ basi’n qar alar», «Balxan tawda bozladi’m», «Berdaq shayi’rdi’n’ tolg’awi’», «Debdiw», «Tolg’aw», «Za’min tawdag’i’ A’zim su’yin ayti’mlari’» siyaqli’ qosi’qlari’ folklordag’i’ terme, tolg’aw, joqlaw, ayti’m janrlari’ni’n’ u’lgisinde jazi’lsa, «Shi’g’i’sta woyanbaqta da’w ug’lan-Turan», «Bizler bes tuwi’sqan», «Tu’rkan woyda “Jeti qaraqshi’”g’a telmirip», «Nuw payg’ambardi’n’ aytqani’», «Jaqsi’dan-sharapat, jamannan-apat» siyaqli’ qosi’qlari’ folklordag’i’ an’i’z-

[1] Мақсетов Қ. Фольклор ҳәм әдебият. Нөкис. Қарақалпақстан. 1975. Мәмбетов К. Фольклор ҳәм жазба әдебият. Нөкис. Қарақалпақстан. 1978. Сағитов И. Әдебият ҳәм фольклор. Нөкис. Қарақалпақстан. 1988. Баҳадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза. Нукус. Каракалпакстан. 1987. Пирназаров А. Өтеш,Омар ҳәм фольклор. Нөкис. Қарақалпақстан. 1991. Камалов Қ. Фольклор ҳәм жазба әдебият. // «Ә», №4, 1978. Есемуратов Г. Қарақалпақ поэзиясының сағасында. // «Ә», №2, 1979. Нурмуҳаммедов М. Түркий тиллес әдебиятларда аўызеки ҳәм жазба традициялардың синтези ҳаққында. // «Ә», №7, 1981. Бекбергенова З. Ҳәзирги қарақалпақ поэзиясында фольклорлық дәстүрлер. Нөкис «ИЛИМ», 2011.

a’psana ha’m xali’q do’retpeleri u’lgisine quri’lg’an. Sonday-aq, shayi’r wo’zinin’ ko’pshilik qosi’qlari’nda naqi’l-naqallardan ha’m danali’q ju’yeli so’zlerden sheberlik penen paydalang’an.

“Tolg’aw so’zi “tolg’ani’w” so’zinen ali’ng’an. … bul so’z adam kewlindegi da’rt, ju’rekti jari’p shi’qqan debdiw. Solay yeken, biz bul so’zdin’ to’rkinine de a’piwayi’ ko’z qarasta bolmawi’mi’z kerek. Bul ata-babami’zdan qalg’an ma’deniy miyrasti’n’ yen’ a’diwlisi. Xalqi’mi’zdi’n’ yerte da’wirlerden kiyati’rg’an quwani’shi’ ha’m jubani’shi’”[1].

Shayi’rdi’n’ barli’q tolg’aw janri’ndag’i’ qosi’qlari’nda woni’n ishki ruwxi’y ku’yinish sezimleri, aqi’l-na’siyatlari’ ha’m xali’q ta’g’dirine bolg’an ayani’sh halatlari’ berilgen. Bunday jag’day shayi’rdi’n’ “Tolg’aw” [2] qosi’g’i’nda tikkeley wo’z sa’wleleniwin tapqan. Mi’sali’,

Jalg’i’z shapqan at ju’yrik,
wo’zgeler ju’yrik bolmasa.
wo’z u’yirin u’yirip,
at bolarli’q taylardi’
quli’ni’nda shaynasa,
jalaw jali’n si’yi’ri’p…
Jalg’i’z shapqan at ju’yrik.
(Jalg’i’zli’qtan saqlasi’!)
U’yirde wo’sken quli’ndi’
u’yiri asi’rap-saqlasi’n.
Ta’g’dirdin’ qara taslari’
doynag’i’nan qaqpasi’n.

Shayi’rdi’n’ turmi’sta hesh na’rsege jamanli’q, ta’g’dirdin’ qara taslari’ urmasi’n dep tolg’ani’wi’ joqari’dag’i’day ta’sirli qatarlarda bergen. Sonday-aq,

[1] Мәмбетов К. Қарақалпақ толғаўлары. Нөкис. «Билим», 1995, 3-бет.
[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,82-бет.

tolg’aw janri’ni’n’ qa’siyetlerin de wo’zinde ja’mlep, qi’sqa jeti-segiz buwi’ng’a quri’li’p, woqi’wg’a qolayli’qlar tuwdi’radi’.

Tolg’awlar negizinen uluwma tolg’awlar, tariyxi’y tolg’awlar ha’m avtorlari’ saqlang’an tolg’awlar boli’p bo’linedi. B.Genjemuratov tolg’awlari’nda ko’birek tariyxi’y waqi’yalar, jurt ti’ni’shli’g’i’ ha’m watandi’ qorg’aw ushi’n ma’rt, bati’r insan boli’w haqqi’nda ji’rlanadi’. Mi’sali’, “Berdaq shayi’rdi’n’ tolg’awi’”[1] qosi’g’i’nda “Xanlardi’n’ hiyle-shi’rmawi’g’i’ni’n’ sebebinen qaraqalpaq bati’rlari’ Begis penen Mi’rji’q a’rmanda ko’z jumdi’. Wo’kinish wo’zegin wo’rtegen Aydos biy de ko’p uzamay gelle qi’li’ndi’…

Yernazar alako’z de sheyit wo’ldi…

Xali’qti’ izine yertedi-aw biyleri ha’r jaqqa tartqanli’qtan, bati’rlari’ ha’r jaqqa su’yregenlikten, baylari’ wo’z bildigin islegenlikten, wolardi’ so’zine turg’i’zatug’i’n, to’relik, ka’tqudali’q yetetug’i’n kimse shi’qpag’anli’qtan boldi’ buni’n’ ba’ri…

Barli’g’i’n kewil ta’rezisine sali’p, ko’kiregi tani’p, ku’yinip ju’rgen Berdaq bi’lay dep i’n’i’rang’an yeken ”, - dep kiris so’z si’pati’nda berilgen qatarlar arqali’ pu’tkil bir qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tariyxi’ ko’z aldi’n’a keledi. Bunda yel birligi, xali’q tinishlig’i’ ha’m da’wir haqi’yqatli’g’i’ so’z yetilgen.

Bolar yeldin’ ballari’
birin biri “bati’r!” der.
Bolmas yeldin’ ballari’
birin biri “qati’n!” der.
Jaw quyi’lsa yeline
tuwi’sqani’n’ “jati’m!” der.
Na’ma’rtte nami’s bolmaydi’-
u’sh ku’n ashqa shi’damas.
Qan maydanda kisnegen,

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,50-бет.

g’arsh-g’ursh suwli’q tislegen,
bati’rdi’n’ mingen ati’n jer.

Bul qatarlar arqali’ lirikali’q qaharman teren’ qayg’i’g’a tu’sedi. Yag’niy, awi’zbirshilikli yelde ha’mme waqi’t ti’ni’shli’q boladi’, adamlari’, bati’rlari’ birlesip wo’z watani’n qarsi’ kelgen jawlardan aman ali’p qaladi’ dep tolg’ansa, birliksiz yelde hesh waqi’t ti’ni’shli’q bolmaydi’, tek g’ana bir-birin joq qi’li’wdi’ woylap jasaydi’, bunday jag’dayda xali’qti’n’ i’di’rap ketiwin, buni’n’ aldi’n ali’w ushi’n ha’r qanday xali’qta awi’zbirshilikti, tati’wli’qti’ uslap turatug’i’ basshi’ kerek yekenligi lirikali’q qaharmanni’n’ to’mendegi ku’yinish sezimleri arqali ta’sirli yetip berilgen.

Yeldin’ ka’tqudalari’
danali’q yetse basi’nan,
yel ketpeydi qasi’nan,
joli’nan taysa yeger de
jurtti’n uri’-sayag’i’
shi’bi’n janni’n’ g’ami’nda
bati’ri’n ati’p si’rti’nan
jigitlik ardi’ sati’p jer.
Bult bolmay jel bolmas,
jawi’n jawmay ko’l bolmas.
Mi’n’san biyden ne qayi’r,
sanmi’n’ ma’rtten ne qayi’r,
qa’tquda bolmay yel bolmas!...
Xalqi’m-aw, sag’an ne boldi’?!
Nami’si’n’ jawg’a jem boldi’…
Mi’n’ qi’yaldi’n’ da’rbenti,
qayda ju’rerin bilmey
Berdaq mun’g’a bati’p ju’r…
Berdaq mun’g’a bati’p ju’r…

Demek, bul ta'sirli qatarlarda shayi'r folklordag'i' tolg'aw janri'n sheberlik penen paydalani'p, Berdaq jasag'an da'wir ko'rinisin bergen. Bunda xali'q arasi'ndag'i' bo'liniwler, alawi'zli'qlardan ja'birlengen adamlar ta'g'diri lirikali'q qaharmannin' ishki ruwxi'y keshirmeleri, ayani'sh sezimleri arqali' sheber bayanlap bergen.

Sonday-aq, shayi'rdi'n' "Qardi'n' basi'n qar alar"[1] dep atalg'an terme-tolg'aw formasi'nda jazi'lg'an qosi'g'i'nda da insani'yli'q, adamgershilik yerkinlik ha'm hu'jdan ma'selelerin joqari' ko'terilgen. Mi'sali',

"Qardi'n' basi'n qar alar,
xanni'n' basi'n xan alar".
Ruwhi' qul bendeler,
tegi shiyki, qam bolar.

"Qardi'n' basi'n qar alar,
xanni'n' basi'n xan alar".
Ashli'qta qol jaymaydi',
Beglik attan tu'speydi,
tegi-hasi'lzadalar.

Bul keltirilgen qatarlarda lirikali'q qaharman ruwxi'y jaqtan jetik bolmag'an insanlar yele rawajlanbag'an, ja'miyette wo'z worni'na iye bola almaydi dep, sonday-aq, wo'mirde ha'mme na'rsege wo'z miyneti, wo'z ku'shi menen yerisken insanlar ha'mme waqi't joqari' boladi' dep adamlardi' ka'mil insan boli'wg'a shaqi'radi'.

Demek, shayi'r wo'z poeziyasi'nda folklordag'i' terme-tolg'awlardi' sheberlik penen paydalani'w arqali' woqi'li'wda qolayli'li'qqa ha'm ken' auditoriyag'a ta'sir yetiw da'rejesinin' joqari' boli'wi'na yerisken. Sonday-aq, watan ti'ni'shli'g'i', yel birligi siyaqli' teren' filosofiyali'q ha'm didaktikali'q woy-pikirlerdi keleshek a'wladqa ta'sirli' yetip jetkere alg'anli'g'i'n ko'riw

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,45-бет.

mu'mkin. Bul, a'lbette, shayi'rdi'n' qaraqalpaq folklori'ndag'i' do'retpelerdi jetik bilgenliginen da'rek beredi.

Al, shayi'r wo'zinin' «Shi'g'i'sta woyanbaqta da'w ug'lan-Turan», «Bizler bes tuwi'sqan», «Tu'rkan woyda "Jeti qaraqshi'"g'a telmirip», «Nuw payg'ambardi'n' aytqani'», «Jaqsi'dan-sharapat, jamannan-apat» siyaqli' bir qansha qosi'qlari' folklordag'i' an'i'z-a'psana ha'm xali'q do'retpelerinen paydalani'p, u'lgisine quri'lg'an. Wolar ko'rkem shi'g'armada birneshe ko'rkem poetikali'q funkciyani' atqarg'ani' ma'lim: Birinshiden, lirikali'q qaharmanni'n' woy-pikirlerin, ishki sezimlerin, xali'qti'n' du'nya tani'mi'n obrazli' yetip beriwde u'lken xi'zmet atqarg'an bolsa, yekinshiden, shi'g'arma mazmuni'n teren'lestiriwde avtor ideyasi'n woqi'wshi'g'a jetkeriwde ko'rkemlik wazi'ypasi'n da atqaradi'.

Juwmaqlap aytqanda, B.Genjemuratov poeziyasi'nda lirikali'q qaharman yel-jurt ti'ni'shli'g'i'n, millet ta'g'dirin woylap ku'yip jasaydi'. Sonday-aq, folklorli'q u'lgilerden paydalani'wi' arqali' ha'r qanday mazmun ha'm pikirdin' yerkin sa'wlelengenin sonday-aq, woqi'wshi'g'a ta'sir yetiw shen'berinin' ken' ko'lemde yekenin ko'riw mu'mkin. Bul arqali' shayi'rdi'n' xali'q awi'zeki do'retpelerin jetik bilgenligi ha'm wonnan sheber tu'rden paydalang'anli'g'i'n ko'remiz. Soni'n' menen birge, wo'z poeziyasi'nda tariyx?'y shaxslar ha'm tariyxi'y waqi'yalardi'n' sa'wlelendiriwi arqali' Watang'a bolg'an muhabbat ha'm patriotli'q sezimlerdi bere alg'an.

## 2.2. B.Genjemuratov poeziyasi'nda intim lirika

Bu'gingi ku'ni qaraqalpaq a'debiyati'nda B.Genjemuratovti'n' intim lirikasi' ko'rkemlik ha'm formali'q jaqtan bir qansha wo'zinshiliklerge iye. A'sirese, woni'n' muashshaq formadag'i' intim lirikasi' ha'r bir woqi'wshi'da qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatadi'.

Intim lirika ha'm woni'n' qa'liplesiw processi haqqi'nda rus, wo'zbek h.b. xali'qlar a'debiyatlari'nda teoriyali'q pikirler ayti'lg'an. Al, qaraqalpaq a'debiyati'nda intim lirikani'n' da'slepki a'ja'yip u'lgileri XIX a'sir klassik shayi'ri' A'jiniyaz do'retiwshiliginde ushi'rasadi'. Sonday-aq, keyingi da'wirlerde T.Jumamuratov, I.Yusupov, T.Ma'tmuratov, S.Ibragimov, X.Da'wletnazarov h.t.b shayi'rlardi'n' do'retiwshiliginde wo'z sa'wleleniwin tapti'. Al, intim lirika boyi'nsha teoriyali'q mag'li'wmatlar a'debiyattani'w iliminde so'zliklerde, woqi'w qollanbalarda, sonday-aq, ilimiy-izertlew jumi'slari'nda ushi'rasadi'[1].

«Bul termin lati'n tilindegi intimus so'zinen ali'ng'an boli'p, so'zlik ma'nisi boyi'nsha ku'ta' teren', ku'ta' ishki degendi bildiredi. Intim lirika lirikali'q qaharmanni'n' ju'regin awi'rti'p shi'qqan sezimlerin, jekke wo'zinin' da'rtlerin, ahi'w-zari'n beredi. Muhabbat sezimleri de jekke da'rtlerge jatadi'»[2]. Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde intim lirika "pinhani' lirika", "sezim lirikasi" dep te ju'ritiledi. "Intim ya'ki pinhani' lirika ko'pshilik lirikali'q shi'g'armalar ishki jan sezimlerdi ag'i'ti'p taslaydi'. Bunday shi'g'armalarda shayi'r ta'nha' wo'zine tiyisli ku'yinish, su'yinish yamasa ashi'qli'q sezimlerin beri'p ati'rg'anday, wo'zinin' ju'rek to'rinde jati'rg'an pinhami' si'rlari'n aship ati'rg'anday ko'rinedi"[3].

---

[1]Ҳотамов Н., Саримсоқов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча изоҳли луғати. Тошкент, «Ўқитувчи», 1979, Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. –Б.86.
[2]Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис, «Билим», 2004.
[3]Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қаракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. –Б.86.

Shayi’r B.Genjemuratovti’n’ intim lirikasi’ wo’zinin’ ko’rkemligi, lirikali’q qaharmanni’n’ sezimtalli’g’i’, obraz do’retiwde ko’rkemlew a’mellerinen sheber paydalani’wi’ menen wo’zgeshelenedi. A’sirese, lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimlerin bayanlag’an ko’rkem qatarlar woqi’wshi’ni’n’ ruwxi’y du’nyasi’na yerksiz ta’sir yetedi. Shayi’rdi’n’ intim qosi’qlari’ qurg’aq “ku’ydim, su’ydim” so’zlerinen ibarat yemes. Wol lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y tolg’ani’slari’n, pa’k muhabbati’n wo’zinshe boyawlar menen sa’wlelendirip, woqi’wshi’ni’n’ sezimlerine tu’rtki saladi’. Bul shayi’rdi’n’ wo’zgesheligi ha’m so’z saplaw sheberliginen da’rek beredi. «Intim lirikani’ do’retiwdin’ wo’z ni’zamli’qlari’ bar. Wol qanshelli intim bolg’ani’ menen qi’ppa-taylaq jalan’ash so’zlerdi su’ymeydi. Kerisinshe, bunday so’zler na’zik so’zlerdi toppaslap, woni’ kereksiz, ha’tteki, jerkinishli mu’likke aylandi’radi’. Ha’r bir shi’g’armasi’nda sezimlerin ji’lawlap, pikirler du’nyasi’n qi’psalap worap, woni’ ko’rkemlik boyawlari’ menen boyap jetkeredi. Bul woni’n’ poeziyasi’ni’n’ jetiskenliginin’, yer jetkenliginin’ belgisi»[1].

Janrli’q qa’siyeti boyi’nsha muhabbat lirikasi’ lirikali’q qaharmanni’n’ ju’rek to’rinen shi’qqan mo’ldir sezimlerdi beredi. Lirikali’q qaharmanni’n’ ju’rek sezimleri insang’a ta’n ta’biyiy (ji’ni’si’y) I’shqi’ni’n’ tiykari’nda payda boladi’ ha’m wolar si’rtqi’ du’nyawiy ta’sirlerdi’n’ na’tiyjesinde, atap aytqanda, ja’miyetlik ta’rtiplerdin’, u’rp-a’detlerdin’, turmi’sli’q normalardi’n’ ta’siri na’tiyjesinde, sonday-aq du’nyani’ ko’rken tani’wdi’n’ na’tiyjesinde etikali’q ha’m estetikali’q qa’siyetlerge iye boladi’. Muhabbat qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmandi’ adamg’a ta’n hasi’l qa’siyet bolg’an shi’n kewilden su’yiw sezimleri biyleydi[2].

Usi’nday janrli’q qa’siyetlerdi wo’zinde jamlegen poeziyali’q do’retpeler derlik ko’pshilikti quraydi’. Mi’sali’, woni’n “Bayag’i’ bag’lardi’n’ gu’lleri – wo’zge”, “Ja’ne mun’, sag’i’ni’sh… ja’ne yeski da’rt”, “- Allo… Bul kim? …

---

[1] Оразымбетов Қ. Сезимлер дүньясының есигин ашың (алғы сөз). // Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Н., Қарақалпақстан. 2012. 6-бет.

[2] Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. (woqi’w qollanba). No’kis, «Qaraqalpaqstan» baspasi’, 2012, 41-bet.

24 – 14!”, “A’lwidah, perishtem, a’lwidah!”, “Bunsha sho’llegensen’ ba’ha’rge, janim”, “Jani’m-aw… qa’lbin’degi ha’siret, shadli’q”, “Men seni izledin tan’nan. Tappadi’m”, “Qaylardadur si’n’si’g’an aqquw” h.t.b qosi’qlari’n intim lirikani’n’ a’jayip u’lgisi si’pati’nda ayti’wi’mi’zg’a boladi’.

Shayi’r B.Genjemuratovti’n’ intim lirikasi’ lirikali’q qaharmanni’n’ jan du’nyasi’ni’n’ go’zzal qi’rlari’n, azaplari’n, da’rtlerin sa’wlelendiriwge qarati’lg’an. Shayi’rdi’n’ lirikali’q qaharmani’ wo’z yari’na qalay yetsede sadi’q hali’nda su’wretlenedi.

Jani’m-aw… qa’lbin’degi ha’siret, shadli’q
ne ushi’n mo’lt-mo’lt yetip ko’zin’e uradi’?...
Sol payi’t ju’regimnen jali’n ag’i’li’p,
tamag’i’mda tas tu’yin ti’g’i’li’p turadi’.

Jani’m-aw… qanshali’q qatti’ bolmayi’n.
Bundayda wo’zimdi tuti’wi’m qi’yi’n.
Ayrali’q qosi’g’i’n aytsan’ ha’rdayi’m
Qaran’ qalg’i’r “tasti’ juti’wi’m” qi’yi’n…[1]

Bunda lrikali’q qaharmanni’n’ ishindegi sag’i’ni’sh, yari’na bolg’an su’yispenshiligi giperbolali’q su’wretlew arqali’ sheber su’wretlengen.

Sonday-aq, shayi’r intim lirikani’ beriwde wo’zgeshe usi’l ha’m formalardan paydalani’p, woni’n’ ken’ auditoriyag’a ta’sir yetiwshen’ligin artti’radi’. Mi’sali’, shayi’rdi’n’ to’mendegi qosi’q qatarlari’n alayi’q:

Ju’regimdi saqlap yedim qol jetpes qarli’ shi’n’larda,
Ay, sen perden’nen si’g’alap, qa’lbimdi muzsi’z, qarsi’z yettin’.

Ta’kabbir “boycoviy qorazday”, Gu’ldi mensinbes yedim,
Beklik qanatlari’mdi’ juli’p, qorazdi’ pa’rsiz yettin’.

---

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,110-бет.

“I’shqi’ perisine bende bolg’annan wo’lgenim jaqsi’”,
Desem, qayshi’n’ menen qi’l arqandi’ kesip, darsi’z yettin’.

Jo’nin’e ju’rmedin’ sen. U’rkittin’ menlik Aqquwlardi’,
Kelsen’-kel Sa’nemlerdi mennen bezdirip, yarsi’z yettin’.

Pa’kize, uyalshaq suwpi’day mu’sa’pir Baxti’yardi’n’
Qollari’n, jollari’n, ko’zlerin ha’m wo’zin arsi’z yettin’!...[1]

Bul yeki qatarli’ qosi’qlar wo’zine ta’n wo’zgesheliklerge iye. Wonda qollani’lg’an ko’rkem su’wretlew qurallari’ lirikali’q qaharmanni’n’ yag’niy shayi’rdi’n’ muhabbat da’rtine shali’ni’p, azar shekken ishki ruwxi’y du’nyasi’ sa’wlelengen. Lirikali’q qaharman wo’zin boycoviy qorazg’a ten’ew arqali’ muhabbatqa bas iymes insan yekenligin ha’m suwpi’g’a ten’ew arqali’ “qoy awzi’nan sho’p almag’an” bala yekenligin aytadi’. Sonday-aq, qosi’qta qollani’lg’an antitezali’q su’wretlewler poetikali’q ko’rkemlikti artti’ri’p tur.

B.Genjemuratovti’n’ intim lirikalarini’n’ ja’ne bir wo’zgesheliklerinen biri wolardi’n’ muashshaq formada beriliwi boli’p yesaplanadi’. Muashshaq tu’rkiy xali’qlar a’debiyati’nda yerteden-aq taralg’an qosi’q formasi’ boli’p yesaplanadi’. Muashshaqti’n’ klassikali’q u’lgileri Maqti’mquli’, Abay, A’jiniyaz do’retiwshiliginde ko’rinedi. Sonday-aq, wo’zbek klassikali’q a’debiyati’nda muashshaqti’n’ suli’w u’lgilerin Munis, Agahiy, Uvaysiy, Muqimiy, Furqat si’yaqli’ shayi’rlar do’retken. «Muashshaq arabsha – *bezelgen, pardozlang’an* degen ma’nisti bildiredi. Qosi’q wo’nerinin’ bir tu’ri. Tu’rkiy poeziyag’a arab poeziyasi’nan kirip kelgen. Qosi’q qatarlari’ni’n’ yen’ basi’ndag’i’ ha’riplerdi joqari’dan to’menge qaray woqi’g’anda bir adamni’n’ yamasa basqa na’rsenin’ ati’ yamasa laqabi’ shi’g’adi’. Muashshaq wo’zinin’ qa’siyetleri boyi’nsha antik grek poeziyasi’ndag’i’ akrostixlarg’a jaqi’nlasadi’»[2].

---

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,142-бет.
[2]Ахметов С, Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-каракалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. –Б.86.

Shayi’rdi’n’ «Jog’altti’m» atli’ muashshaq formasi’nda jazi’lg’an qosi’q qatarlari’ temasi’ boyi’nsha muhabbat yag’ni’y lirik qaharmanni’n’ ishki tolg’ani’slari’n, sezimlerin bayanlaydi’. Qosi’qti’n’ kompoziciyali’q quri’li’si’ tarti’mli’, bunda qatarlardi’n’ basi’ndag’i’ bas ha’riplerde «Qa’lligu’l» degen qi’zdi’n’ ati’ kelip shi’g’adi’.

Qali’ bar gu’ldi ko’rip, sabi’r-qarardi’ jog’altti’m,
Az-maz uyati’m bar yedi, uyat-ardi’ jog’altti’m,
La’binde ku’lki ko’rip, qam su’t yemgen bende boldi’m,
Lal boldi’ hu’sn-ko’rkin’e, u’yge sapardi’ jog’altti’m,
Ishqi’n’da da’rwish boldi’m, «Cheremushka» arasi’nda,
Ga’p aytti’m alji’-bulji’, wo’zimde bardi’ jog’altti’m,
U’yin’nin’ qapi’si’n mezgilli-mezgilsiz qaqqi’m keler,
Lap yemes, shi’n so’zim, Ma’jnu’n Baqti’yardi’ jog’altti’m ...[1]

Shi’g’armani’n’ atamasi’n woqi’y woti’ri’p, lirik qaharman wo’z su’ygen yari’n jog’altqan  dep woylaw mu’mkin. Lekin, tekst penen tani’si’p, woni’n’ wo’zgeshe bag’darda yekenligin an’laymi’z. Bunda lirikali’q qaharman-shayi’rdi’n’ wo’zi. Woni’n’ su’ygen qi’zi’na bolg'an i’shqi’-muhabbati’ kem-kem ku’sheyip bari’wi’ gradaciyali’q usi’lda berilgen. Lirikali’q qaharman da’slep sabi’r-qarari’n, uyat-ari’n, u’yin, wo’zinde bari’n yen’ son’i’nda, ha’tteki, insan si’pati’ndag’i’ wo’zligin jog’altqanlig’i’n aytadi’ (“Lap yemes, shi’n so’zim, Ma’jnu’n Baqtiyardi’ jog’altti’m…”). Demek,  bunda shayi’rdi’n’ aytajaq bolg’an woy-pikirleri yag’niy muhabbat sezimi si’rtqi’ formani’n’ suli’wli’g’i’ ha’m mazmun ta’sirliligi menen birikken halda ashi’p berilgen.

Sonday-aq, usi’nday muhabbat sezimlerin beriwshi qatarlar shayi’r S.Ibragimovti’n’ “Izlesem tappayman bag’ arasi’nan”[2] dep baslanatug’i’n qosi’g’i’nda da ushi’rasadi’. Wonda lirikali’q qaharman yari’ni’n’ kelmegenliginen “Men buri’n ko’p yedim, men bu’gin azban” dep nali’sh yetedi.

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Н., Қарақалпақстан. 2012. 69-бет.
[2] Ибрагимов С. Бесинши мәүсим. Нөкис. Қарақалпақстан. 1986, 14-бет.

Juldi’z jerge tu’ser - qasi’mda joqsan’!
Samal qayti’p yeser - qasi’mda joqsan’!
Tag’i’ qara no’ser - qasi’mda joqsan’!
Men buri’n ko’p yedim, men bu’gin azban.

Yendi da’regin’di qaydan tabarman –
yendi ju’regimde qaladi’ a’rman –
yendi men samalg’a si’bi’rlanaman –
men bir ali’slarda umi’tilg’an sazban.

Shayi’rdi’n’ «Nazli’ ku’lkin’ qalsi’n» atamasi’ menen berilgen Genjexan degen qi’zdi’n’ ismi shi’g’atug’i’n muashshag’i’ da muhabbat temasi’nda jazi’lg’an. Mi’sali’,

Gu’lge jarasadi’ ashi’li’w, jaynaw –
Yerkem, ku’lki-shadli’q Sizge jarasar!
Na’yleyin, mu’mkin yemes Aydi’ jasi’ri’w...
Jigitler «waq!» desip Sizge qarasar!..
Yerkem, bir ku’l qa’ne, Quyash nuri’nday!
Xanan’ tan’g’i’ Gu’ldey jawdi’rap tursi’n!
Aq maral si’yaqli’ keril buri’ng’i’day...
Nazli’ ku’lkin’ qalsi’n, basqasi’ quri’si’n! [1]

Qosi’q ishki sezimlerge bay. Wonda lirikali’q qaharmanni’n’ ju’regindegi muhabbat sezimnin’ “ha’wiri” a’tirapqa tarali’p turg’anday seziledi. Sebebi, wonda ishki sezimleri lawlap jani’p turg’an lirikali’q qaharman ushi’n muhabbat sezimi, su’ygen yarinin’ go’zzalli’g’i’, shadli’qqa toli’ bir ku’lkisi ha’mme na’rseden u’stin yekenligi («... Nazli’ ku’lkin’ qalsi’n, basqasi’ quri’si’n!) ta’sirli berilgen.

Shayi’r do’retiwshiliginde peyzaj lirika arqali’ ku’shli intim lirikali’q sezimlerdi beri’w ta’sirshen’lik da’rejeni artti’ri’p tur. Wonda ba’har, jaz, gu’z

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Н., Қарақалпақстан. 2012. 102-бет.

ha’m qi’s ma’wsimlerine ha’r qiyli’ ma’ni ju’klep, poetikali’q sheberlikte bergen. Ma’selen, gu’z ma’wsimin shayi’r ha’m ayri’li’q, ha’m sag’i’ni’sh simvoli’ si’pati’nda berip, lirikali’q qaharmanni’n’ ishki muhabbat debdiwlerin sa’wlelendiredi. Mi’sali’,

Gu’z, sag’an usamayman.
Senin’ saltanatli’ qa’demlerin’de,
ayrali’q, ayrali’q, ayrali’q…

Gu’z sag’an usamayman.
Biraq ju’regimde –
sag’i’ni’sh, sag’i’ni’sh, sag’i’ni’sh…[1]

Uluwmalasti’ri’p aytqanda, shayi’r qosi’qlari’nda lirikali’q qaharmanni’n’ ju’regindegi usi’nday ku’ta’ ishki, pinhami’, soni’n’ menen birge ko’terin’ki ha’m suli’w muhabbat sezimlerin wo’zgeshe ko’rkem forma arqali’ sheberlik penen bergen. Mazmunli’q ta’repten intim lirika, al, formasi’n muashshaq boyi’nsha qosi’qlari’ B.Genjemuratovti’n’ wo’zine ta’n shayi’rli’q sheberligin – mazmun teren’ligi menen forma suli’wli’g’i’n birlestire ali’w wo’zinsheligin an’latadi’.

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 107-бет.

# 3-BAP. B.GENJEMURATOV POEZIYASI’NI’N’ KO’RKEMLIK WO’ZGESHELIKLERI

## 3.1. Ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m woni’n’ qosi’qtag’i’ ko’rkemlik xi’zmeti

B.Genjemuratov do’retiwshiliginde mazmundi’ ko’rkem yetip jetkeriwde ishki formali’q wo’zgesheliklerinin’ biri ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ sheberlik penen paydalani’wi’ yesaplanadi’.

A’debiyattag’i’ ko’rkemlew qurallari’ni’n’ teoriyali’q tiykarlari’ ko’plegen ilimpazlar ta’repinen u’yrenilgen[1]. Biraq, B.Genjemuratov poeziyasi’nda ko’rkemlew qurallari’ yele toli’q izertlengeni joq. Sonli’qtan, bul jag’day ma’seleni’n’ aktualli’li’g’i’n ko’rsetip tur. Atap aytqanda, B.Genjemuratov poeziyasi’nda so’zlerdin’, so’z dizbeklerinin’ awi’spali’ ma’niste qollani’li’wi jiyi ushi’rasadi’. Al, a’debiyattani’w iliminde so’zdin’ bunday awi’spali’ ma’niske ko’shiwi trop termini menen ju’ritiledi. Ani’g’i’raq ayqanda, «Trop (Grekshe tropos – basqa bir na’rsege aylani’w ma’nisinde)». Ko’shpelilik ko’rkem shi’g’armada bir na’rseni sa’wlelendiriw ushi’n so’zlerdin’ wo’zinin’ tu’pkilikli ma’nisinde yemes, al ko’shpeli mag’anada qollani’w. A’debiyatta tropti’n’ metafora, metonimiya, sinekdoxa, allegoriya, litota, simvol si’yaqli’ tu’rleri bar»[2]. Shi’g’armadag’i’ usi’nday ko’rkemlew qurallari’n u’yrengen rus ilimpazi’ B. Tomashevskiy wolardi’ u’shke bo’lip u’yrenedi:[3]

1. Evfoniya (ses u’nlesligi)
2. Poetikali’q leksika
3. Poetikali’q sintaksis

[1] Иззат Султан. Адабиёт назарияси. Тошкент. Ўқитувчи. 1980. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Дарслик. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирмели сөзлиги. Нөкис. Билим. 1994. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис, «Билим», 1997. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 219-бет.

[2] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 219-бет.

[3] Томашевский Б.В. Теория литературы. Поэтика. Москва, 2011 ж. 301-б.

Evfoniya- bul ses u’nlesligi yag’ni’y ko’rkem shi’g’armada dawi’sli’ yaki dawi’ssi’z seslerdin’ poetikali’q maqsette u’nlesip keliwi, wog’an alliteraciya, assonans ha’m tag’i’ basqalar kiredi.

Poetikali’q leksika-so’z tan’law usi’li’ boli’p, wog’an arnawli’ leksikali’q birlikler (dialektizm, varvarizm, neologizm) ha’m basqa da troplardi’ kirgizedi. Al, wo’zbek a’debiyatshi’si’ T.Boboev troplardi’ u’sh bo’limge bo’lip u’yrenedi:[1]

1. Komporativ (uqsas) troplar. Troplardi’n’ bul topari’na su’wretlew obektinin’ si’rtqi’ ko’rinisi boyi’nsha wo’zine uqsas bolg’an obektke sali’sti’ri’w tiykar yetip ali’nadi’. Wog’an metafora, epitet, janlandi’ri’w, simvol, allegoriyani’ kirgizedi.

2. Kontigual troplar. Bunda su’wretlew obekti ko’rinisi jag’i’nan wonshelli uqsas bolmag’an, biraq tu’sinigi boyi’nsha jaqi’nli’gi’ bolg’an obektke sali’sti’ri’ladi’, wog’an metonimiya, giperbola, litota, sinekdoxani’ kirgizedi.

3. Kontrast - qarama-qarsi’li’qti’ bildiriwshi troplar boli’p, wog’an ironiya, antiteza, oksimoron ha’m tag’i’ basqalardi’ kirgizedi. Qaraqalpaq a’debiyati’nda geypara ilimpazlari’ ta’repinen troplar u’yreniwdi, al geyparalari’ woni’ bo’lek aji’rati’p u’yreniwdi maqullaydi’. Uluwma ko’rkemlew qurallari’ shayi’rdi’n’ wo’zine ta’n so’z tan’law sheberligin ko’rsetiw menen birge shi’g’armani’n’ ko’rkemliligin ta’miynlewshi a’mellerdin’ biri boli’p tabi’ladi’.

B.Genjemuratov lirikalari’nda tropti’n’ yen’ a’piwayi’ tu’ri dep yesaplang’an ten’ewlerdi de ayri’qsha ma’ni beriwde sheber paydalang’an. Ten’ew «Ko’rkem shi’g’armada bir zatti’ yekinshi bir zat penen sali’sti’ri’p ko’rsetiw. A’dette, ko’rkem shi’g’armalarda ten’ewler qaraqalpaq tilinde –day/ -dey, -tay/-tey t.b. si’yaqli’ qosi’mtalardi’n’ qosi’li’wi’ arqali’ jasaladi’ ha’m woy-pikirdin’ obrazli’li’g’i’n, ta’sirliligin, teren’ woyli’li’g’i’n keltirip shi’g’aradi’»[2].

---

[1] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент. Ўзбекистон. 2002. 320-329 б.
[2] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 200-бет.

Ko’z aldi’mda
quwi’rmashtay quwi’ri’lg’an qumlar
shashi’lip ketedi –
qa’lbimde pikirler shashi’lar:
qaraqalpaqti’n’ wo’tmishi dep u’yrenilgen ji’llar
ustalarsi’z qalang’an gerbishler yan’li’,
qi’yali’mda… ji’g’i’la baslar…[1]

Bul yerkin formag’a quri’lg’an qosi’qta shayi’r ta’repinen xali’q ta’g’diri, woni’n’ tariyxi’ ayani’shli’ tu’rde so’z yetiledi. “Quwi’rmashtay quwi’ri’lg’an qumlar” bul qatar giperbolali’q si’patqa iye boli’p, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tariyxi’ndag’i’ qi’yan keski waqi’yalar, xali’qti’n’ ayani’shli’ ta’g’diri quwi’rmashtay boli’p quwri’lg’an qumlarg’a ten’eli’p tur.

qaraqalpaqti’n’ wo’tmishi dep u’yrenilgen ji’llar
ustalarsi’z qalang’an gerbishler yan’li’,

Bul qatarlarda shayi’r qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’tken tariyxi’nan, wo’tmishinen nali’ydi. Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’tmishin ustalarsi’z qalang’an gerbishlerge ten’ewi tariyxti’n’ bir tegis bolmag’anli’g’i’n ayti’p turg’anday seziledi.

Shayi’rdi’n’ muashshaqlar du’rkinindegi qosi’qlari’nda da ten’ewler wo’nimli qollani’ladi’. Ma’selen, woni’n’ usi’ du’rkinde «Shu’kir...» atamasi’ menen berilgen «Qashan kelesiz?» muashshag’i’nda mazmun teren’ligin ku’sheytiw ushi’n ten’ewden wori’nli’ paydalani’lg’an:

Qudag’a mi’n’ qatle shu’kir, razi’man!
Appaq qollari’n’a qollari’m tiydi...
Shug’lag’a bo’lendim i’shqi’ sazi’nan,
Ayday ju’zin’izge la’blerim tiydi...[2]

[1]Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 38-бет.
[2]Генжемуратов Б. Наўрыз самаллары (акростихлер дүркини) // «Қарақалпақстан жаслары», 2000, № 17, 27-апрель.

Bunda ten’ewdin’ -day qosi’mtasi’ arqali’ qi’zdi’n’ kelbetinin’ go’zzalli’g’i’n shayi’r aydi’n’ go’zzalli’g’i’na ten’ep ati’r. Bul da’stanlarda ha’m Shi’g’i’s poeziyasi’nda qi’zdi’n’ go’zzali’g’i’n su’wretlewde ko’p qollani’latug’i’n da’stu’riy su’wretlewlerdin’ biri.

Du’rkindegi «Gu’misay» muashshag’i’nda go’zzal qi’zdi’n’ u’lbirep turg’an yerinleri shiyege ten’eledi. Ma’selen:

Gu’ller go’zzal yemes, la’blerin’ go’zzal!
U’lbirep turi’pti’, shiyedey qi’zi’l.

Bunda lirikali’q qaharmanni’n’ go’zzal qi’zg’a bolg’an ishki sezimlerin shayi’r ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ ja’rdeminde sa’wlelendiredi. Qosi’qta shayi’r su’wretlenip ati’rg’an go’zzal qi’zdi’n’ na’zikligin su’wretlew ushi’n woni’n’ u’lbirep turg’an yernin shiyenin’ qi’p-qi’zi’l ren’ine sali’sti’radi’.

Uluwma, shayi’r do’retiwshiliginde ten’ewlerdi analizley woti’r’i’p, wolardi’n’ jiyi qollani’lg’anli’g’i’ni’n’ gu’wasi’ boldi’q. Mi’sali’, “Saylandi’ shi’g’armalar”i’nda ten’ewlerdin’ qollani’li’w jiyiligi to’mendegishe:

-day qosi’mtasi’ arqali’ 71 so’z;

-dey qosi’mtasi’ arqali’ 39 so’z;

-tay qosi’mtasi’ arqali’ 18 so’z;

-tey qosi’mtasi’ arqali’ 8 ten’ew so’zleri jasalg’an.

Solardan, “tal” so’zine “-day” qosi’mtasi’n qosi’w arqali’ 4 ten’ew jasalg’an.

“Tallarday mu’lgigen saratandag’i’”,
“Ma’jnu’n talday g’amgu’n wo’mirin’”,
“japi’rag’i’ to’gilgen talday a’rmanli’m”,
“Gelleklengen talday toqalaq u’mitler”.

“Gu’l” so’zine “-dey” qosi’mtasi’n qosi’w arqali’ to’mendegishe ten’ewler jasalg’an. Mi’sali’,

“La’bleri lala gu’ldey – posalarg’a saqi’y. Biraq ta,”,
“Xanan’ tan’g’i’ Gu’ldey jawdi’rap tursi’n”,
“Gu’llerdey ashi’l, Samal”,

“Gu’ldey la’blerinen su’yer yedim men!”,

“Gu’ldey siynesinin’ iysine toyi’p”,

“Jani’ na’zik gu’ldey, al biraq”.

Soni’n’ menen birgelikte, shayi’r do’retiwshiliginde ten’ewler siyaqli’, yan’li’, kibi, ta’qilette, mi’sali’, misli, megzer tirkewishlerinin’ tirkeliwi arqali’ jiyi jasalg’anli’g’i’ni’n’ gu’wasi’ bolami’z. Mi’sali’, yan’li’ so’zinin’ tirkeliwi arqali’ 23 ten’ew so’zi, siyaqli’ arqali’ 5 ten’ew, kibi, mi’sali’, megzer ko’mekshi so’zleri arqali’ 3 ten’ew, misli tirkewishi arqali’ 7 ha’m taqlet so’zi arqali’ 1 ten’ew jasalg’an.

Sonday-aq, shayi’r do’retiwshiliginde metaforalardi’n’ tutqan worni’ wo’z aldi’na. «Metafora (Grekshe metaphora – awi’sti’ri’w, wo’zgertiw so’zinen, meta – qaytadan, phora – ko’shiremen). Ko’rkem su’wretlew qurallari’ni’n’ biri. Metafora – zatlardi’ bir-birine megzetiwge tiykarlang’an awi’spali’ su’wretlewdin’ tu’ri. Metafora ten’ewdey yetip zatlardi’ sali’sti’rmaydi’, al uqsatadi’, megzetedi»[1]. Ja’ne de «Metafora yeki predmet yaki waqi’ya (uqsati’li’p ati’rg’an ha’m uqsap ati’rg’an) wortasi’ndag’i’ uqsasli’qqa tiykarlanadi’: uqsati’li’p ati’rg’an na’rsege uqsap ati’rg’an na’rsenin’ qa’siyetleri, si’pati’, belgileri ko’shirip wo’tkeriledi»[2]. Metaforalar arqali’ shayi’r lirikali’q qa’harmannin’ ishki debdiwlerin, wo’mir joli’n bayanlasa, geyde muhabbattan azap shekken sezimlerin beredi, al bazi’da bolsa shayi’r wo’z filosofiyali’q woylari’n metafora arqali’ bayanlaydi’.

Ko’n’ilim na’zik yedi,

Al sen  tas yedin’.

Shi’rayli’ gu’l yedin’ tikenin’ menen!

”Nazi’n’ at ko’termes”....

wo’zin’ ma’s yedin’.

Sen bir sherbet yedin’ za’ha’rin’ menen![3] (117-bet)

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 130-бет.

[2] Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, «Ўзбекистон», 2002, 328-329 бб.

[3]Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012.

Bunda shayi’r ta’biyat qubi’li’slari’na jan berip, qi’sti’n’ qa’ha’rli suwi’g’i’n, ayazli’ qari’n suli’w qi’zg’a ten’ep, woni’n’ suli’wli’g’i’n, qaysarli’g’i’n uluwma yerkelik si’patlari’n gu’l yedin’, tas yedin’, sherbet yedin’ siyaqli’ tutas metaforali’q su’wretlewler arqali’ beredi.

Metaforani’n’ usi’nday ko’rkemlew xi’zmeti haqqi’nda tu’rkmen a’debiyatshi’si’ R. Rejebaev bi’lay jazg’an yedi: «Lirikani’n’ ta’jiriybesinde, poeziyani’n’ tariyxi’nda lirika metaforasi’z bolmag’an ha’m bolmaydi’ da, metaforasi’z lirika lirikali’q mazmung’a iye bola almaydi’.[1] Bul ilimiy pikirlew metaforasi’z lirikani’n’ lirikali’q go’zzalli’qqa, lirikali’q mazmung’a iye bola almaytug’i’ni’n ko’rsetedi.

Metaforalar wo’z ta’biyati’na go’re ten’ewlerge jaqi’n turadi’. Ten’ew de metaforda yeki predmetti bir-birin sali’sti’ri’w arqali’ su’wretlew obektin obrazli’ ha’m shi’n yetip ashadi’. Sonli’qtan, ayi’ri’m ilimiy miynetlerde metaforalardi’ «jasi’ri’n ten’ewler», «qi’sqa ten’ewler» degen pikirler de ushi’rap turadi’. Biraq ten’ewler menen metaforalardi’n’ wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri bar. Ha’r qanday toli’q ten’ewde to’rt element – uqsag’an na’rse, uqsati’li’p ati’rg’an na’rse, uqsas belgi ha’m ten’ew qosi’mtalari’ boli’wi’ sha’rt bolsa, metaforalarda usi’ elementlerdin’ tek birewi boladi’[2]. Bunnan ti’sqari’, ten’ewde ko’binese tuwri’ ma’nisinde qollani’lsa, metaforada awi’spali’ ma’nide qollani’ladi’. Mi’sali’,

Gu’lge jarasadi’ ashi’li’w, jaynaw –

Yerkem, ku’lki-shadli’q Sizge jarasar!
Na’yleyin, mu’mkin yemes Aydi’ jasi’ri’w...
Jigitler «waq!» desip Sizge qarasar!..
Yerkem, bir ku’l qa’ne, Quyash nuri’nday!
Xanan’ tan’g’i’ Gu’ldey jawdi’rap tursi’n!
Aq maral si’yaqli’ keril buri’ng’i’day...

---

[1] Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. Нөкис. 1997 ж. 13-бет.
[2]Салаев Ф, Курбаниёзов Г. Адабиётшунослик атамаларининг изоҳли сўзлиги. Тошкент. «Янги аср авлоди», 2010, 131-бет.

Nazli’ ku’lkin’ qalsi’n, basqasi’ quri’si’n![1] (102-bet)

Shayi’rdi’n’ «Nazli’ ku’lkin’ qalsi’n» muashshaq formadag’i’ qosi’g’i’nda “gu’l” ten’ew tu’rinde qollani’li’p, wonda tiykarg’i’ to’rt element qatnasqan.

1. ten’eliwshi predmet, yag’niy ten’elip ati’rg’an obekt – xana
2. ten’estiriwshi predmet, yag’niy uqsawshi’ obraz – gu’l
3. ten’eliwshi ha’m ten’estiriwshina’rselerdin’ uqsasli’q belgisi – jawdi’raw
4. ten’ew qosi’mtasi’ – dey

Al, to’mende keltirilgen qatarlarda “gu’l” so’zi metafora boli’p yesaplanadi’. Mi’sali’,

Si’n’q-si’n’q ku’ldi: “Men bir gu’lmen.
Bag’di’ qi’ynar sho’l…- dedi-
Qorqsan’ uri’ boli’wdan sen,
Jigit bolmay wo’l …”- dedi[2]

Bul keltirilgen birinshi qosi’qta lirikali’q qaharman qi’z wo’zin gu’lge megzetiliw arqali’ ayi’ri’m belgilerin: na’zikligin, suli’wlig’i’n obrazli’ bergen.

Ko’rkem a’debiyatta metafora predmetlerdi, waqi’ya-qubi’li’slardi ayqi’n, ta’sirli sa’wlelendiriw ushi’n qollani’ladi’. Ko’rkem shi’g’arma o’mir, ja’miyet, ta’biyat ha’m insanni’n’ ruwxi’y du’nyasi’ndag’i’ qubi’li’slardi’n’ ko’rkem sa’wleleniwi boli’p yesaplanadi’. Usi’ qubi’li’slardi’n’ beriliwinde, shi’g’armani’n’ ko’rkemligin ta’miyinlewde, oni’n’ mazmun teren’ligin ju’zege shi’g’ari’wda metaforani’n’ a’hmiyeti u’lken. Metafora-ko’rkem shi’g’armani’n’ qunli’li’g’i’n ta’miyinlewshi a’mellerdin’ biri. Wori’nli’ tabi’lg’an metaforalar do’retiwshinin’ niyetin, alg’a qoyg’an ideyalari’n, woy-pikirlerin toli’q ha’m ko’rkem jetkere aladi’. Mi’sali’:

Baxti’yarda qosi’q joq. Qaraqalpaqtan ji’r ketti…

[1]Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,102-бет.
[2]Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,134-бет.

“Tiriler”den tu’n’ilip, bul du’nyadan tiri ketti…

Yendi g’ana yer jetken Poeziya jetim qaldi.

Shayi’rlardi’ ji’lati’p Ulli’ Ibrayi’m piyrim ketti…[1]

Bul jerde qosi’q, ji’r – qaraqalpaq poeziyasini’n’ janrlari’ni’n’ biri. Usi’ wori’nda B.Genjemuratov shayi’r Ibrayi’m Yusupov qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ sultani’, ulli’ tulg’a yekenligin ko’rkemlep jetkeriw ushi’n shayi’rdi’ qosi’q ha’m ji’rg’a megzetip, woni’n’si’z qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ jekkelenip qalatug’i’nlig’i’ obrazli’ tu’rde su’wretlengen.

Metafora – so’zdin’ mag’anasi’n wo’zgertip ayti’w, su’wretlew obektin yele de ayqi’nlap, suli’wlandi’ri’w ushi’n wolardi’ wo’zlerine uqsas zatqa ya’ki qubi’li’sqa megzetiw, solay yetip mazmun ko’rkemligin ta’miyinlew boli’p yesaplanadi’.

Aqi’li’ma bag’i’nbas ju’rek.

Sezimlerim - lawlag’an jali’n.

Sho’listang’a bir bulaq kerek.

Tu’n qoyni’na juldi’zli’ sag’i’m.

Sen – jumbaqsan’. Sheshilmeysen’ hesh.

Bul ba’ha’rdin’ qu’diretimeken?!

Gu’l bolsan’ sen quyash ushi’n wo’s,

Soqpaqlarda bolmasi’n tiken.[2]

Bul keltirilgen qatarlarda lirikali’q qaharmanni’n’ ishki gu’yzelisleri, muhabbati’na bolg’an sag’i’ni’sh, jaqsi’ ko’riw sezimleri suli’w, ko’rkem ha’m ta’sirli tutas metaforalar arqali’ berilgen. Lirikali’q qaharman sezimlerin “lawlag’an jali’n”g’a , wo’zin quwrag’an “sho’listan”g’a, muhabbati’n “sirli’ jumbaq”qa megzetedi. Sonday-aq, lirikali’q qaharmanni’n’ muhabbatqa ko’z qarasi’, quwani’sh, sag’i’ni’sh, wo’kinish-ku’yinishleri, ishki ruwxi’y halati’ to’mendegi qatarlarda metaforani’n’ a’jayip u’lgilerinde ta’sirli yetip berilgen.

[1]Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 30-бет.

[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,141-бет.

Quli’n’a i’shqi’dan basqa ne da’rkar?!
Lapi’ldap ju’regime yenesen’ sen.
Jali’nlar ummani’na aylanar Baxti’yar!
Qa’lbimdi dumanlati’p si’bi’rlaysan’ sen:
-Men yele dawi’l boli’p kelemen yerten’…
Men yele jawi’n boli’p kelemen…

Sen – yerteksen’. Men bir na’reste.
Tu’nlerde qushag’i’n’da buyi’qti’rasan’.
”Yer jettim, bir posa alayi’n” desem,
wo’ptirmeysen’ ushi’p turasan’,
Ja’ne si’bi’rlaysan’ ju’regime:
-Sen bala delbe boli’p ketesen’ yerten’...
Sen bala delbe boli’p ketesen’...[1]

Lirikali’q qaharmanni’n’ ishki halati’n, sag’i’ni’sh sezimlerinin’ ku’shli yekenligin “jali’nlar ummani’” metaforasi’ arqali’ ha’m ju’regine qandayda bir tu’siniksizlik tu’skenligin ”qa’lbimdi dumanlati’p” metaforasi’na awi’sti’rg’an. Sondaq-aq, qosi’qta qollani’lg’an *dawi’l boli’p, jawi’n boli’p, sen-yerteksen’, men bir na’reste* siyaqli’ metaforalar obraz do’retiwde ha’m ishki formani’ beriwde u’lken a’hmiyetke iye boli’p tur. Woni’n’ shi’g’armalari’ndag’i’ ha’r bir wori’nli’ tabi’lg’an metoforalar do’retiwshinin’ niyetin, alga qoyg’an ideyalari’n, woy-pikirin toli’q ha’m ko’rkem jetkere aladi’.

Usi’nday metaforalar shayi’r S.Ibragimovti’n’ ”Yerteklerge mu’ta’jben” dep baslanatug’i’n qosi’q qatarlari’nda lirikali’q qaharmanni’n’ ishki debdiwlerin ha’m su’ygen yari’na bolg’an sag’i’ni’sh sezimlerin bildiriw ushi’n obrazli’ tu’rde qollani’lg’an.

Yerteklerge mu’ta’jben.
Kelermisen’

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,140-бет.

qaran'g'i' tu'nimdi urlag'an

na'restem?[1]

Sonday-aq, shayi'rdi'n' poeziyasi'nda jekke wo'zine ta'n bolg'an metaforali'q su'wretlewlerdi de ushi'rati'wg'a boladi'. Mi'sali':

Sen'ler qozg'aladi'…

Qi'sti'n' sen'leri.

Da'ryani'n' ag'i'si'-

Ruwhi'mni'n' ag'i'si'.

Son'g'i' appaq qarg'a ko'miledi

qa'lbimnin' mart ayi',

qa'lbimnin' apreli… [2]  (122-bet)

Bunda qollani'lg'an "ruwhi'mni'n' ag'i'si'", "qa'lbimnin' mart ayi'", "qa'lbimnin' apreli…" metaforalari' shayi'rdi'n' wo'mirindegi qandayda bir yeste qalarli' ma'writlerdi beriw ushi'n qollani'lg'an.

(… Ayag'i'm – Bati'sta,

Basi'm – Shi'g'i'sta,

Ju'regimde – Saratan…)

Siyasat – duwtardur,

woni'n' tarlari'n

talg'amsi'z uri'p tur neytron sawsaqlar[3].

Bunda "Saratan"- peyzaj lirikani'n' formasi', wol yelimizdegi bir ma'wsimdegi i'ssi', qaynag'an ta'biyat ko'rinisi. Al, bul jerde "Saratan" metafora si'pati'nda lirikali'q qaharmanni'n' ju'reginde lawlap ati'rg'an ja'miyetke, turmi'sqa bolg'an woy-pikirlerin bildiriw ushi'n qollani'lg'an. Bunday mazmundi' wo'zinde sa'wlelendirgen metafora A.Aripovti'n' "Saratan" atli' qosi'g'i'ndag'i' qatarlarda da ushi'rasadi'.

---

[1] Ибрагимов С. Бесинши мәүсим: Қосықлар.- Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986, 39-бет.

[2] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,122-бет.

[3] Генжемуратов Б. Саратан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990,67-бет.

B.Genjemuratov do’retiwshiliginde metonimiyalar da sa’tli qollani’lg’anli’g’i’n ko’remiz. «Metonimiya (Grekshe metha – qaytadan, nimios – ataw, qaytadan ataw degendi an’latadi’). Su’wretlew qurallari’ni’n’ biri. So’zlerdin’ awi’spali’ ma’nisine tiykarlang’an su’wretlew. Metonimiyada su’wretlenip ati’rg’an zat yamasa waki’ya basqa at penen su’wretlenedi. Mi’sali’ “Qazan qaynap ati’r”. Negizinde qazan yemes, al wondag’i’ awqat qaynap ati’r. “Tandi’r wo’rtedim”. Tandi’r wo’rtenbeydi, al woni’n’ ishindegi woti’ndi’ jaqti’m degen ma’nisti bildiredi. “Qala uyi’qlap ati’r”. Qala yemes, al wondag’i’ adamlar uyi’qlap ati’r»[1]. Mi’sali’, B.Genjemuratov poeziyasi’nda metanimiyalar mazmundi’ teren’letiwge ha’m shayi’r woy-pikirin ju’zege shi’g’ari’wg’a xi’zmet yetedi.

Sen’ler qozg’aladi’ –
Sen’lerge sen’ler qag’i’si’p.
MENler az qaladi’ –
MENlerdi MENler shabi’si’p[2]

Demek, shayi’rdi’n’ “Abi’rji’” qosi’g’i’ndag’i’ “MENler” metonimiyasi’ arqali’ turmi’stag’i’ bir-biri menen jari’si’p, qag’i’si’p ju’rgen insanlar qayta atali’p tur.

Qayi’r tepken Jayhunda bul
Jog’i’mdi’ men izledim.
Qa’lbimde da’rt, mu’n’ sag’i’ni’sh,
Teren’likti gizledim.
Biraq Shu’n’gil degenlerim
Sayi’z shi’qti’ wog’ada…[3]

Bunda lirikali’q qaharman bul wo’mirde izlenedi. Woni’n’ izlep tapqan qi’yi’n, awi’r zatlari’ni’n’ qa’siyetleri “shu’n’gil” so’zi menen al, an’sat ha’m jen’il zatlarg’a ta’n qa’siyet “sayi’z” so’zleri menen awi’sti’ri’p qollani’w arqali’ obrazli’li’q ha’m qi’sqali’q ta’miyinlengen.

---

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994. 132-133 бб.
[2] Генжемуратов Б. Саратан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990,4-бет.
[3]Генжемуратов Б. Саратан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 32-бет.

Shayi’rdi’n’ «Nawri’z samallari’» muashshaqlar du’rkinine kirgizilgen «Juwap ber» atamasi’ndag’i’ Gu’listan ismi kelip shi’g’atug’i’n qosi’g’i’ ha’zil mazmuni’nda jazi’li’p, wonda “Sa’ten’ murtli’, murtsi’z ha’m saqalli’lar” metonimiyasi’ arqali’ bir qi’zg’a ashi’q bolg’an bir qansha ha’r qi’yli’ jastag’i’ adamlar qayta atali’p tur. Usi’ metonimiya arqali’ lirikali’q qaharman (shayi’r) ismi jasi’ri’ni’p ati’rg’an qi’zg’a wo’zinin’ ishki sezimlerin ha’zil mazmuni’nda bildiredi.

Gu’la’bi qawi’nday shiren’ tami’p tur,
U’h! Yernin’, ko’zlerin’ ne dep jani’p tur?!
«Lawlap wo’rtenbeske qoymaspan!» dey me,
İsen, ku’lim qaldi’... Bul shi’n-ani’qdur.
Sa’ten’ murtli’, murtsi’z ha’m saqalli’lar,
Toli’ g’oy a’tirapi’n’, wolar nag’i’p ju’r?!
Arsi’z sag’al yan’li’ jalan’qaya bir zat,
Na’yleyin, qa’lbimde qan’si’lap shawi’p ju’r...

Sonday-aq, shayi’r do’retiwshiliginde wo’nimli qollani’lg’an troplardi’n’ biri epitet boli’p yesaplanadi’. «Epitet (Greksheden epitophios – ani’qlaw ma’nisinde) zat ha’m qui’li’slardi’n’ sapasi’n, si’pati’n ayqi’nlasti’ri’w ushi’n ali’ng’an si’patlawshi’ so’z. Epitet ko’rkem su’wretlewdin’ yen’ jiyi qollani’latug’i’n tu’ri, wol arqali’ jazi’wshi’-shayi’rlar qaharmanni’n’ yamasa qubi’li’sti’n’ yen’ birden ko’zge tu’serlik ayqi’n belgisin atap ko’rsetedi, solay yetip woni’ ko’zge ayqi’ni’raq yetip yelesletedi»[1].

Waqi’t qayrag’i’nda tas sawsaqlari’m,
polat pa’njelerge aylandi’ bu’gin –
qara ma’rmer si’nar si’g’i’mlari’mda,
Gu’llerge qoni’wg’a qorqaman, yendi.

Bul keltirilgen to’rtliktin’ wo’zinde epitetler menen birge metafora, simvolli’q su’wretlew ha’m giperbola qollani’lg’an. Bundag’i’ «tas sawsaqlar»,

[1] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, «Билим», 1994, 200-бет.

«polat pa’njeler», «qara ma’rmer» siyaqli’ epitetler arqali’ shayi’r lirikali’q qaharmani’n’ ko’rinisin obrazli’ tu’rde bergen. Epitetlerdi qollani’w arqali’ shayi’r su’wretlenip ati’rg’an insanni’n’, waqi’yani’n’ anaw yaki mi’naw qa’siyetine woqi’wshi’ni’n’ di’qqati’n tartadi’, wonda ku’shli sezin woyatadi’.

“Pinhami’ saqlaysan’ miywalari’n’di’,
ashko’z sezimlerden, wotli’ na’zerden.”
“Alti’n ha’m hinjili kewil sarayi’m,
muzli’ ti’ni’shli’qti’n’ saltanati’nda,
samsaz…”

Demek, bul qatarlardag’i’ “ashko’z sezimler”, “wotli’ na’zer”, “Alti’n ha’m hinjili kewil saray”, “muzli’ ti’ni’shli’q” siyaqli’ epitetler qosi’qti’n’ poetikali’q ko’rkemligin asi’ri’p tur.

Ku’nbati’stan kelgen bultlar,
jiyde ag’ashi’n “ji’nli’” yeti,
sag’i’ni’shtan gu’lin sarg’ayti’p,
japi’raqlari’n qul yeti.

Tu’sinbeydi da’rtin heshkim –
qara bultti’n’ aqli’ lal.
Yegil-tegil ha’rku’n keshte,
bultlar negedur ji’lar?![1]

Bul keltirilgen qatarlarda shayi’r ta’biyat qubi’li’slari’na jan yendirip, lirikali’q qaharmanni’n’ ishki du’nyasi’n, muhabbat da’rtinen ku’yip jani’wlari’n parallel tu’rde su’wretleydi. Demek, ko’rkem su’wretlew qurallari’nan janlandi’ri’wdi’ paydalang’an. Janlandi’ri’w metaforani’n’ bir ko’rinisi. Janlandi’ri’w adamlarg’a ta’n bolg’an qa’siyetlerdi jansi’z predmetler, ta’biyat ha’diyseleri , haywanat ya quslarg’a ko’shiriw arqali’ payda bolatug’i’n su’wretlew qurali’. Rus a’debiyattani’w iliminde prozopopeya. geyde

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 135-бет.

olitsetvorenie, wo’zbek, tu’rkmen ha’m qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde janlandi’ri’w dep ju’ritiledi. Prozopopeya grek tilinen "kelbet jasayman" degen ma’nini bildiredi. Tu’rkmen a’debiyatshi’si’ A.Garri’ev "jansi’z predmetlerdi, ta’biyatti’ janli’ yetip ko’rsetiw usi’li’" dep ani’qlama beredi. "Janlandi’ri’w – su’wretlew obektin bo’rttirip, ayqi’n ha’m rawshan sa’wlelendiriwge imkaniyat beredi", –dep jazadi’ T.Boboev. "İnsang’a ha’m janli’ maqluqlarg’a ta’n belgiler ta’biyat qubi’li’slari’na, na’rselerge ha’m tu’siniklerge ko’shiriledi"–dep si’patlama beredi Ye.Xudayberdiev.

T.Boboev janlandi’ri’wdi’n’ yeki tu’rin ko’rsetedi.

1) jansi’z na’rselerdi jani’ bar yetip ko’rsetiw;
2) tilsiz na’rselerdi tili bar, so’yley alatug’i’n yetip ko’rsetiw.

Sonday-aq, sanag’a iye yemes maqluqlarg’a, buyi’mlarg’a adamg’a ta’n bolg’an sezimler ha’m woylardi’n’ beriliwi siyaqli’ janlandi’ri’wlar shayi’r B.Genjemuratov do’retiwshiliginde jiyi qollani’lg’an.

Jansi’z na’rselerdi jani’ bar yetip ko’rsetiwshi janlandi’ri’wlar B.Genjemuratov lirikalari’nda wo’zgeshe poetikali’q sheberlikte qollani’lg’an.

“Tal haqqi’nda romans” qosi’g’i’nda gu’z ma’wsimdegi ta’biyiy processler bolg’an tallardi’n’ japi’raqlari’ sarg’ayi’p jerge tu’siwleri, samallar yesip tallardi’n’ yerkin biylewleri ta’biyat qubi’li’slari’n janlandi’ri’w arqali’ sheber ha’m obrazli’ sa’wlelengen.

I’n’i’daydi’ jalan’ash tal,
samallarg’a aldang’an,
na’rwan yedi sahibjamal
qi’z si’yaqli’ sallang’an.

Goshshaq Gu’zdin’ ruwxi’ ba’lent,
tamsandi’r’i’p sawlati’,
bul jas taldi’n’ yerkin biylep,
japi’raqlari’n sawlatti’.

Ga’let – Gu’zdin’ ha’reketi!
Taldi’ mun’li’ yeti wol.
Jalan’ashlap yerkeletip,
kiyindirmey ketti wol…[1]

Bunda taldi’n’ in’i’ldap dawi’s shi’g’ari’wi’ insanni’n’ ishki psixologiyasi’na ta’n qubi’li’s yesaplanadi’. Shayi’r jas taldi’ sahibjamal qi’zg’a ten’eydi. Qosi’qtag’i’ “I’n’i’daydi’ jalan’ash tal, samallarg’a aldang’an” degen qatarlarda wo’mirde aldang’an qi’zdi’n’ mun’li’ kelbeti ko’z aldi’n’a keledi. Al, wo’mirde insanni’n’ kewline wo’z “samallari” arqali’ ziyan keltiretug’i’n adamlardi’ G’oshshaq Gu’zdi’n’ ha’reketlerinde sa’wlelendirgen. Demek, ha’r qanday shi’g’armani’ ko’rkem yetip beriwdin’ wo’zine ta’n usi’llari’ bar. Usi’ wori’nda janlandi’ri’wlardi’ shayi’r sheberlik penen paydalani’p insanlardi’n’ ruwxi’y tolg’ani’slari’n “jalan’ash tal” obrazi’nda bere alg’an.

Sonday-aq, “tal” di’ janlandi’ri’w arqali’ ishki sezimlerdi beriw I.Yusupovti’n’ “Romans” atli’ qosi’g’i’ menen ideyali’q-tematikali’q jaqtan u’nles keledi. Mi’sali’,

Ha’rre usher, pal qalar,
Quslar keter, tal qalar.
“Qara ko’zli qon’i’si’n’
Qayda?” – dep, tal i’rg’alar.

Qaydan bilsin qara tal,
Boyi’nda ali’s da’ryani’n’
Qos teregin bir suli’w
Sag’i’ni’p ha’zir turg’ani’n’…[2]

Bunday tipologiyali’q uqsasli’qlar yeki shayi’rdi’n’ jasaw sharayati’nan ha’m ishki ruwxi’y du’nyasi’ni’n’ birdeyliginen bolsa kerek.

---
[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 98-99-бетлер.
[2] Юсупов И. Таңлаўлы шығармаларының еки томлығы. II том: Қосықлар, поэма.- Нөкис, «Қарақалпақстан» , 1992, 124-бет.

Janlandi’ri’w ko’rkem shi’g’armalarda pikirdi obrazli’ sa’wlelendiriw ushi’n qollani’ladi’. Sanag’a iye yemes maqluqlarg’a, buyi’mlarg’a adamg’a ta’n bolg’an sezimler ha’m woylardi’n’ beriliwi janlandi’ri’wlardi’n’ wo’zgesheliklerinin’ biri yesaplanadi’. B.Genjemuratov poeziyasi’nda bunday janlandi’ri’wlar lirikali’q qaharmanni’n’ ishki ruwxi’y tolg’ani’slari’ ha’m kewlindegi sag’i’ni’sh sezimlerin beriw ushi’n parallel tu’rde su’wretlengen.

Duwtari’n’ in’i’randi’, da’rtin men sezdim.
Wol mun’li’ gu’mbirlep basladi’ so’zin:

Ne ushi’n duwtar qi’p jaratti’n’, Alla?!
Ada bolmas da’rtke sen shatti’n’, Alla!

Meni jigit yetip jaratqani’n’da,
Yoshli’ qumarli’qlar jani’p qani’mda,

Gu’ldey la’blerinen su’yer yedim men!
Pu’tkil wo’mirim jani’p-ku’yer yedim men!...[1]

Demek, bul qatarlarda duwtar insang’a ta’n bolg’an ishki sezimler ha’m woylawg’a iye boladi’. Wol (duwtar) insang’a aylani’p yari’ni’n’ gu’ldey la’blerinen su’yiwdi, pu’tkil wo’mirinin’ jani’p-ku’yiwin qa’leydi. Janlandi’ri’w poeziyada ko’rkemlilikti ha’m obrazdi’n’ ta’sirshen’ligin artti’radi.

Uluwma aytqanda, ko’rkem su’wretlew qurallari’ B.Genjemuratov poeziyasi’nda qosi’qti’n’ tiykari’, «jani’» si’pati’nda qosi’q mazmuni’n ko’rkem teren’letip, woqi’wshi’lardi’n’ estetikali’q talg’ami’na say ra’wishte jetkerip beriw ushi’n qollani’lg’an. Bul, a’lbette, shayi’rdi’n’ so’z saplaw sheberliginen derek beredi.

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012, 136-бет.

## 3.2. B.Genjemuratov lirikasi'nda ko'rkemlew usi'llari'ni'n' mazmung'a qatnasi'

Ko'rkem shi'g'armada, a'sirese, lirikada ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' shi'g'arma mazmuni'n jetkeriwdegi xi'zmeti ayri'qsha. Shayi'rlar insan ruwxi'y a'leminin' ha'r qi'yli' keshirmelerin ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' ja'rdeminde sa'wlelendiredi. Ko'rkem su'wretlew usi'llari' ishki forma ko'rkemligin ta'miyinlep, shi'g'armani'n' emocional ta'sirshen'ligin artti'radi'.

Bizge belgili ko'rkem forma ko'rkem mazmung'a xi'zmet yetip kelgen, ko'rkem mazmun ko'rkem formada g'ana wo'z sa'wleleniwine iye boladi'. Bul tuwrali' M.Girshman degen ilimpaz bi'layi'nsha jazadi': «Forma – material, wo'zinde so'ylew tilinin' barli'q bayli'qlari'n, ko'rkemlew usi'llari' menen ko'rkemlew qurallari'ni'n' zatli'q ko'rinisin ali'p ju'riwshi material» (Literaturnoe proizvedenie. Teoriya i praktika analiza. –Moskva, 1991. -62 s.)

Shi'g'armada formani'n' mazmundi' jetkeriw xi'zmeti ko'rkem su'wretlew usi'llari' arqali' da a'melge asi'ri'ladi'. Su'wretlew usi'llari' ja'rdeminde ko'rkem so'z sheberi wo'zinin' aytajaq pikirine ayri'qsha ma'ni beriwge, wog'an ayri'qsha salmaq taslawg'a yerisedi. Lirikali'q keshirmelerdi, turmi'sli'q, ja'miyetlik ha'm ta'biyiy ha'diyselerdi ko'rkem haqi'yqatli'qqa aylandi'ri'w jollari', usi'llari' su'wretlew usi'llari' boli'p yesaplanadi'.

B.Genjemuratov lirikasi' bul a'lemdegi barli'q qubi'li's ha'm ha'diyselerge, ja'miyetlik wortali'qqa filosofiyali'q, didaktikali'q ha'm haqi'yqatli'q ko'zqaraslari'n beriw sheberligi menen ayri'qshalani'p turadi'. Shayi'r wo'z do'retpelerinde usi'nday ulli' ideyalardi' beriwde ko'rkem su'wretlew usi'llari'nan wo'nimli ha'm sheber tu'rde paydalang'an.

Jumi'si'mi'zdi'n' bul bo'liminde B.Genjemuratov lirikasi'ndag'i' ko'rkem su'wretlew usi'llari' figuralardi'n' ko'rkem mazmundi' teren'lestiriwge qatnasi' haqqi'nda, wonda qollani'lg'an parallelizm ha'm antitezalardi'n' ko'rkemlik xizmeti haqqi'nda so'z yetemiz.

B.Genjemuratov lirikasi' ku'ta' ra'n'be-ra'n ko'riniske do'nedi. Wonda insanni'n' ruhi'y du'nyasi'ndag'i' ha'r qi'yli' is-ha'reketleri, du'nyag'a ko'zqarasi', ishki tolg'ani'slar wo'zgeshe usi'lda beriledi. Bunday insanni'n' ishki sezimlerin beriwde shayi'r parallelizimnen ken' paydalani'p woti'radi'.

Biyiklikti wo'lshep ati'rmi'z,
Teren'likti wo'lshep ati'rmi'z,
Wo'lshew mu'shkil yeken Ken'likti.
Awi'r zatti' wo'lshep ati'rmi'z,
Jen'il zatti' wo'lshep ati'rmi'z,
Saqlay almay teppe-ten'likti…
"Awi'r zatlar shu'mer teren'ge,
jen'il zatlar aspanlap keter.
Bul ken'likti mensinbegenler
Ken' yetikte aqsan'lap wo'ter!..."[1]

Bul keltirilgen qatarlarda biyiklik ha'm teren'likti parallel wo'lshew arqali' ken'likti wo'lshew mu'mkin yemesligin, awi'r ha'm jen'il zatti' wo'lshew arqali' teppe-ten'likti saqlay almay ati'rg'an lirikali'q qaharmanni'n' halati' obrazli' berilgen.

"Awi'r zatlar shu'mer teren'ge,
jen'il zatlar aspanlap keter.

Bul yeki is-ha'reketti'n' parallel qoyi'li'wi' turmi'stag'i' ayi'ri'm adamlardi'n' awi'r ha'm jen'il minezlerin su'wretlep, bul ken'likti mensinbegenler, ken' yetikte aqsan'lap wo'ter,-dep sheshim beredi. Bunday bayanlawlar qaraqalpaq a'debiyati'nda ti'msalli'q shi'g'armalarda ushi'rasadi'. Mi'sali', D.Aytmuratovti'n' "Qarabaraq ha'm qan'baq" ti'msali' usi'nday mazmundi' wo'zinde ja'mlegen.

«Parallelizm (gr parallelismos) yeki qubi'li's yaki ha'rekettin' biri-biri menen turaqli' qatnasi' ha'm birlikte keliwi. … poetikada tekst ishindegi til

[1] Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012,89-бет.

elementi bo'leklerinin' biri-birine uqsas yaki mag'analas ta'rtipte jaylasti'ri'li'wi', yag'ni'y poetikali'q usi'l»[1]. İlimpaz Ye.Xudayberdiev parallelizm tuwrali' to'mendegishe pikir bildiredi: «Geyde yeki yamasa wonnan arti'q uqsas ha'diyse biri-birine jaqi'n sintaksislik konstruktsiyalarda qatar qoyi'li'p sali'sti'ri'ladi'». Keltirilgen pikirlerge su'yengen halda soni' ayti'w mu'mkin: parallelizm ha'diyseler, qubi'li'slar ha'm sezim tuyg'i'lardi' ani'q, ta'sirli ha'm ko'rkem sa'wlelendiriw ushi'n qollani'ladi'. Sonday-aq, parallel tu'rde waqi'yani' su'wretlew arqali' avtor aytajaq pikirin wo'tkirlestiriwge ha'm ayqi'nlasti'ri'wg'a yerisedi.

Shayi'r "Zooparkte" qosi'g'i'nda temir tordi'n' ishindegi haywanlardi'n' is-ha'reketin, ko'rinisin parallel su'wretlew arqali' wo'z biyliginen ayri'lg'an haywanlardi'n' ayani'shli' halati' ashi'p berilgen.

Temir tordi'n' ishinde – ayi'w,
Temir tordi'n' ishinde – qasqi'r,
Maymi'ldiki - ba'rha' qol jayi'w.
Kiyiklerdin' ko'zinde jas tur…

Jatsa - temir, su'yense – temir…
Mush ko'rseter "bati'r maymi'llar"…
Temir menen qorshalg'an wo'mir
To'rt mu'yeshli temirdey ji'llar -

B.Genjemuratov lirikalari'nda jiyi qollani'lg'an ko'rkem su'wretlew usi'llari'ni'n' biri – antiteza boli'p yesaplanadi'. «Antiteza (grekshe, qarama-qarsi' degendi an'latadi') ko'rkem shi'g'armada waqi'yalar, obrazlar, tu'sinikler biri-birine qatan' qarama-qarsi' qoyi'lsa antiteza usi'li' kelip shi'g'adi'»[2]. Antiteza yeki yaki bir neshe ha'diysenin' belgilerin wo'z-ara qarama-qarsi' qoyi'w arqali' sa'wlelendiredi. Antiteza, ko'binese, antonim so'zler arqali'

---

[1] Словарь иностранных слов. – Москва: Русский язик, 1986, 608 ст.
[2] Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: Билим. 1994, 18-бет.

payda yetiledi. Mi’sali’, shayi’rdi’n’ “Sawal” atli’ qosi’g’i’nda antitezali’q bayanlawlar arqali’ lirikali’q qaharmanni’n’ du’nyag’a bolg’an ko’zqarasi’, woy-pikirleri ritorikali’q soraw formasi’nda berilgen.

Hayranman. Ko’zdin’ tag’diri – ku’lmek, ji’lamaq.
Al, la’bler biyopaday tuyi’ladi’ mag’an.
Wo’mirim – ag’i’p ati’rg’an da’ryadan ibarat.
Sezimnin’ shi’n’lari’nan baslanar sag’am.

Bizler – ayti’lmag’an da’rtli ji’rdaymi’z.
Delbemen bir na’rseni, biraq bilmege:
“Ko’zde jas qalmag’ansha nege jilaymi’z?!
Ko’zden jas aqqansha ku’lemiz nege?!”[1]

Bunda lirikali’q qaharman “Ko’zde jas qalmag’ansha nege ji’laymi’z?! Ko’zden jas aqqansha ku’lemiz nege?!” dep soraw qoyi’wi’ shayi’rdi’n’ to’mendegi qatarlari’nda wo’z sheshimin tawi’p turg’anday seziledi. Mi’sali’,

Sanmi’n’ hikmetlerdi woqi’p uqti’m men,
Gidir – budi’r qosi’q toqi’p uqti’m men –
Ko’zimde jas qalmay ji’lap tu’sindim,
Ko’zimnen jas ag’i’p ku’lip tu’sindim:

“men yerte kelippen mi’na du’nyag’a,
Men keshlew kelippen mi’na du’nyag’a…”[2]

Bunda keltirilgen ji’law - ku’liw, yerte – kesh antonimleri arqali’ jasalg’an antitezalarda lirikali’q qaharmanni’n’ bul du’nya haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q woy-pikirlerin sa’wlelengen.

Antiteza su’wretlenip ati’rg’an obektti ishki qarama-qarsi’li’g’i’ menen ashi’wg’a, waqi’ya, ha’diyselerdi ayqi’n sa’wlelendiriwge xi’zmet yetedi. Shi’g’armadag’i’ obrazli’li’qti’ ha’m estetikali’q ta’sirshen’likti ta’miyinleydi.

[1] Генжемуратов Б. Саратан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990, 12-бет.
[2] Генжемуратов Б. Оқ қадалған ай. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997, 25-бет.

“Jaqsi’dan - sharapat, jamannan - apat” –
birew pu’tinleydi, birew buzadi.
Keshegi hu’r du’nya – bu’gin alasat,
Yerten’ bultti’ su’ygen tawlar tozadi’.[1]

Shayi’r antitezali’q usi’lda “jaqsi’li’q”, “jamanli’q” si’yaqli’ estetikali’q kategoriyalardi’ sa’wlelendirgen. Jaqsi’ adam menen jaman adamni’n’ qa’siyetlerin qarama-qarsi’ tu’rde sheber bayanlag’an.

Uluwma alg’anda, shayi’r poeziyasi’nda insan ruwxi’y a’leminin’ ha’r qi’yli’ keshirmelerin ko’rkem su’wretlew usi’llari’ni’n’ ja’rdeminde sa’wlelendirgenin ko’riw mu’mkin. Ko’rkem su’wretlew usi’llari’ ishki forma ko’rkemligin ta’miyinlep, shi’g’armani’n’ emocional ta’sirshen’ligin artti’radi’. Ko’rkem su’wretlew usi’llari’nan parallelism ha’m antitezali’q usi’llar wo’mir, turmi’s haqqi’ndag’i’ filosofiyali’q pikirlerdin’ ta’sirshen’ligin artti’ri’wda jiyi qollani’lg’an.

[1] Генжемуратов Б. Оқ қадалған ай. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997, 51-бет.

## JUWMAQLAW

Ha’zirgi ku’ni a’debiy processte poeziyani’n’ janrli’q ha’m ideyali’q-tematikali’q jaqtan rawajlani’wi’na salmaqli’ u’lesi’n qosi’p kiyati’rg’an shayi’rlardi’n’ biri B.Genjemuratov boli’p yesaplanadi’. Baxti’yar Allambergen uli’ Genjemuratov 1959-ji’li’ 11-may ku’ni Qaraqalpaqstan Respublikasi’ni’n’ Taxtako’pir rayoni’nda tuwi’lg’an.

Wol a’debiyat maydani’nda 80-ji’llardan keyin wo’zinin’ «Aptapti’n’ wo’miri» (1987), «Saratan» (1990), «Woq qadalg’an ay» (1995), «Ukuzdaryo bitiklari» (wo’zbek tilinde 2006, 2007-ji’llar, Rustam Musurman awdarmasi’) siyaqli’ bir qansha mazmunli’q ha’m formali’q jaqtan ko’rkemligi joqari’ do’retpeleri menen belgili. Al, 2012-ji’li’ B.Genjemuratovti’n’ «Saylandi’ shi’g’armalar» toplami’ qaraqalpaq tilinde baspadan shi’qti’. O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ Qarari’na tiykarlani’p, «Mo’de xan so’zi yaki Shin jipegindegi bitik», «Qar Aq Alp Aq» atli’ poemalari’ wo’zbek tilinde qaytadan kitap bali’p basi’ldi’. Shayi’rdi’n’ bir qatar shi’g’armalari’ wo’zbek, rus, qazaq tillerine, sonday-aq, 2004-ji’li’ Kanadada francuz tiline awdari’li’p ja’riyalandi’. A’sirese, B.Genjemuratovti’n’ qosi’qlari’ni’n’ «Tu’rk sheriyati’ antologiyasi’» (Ankara,2006), «Признание. Стихиотворения поэтов Узбекстана» (Ташкент, 2007) ha’m «U’zbek sheriyati’ antologiyasi’» na (Toshkent,2007) kiritiliwi shayi’r do’retiwshiligi ha’m qaraqalpaq a’debiyati’ ushi’n u’lken jetiskenlik boldi’. Soni’n’ menen birge, B.Genjemuratov Bati’s ha’m Shi’g’i’s a’debiyati’ klassiklerinin’ do’retpelerin qaraqalpaq tiline awdarma yetip, 1992-ji’li’ «Lirika» degen atamada ha’m rus tariyxshi’lari’ B.D.Grekov ha’m A.Yu.Yakubovskiydin’ «Alti’n Worda ha’m woni’n’ qulawi’» degen miynetin baspadan shi’g’ardi’. Sonday-aq B.Genjemuratov 1996-ji’li’ «A’jiniyaz lirikasi’ni’n’ poetikasi’» degen temada kandidatli’q dissertatsiya jaqlap, filologiya ilimlerinin’ kandidati’ ilimiy da’rejesin aldi’. Usi’nday miynetlerinin’ bahasi’ si’pati’nda B.Genjemuratov 2002-ji’li’

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ataqli’ si’yli’qlari’ni’n’ biri bolg’an «Shuhrat» medali’ menen si’yli’qlandi’.

Biz magistrlik dissertaciyami’zda B. Genjemuratov lirikasi’n janrli’q ha’m ko’rkemlik wo’zgesheliklerin analizley woti’ri’p, to’mendegishe juwmaqlarg’a keldik:

Birinshiden, B.Genjemuratov – novator shayi’r. Woni’n’ qaraqalpaq poeziyasi’na ali’p kirgen jan’ali’qlari’ ko’p. Atap aytqanda, wol ha’zirgi qaraqalpaq poeziyasi’ni’n’ janrli’q mu’mkinshiliklerin ken’eytti, ko’rkem obraz jasaw ha’m ko’rkem forma jarati’w usi’llari’n jetilistirdi, so’z saplaw usi’llari’nda wo’zine ta’n stiline iye boldi’. Yerkin qosi’q ha’m muashshaqlar shayi’r poeziyasi’ndag’i’ usi’nday janrli’q izlenislerdin’ biri. Wonda shayi’r sheber poetikali’q til ha’m ko’rkem su’wretlew qurallari’ arqali’ ta’kirarlanbas obrazlar jarati’wi’ arqali’ shayi’r shi’g’armalari’nda ishki forma wo’zgesheligi ani’q sezilip turadi’;

Yekinshiden, B.Genjemuratov do’retiwshiligi formali’q jaqtan ha’r tu’rliligi menen ajirali’p turadi’. Wonda poetikali’q sheberlik, a’debiy baylani’s ha’m du’nya a’debiyati’ ta’siri ko’rinedi. Sebebi, shayi’r ha’r bir poeziyasi’nda til mu’mkinshiliklerin sheber paydalani’p, woni’n’ (so’zdin’) ta’sirshen’lik da’rejesin ku’sheytken. Wo’ytkeni, shayi’r wo’zinin’ ishki ruwxi’y du’nyasi’n poetikali’q qatarlarda turmi’s haqi’yqatli’g’i’ menen teren’ baylani’sti’ri’p su’wretlegen. Sonday-aq, du’nya a’debiyati’ g’a’ziynesinen a’jayip ulgilerdi qaraqalpaq tiline awdari’p, wo’z do’retiwshiligin ha’r ta’repleme rawajlandi’rdi’. Bati’s ha’m shi’g’i’s a’debiyati’ni’n’ ta’siri na’tiyjesinde shayi’r do’retiwshiliginde formali’q ha’m mazmunli’q ren’baren’likti ko’riwge boladi’;

U’shinshiden, si’rtqi’ formasi’ boyi’nsha janrli’q wo’zgesheliklerine qaray biz shayi’r B.Genjemuratovti’n’ poeziyasi’nda yen’ kishi janrli’q formalardan baslap bu’gingi ku’nde a’debiyati’mi’zda ushi’rasatug’i’n, sintezlenip bizge jetip kelgen janrli’q formalardi’n’ bar yekenligin ani’qladi’q.

To’rtinshiden, shayi’rdi’n’ “Wo’giz da’rya bitikleri” du’rkinine kirgen “Qi’ri’q a’sir ko’mip ketken”, “Min’ wo’rkeshli tu’yeler-sarg’i’sh qumlar”,

“Qum asti’nda mi’n’ sandi’q”, “Debdiw”, “Wo’zge bir qudaylarg’a”, “Jeti baban’ni’n’ ismin ayt Jayhun”, “Sho’llegenmen pu’tin diydari’n’a”, “Tay quli’nday tebisken”, “…alti’ ag’a ketip ali’sqa”, “Tu’rk babani’n’ qa’hari’”, “Qardi’n’ basi’n qar alar”, “A’yyemgi Tu’rkistanni’n’ bu’gingi ballari’”, “Tu’sime yenedi Baysi’n tawlari’”, “Ata jurttan ayri’li’p” h.t.b qosi’qlari’nda watan temasi’, atap aytqanda, millet ta’g’diri, yel tinishlig’i’, xali’qti’n’ birlikli jasawi’, bati’rli’q ha’m ma’rtlik, tuwi’lg’an jerge bolg’an muhabbat sezimleri insan ju’regine kirip bari’wshi’ qatarlar arqali’ ji’rlanadi’. Bunda shayi’rdin’ xali’q ta’g’dirin woylap jan ashi’ti’wi’ ayqi’n sezilip turadi’. Shayi’r awi’zbirshiliktin’ joqli’g’i’, satqi’nli’qti’n’, dushpanlardi’n’ hiylekerliginin’ sebebinen wo’lip ketken yel bati’rlari’ni’n’ ayani’shli’ ta’g’dirin woylap qayg’i’g’a tu’sedi. Bu’gin de a’piwayi’ miynet adamlari’ni’n’ ko’p jag’dayda nahaqli’qti’n’ qurbani’ bolatug’i’nli’g’i’n shayi’r uqti’ri’p wo’tedi;

Besinshiden, B.Genjemuratov poeziyas?nda folklorli’q da’stu’rlerden paydalani’wi’ arqali’ ha’r qanday mazmun ha’m pikirdin’ yerkin sa’wlelengenin sonday-aq, woqi’wshi’g’a ta’sir yetiw shen’berinin’ ken’ ko’lemde yekenin ko’riw mu’mkin. Bul arqali’ shayi’rdi’n’ xali’q awi’zeki do’retpelerin jetik bilgenligi ha’m wonnan sheber tu’rden paydalang’anli’g’i’n ko’remiz. Soni’n’ menen birge, wo’z poeziyasi’nda tariyxi’y shaxslar ha’m tariyxi’y waqi’yalardi’n’ sa’wlelendiriwi arqali’ Watang’a bolg’an muhabbat ha’m patriotli’q sezimlerdi bere alg’an;

Alti’nshi’dan, shayi’r B.Genjemuratovti’n’ intim lirikasi’ wo’zinin’ ko’rkemligi, lirikali’q qaharmanni’n’ sezimtalli’g’i’, obraz do’retiwde ko’rkemlew a’mellerinen sheber paydalani’wi’ menen wo’zgeshelenedi. A’sirese, lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimlerin bayanlag’an ko’rkem qatarlar woqi’wshi’ni’n’ ruwxi’y du’nyasi’na yerksiz ta’sir yetedi. Shayi’rdi’n’ intim qosi’qlari’ qurg’aq “ku’ydim, su’ydim” so’zlerinen ibarat yemes. Wol lirikali’q qaharmanni’n’ ruwxi’y tolg’ani’slari’n, pa’k muhabbati’n wo’zinshe boyawlar menen sa’wlelendirip, woqi’wshi’ni’n’ sezimlerine tu’rtki saladi’. Bul shayi’rdi’n’ wo’zgesheligi ha’m so’z saplaw sheberliginen da’rek beredi.

Jetinshiden, shayi’r lirikalari’nda ko’rkem su’wretlew qurallari’ ha’m usi’llari’ni’n’ jiyi qollani’lg’anli’g’i’ni’n’ guwasi’ boldi’q. Ko’rkem su’wretlewler B.Genjemuratov poeziyasi’nda qosi’qti’n’ tiykari’, «jani’» si’pati’nda qosi’q mazmuni’n ko’rkem teren’letip, woqi’wshi’lardi’n’ estetikali’q talg’ami’na say ra’wishte jetkerip beriw ushi’n qollani’lg’an. Bul, a’lbette, shayi’rdi’n’ so’z saplaw sheberliginen derek beredi.

Uluwma aytqanda, B.Genjemuratovti’n’ qaraqalpaq a’debiyati’nda tutqan worni’ wo’z aldi’na. Sebebi, wol wo’zine ta’n hawazg’a, jekke stilge ha’m wo’z i’qlaspentlerine iye.

## PAYDALANI'LG'AN A'DEBIYATLAR


**I. O'zbekistan Respublikasi' Ni'zamlari':**

1. Кадрлар таярлаўдың миллий бағдарламасы. Нөкис: Қарақалпақстан. 2000.
2. Билимлендириў ҳаққында Нызам. Нөкис. Билим. 1997

**II. O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti pa'rmanlari' ha'm qararlari':**

1. «Миллий истиқлол мафкураси халқ этиқоди ва буюк келажакка ишончдир». // «Фидокор». 2000. 8-июнь
2. «Бас мақсетимиз – кең көлемли реформалар ҳәм модернизациялаў жолын булжытпай даўам еттириў. // «Еркин Қарақалпақстан». 2012. 18-январь

**III. O'zbekistan Respublikasi' Prezidenti I.A.Karimov shi'g'armalari'.**

1. Каримов И.А. Озод ва обод Ватан, эркин ва фаровон ҳаёт - пировард мақсадимиз. 8-жилд. –Тошкент: Ўзбекистон. 2000.
2. Karimov I.A. Joqari ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –Tashkent: Manaviyat. 2008.
3. Каримов И. Адабиетга эътибор-маънавиятга, келажакка эътибор. Тошкент, «Ўзбекистон», 2009.

**IV. Teoriyali'q a'debiyatlar:**

1. Аристотел. Поэтика. Тошкент. Ғафур Ғулом номидаги адабиет ва санъат нашриети. 1980.
2. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. –Нөкис: Билим. 1994.
3. Ахметов С. Қарақалпақ совет поэзиясы. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1988.
4. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. –Тошкент: Ўзбекистон. 2002.

5. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. –Нөкис: Билим. 1997.
6. Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’wdan sabaqlar. –No’kis: Qaraqalpaqstan. 2012.
7. Мәмбетов К. Әдебият теориясы. –Нөкис: Билим. 1995.
8. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, «Билим», 1993.
9. Қарақалпақ совет әдебияты тарийхының очерклери. –Тошкент: Фан. 1968.
10. Қарақалпақ совет әдебияты. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1979.
11. Квятковский А. Поэтический словарь. - Москва: Советская энциклопедия. 1966.
12. Мәмбетниязов Т. Поэзия ҳаққында ойлар. –Нөкис: Қарақалпақстан. 1985.
13. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги дәўирдеги қарақалпақ лирикасында көркемлик излениўшилик. –Нөкис: Билим. 1992.
14. Оразымбетов Қ. Ҳәзирги қарақалпақ лирикасында көркем формалардың эволюциясы ҳәм типологиясы. –Нөкис: Билим. 2004.
15. Туйчиев У. Өзбек совет поэзиясида бармақ системасы. Т. 1962.
16. Томашевский Б.В. Теория литературы. Поэтика. –Москва: Аспект-Пресс. 2001.
17. Умуров Ҳ. Адабиётшунослик асослари. –Тошкент: А.Қодирий номидаги «Халқ мероси» нашриёти. 2004.
18. Хализев В.Е. Теория литературы. Изд. 2. –Москва: Высшая школа. 2000.
19. Худойбердиев Э. Адабиётшуносликка кириш. –Тошкент: Иқтисодиёт ва молия. 2007.

**2. Ko’rkem a’debiyatlar:**

1. Генжемуратов Б. Аптаптың өмири. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1987.
2. Генжемуратов Б. Саратан. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1990.
3. Генжемуратов Б. Оқ қадалған ай. Нөкис, «Қарақалпақстан», 1997.

4. Генжемуратов Б. Сайланды шығармалар. Қосықлар ҳәм поэмалар.- Нөкис, «Қарақалпақстан», 2012.

5. Генжемуратов Б. Наўрыз самаллары (акростихлер дүркини) // «Қарақалпақстан жаслары», 2000, № 17, 27-апрель.

6. Генжемуратов Б. Көрдим // «Еркин қарақалпақстан», 1995, 10-январь, №5.

7. Ибрагимов С. Далалар. Нөкис «Қарақалпақстан». 1982.

8. Ибрагимов С. Бесинши мәўсим. Нөкис. Қарақалпақстан. 1986.

9. Ибрагимов С. Жер менен аспанның аралығында. Нөкис. «Қарақалпақстан». 1990.

**VI. Maqalalar, tezisler, dissertaciyalar:**

1. Нуржанов П. Верливр ҳаққында ойлар. Әмиўдәрья. 1990. №4.

2. Юсупов Қ. Кеўиллерди толқытқан поэзия. «Қарақалпақ әдебияты», Февраль, 2014, №2

3. Есенов Ж. Тил-жүрек айнасы (Бахтыяр Генжемуратов поэзиясы мысалында). «Еркин Қарақалпақстан», 11-январь, 2014, №5.

4. Гайлиева О. Ҳәзирги карарақалпақ поэзиясында аралық формалардың жанрлық ҳәм формалық қәсийетлери (1970-2000 жыллардағы еркин қосық ҳәм насырый қосықлар): Канд. дис. Нөкис, 2006.

5. Досымбетова А. Шаўдырбай Сейитов лирикасында көркем форма (дәстүрий ҳәм жаңа формалардың синтези, сүўретлеў усыллары, еркин қосықлардың формалық өзгешеликлери). Канд. дисс. Нөкис, 2008.

**VII. Internet saytlari':**

1. www.ziyo.uz
2. www.ziyonet.uz
3. www.eadabiyot.uz
4. www.karsu.uz

## BIBLIOGRAFIYALI’Q KO’RSETKISH

B.Genjemuratov haqqi’nda jazi’lg’an maqalalar

1. Есенов Ж. Ҳақыйқатшыл руўхы терең сөз маржанлары ушын. «Устаз жолы», 1999, 20-май.
2. Есенов Ж. Тил-жүрек айнасы (Б.Генжемуратов поэзиясы мысалында). «Еркин Қарақалпақстан», 2014, 11-январь, №5.
3. Нуржанов П. Берливр ҳаққында ойлар. «Әмиўдәрья», 1990, №5.
4. Нуржанов П. Саратан. «Жас Ленинши», 1991, 10-сентябр.
5. Нуржанов П. Мәртликти, батырлықты улығлаған поэзия // «Қарақалпақстан жаслары», 2010, 7-октябрь.
6. Нуржанов П. Йош-илҳам ҳәм иләҳий гөззаллық ҳаққында шығарма // «Қарақалпақстан жаслары», 2011, № 16 (7617), 24-март.
7. Турдыбаев Қ. Миллий эпикалық дәстүрлер ҳәм көркем образ. Б.Генжемуратовтың «Мөде хан сөзи яки Шын жипегиндеги битик» дөретпеси мысалында // «Әмиўдәрья», 2009, № 3.
8. Өтегенова Г. «Мөде ханның Шын жипегиндеги битиги»ниң жанрлық қәсийети // «Устаз жолы», 2005, № 20 (357), 14-май.
9. Өтемуратова Ҳ. Шайырлар – руўҳыйлық елшилери (Б.Генжемуратов ҳаққында) // «Қарақалпақстан жаслары», 2006, 14-декабрь.
10. Оразымбетов Қ. ҚАР АҚ АЛП АҚ – ҚАРАҚАЛПАҚ. Әййемги жыр ҳаққында бирер сөз // «Қарақалпақстан жаслары», 2003, № 17 (7202), 24-апрель.
11. Мәтмуратова Р. Шайыр лирикасында аллитерация (Б.Генжемуратов лирикасы мысалында) // «Устаз жолы», 2008, 26-июль.
12. Мәтмуратова Р. Көркемлик элементлери – поэзияның жаны. «Әмиўдәрья», 2008, «№ 2.
13. Әзим Сүйин. Аўа, Ўатан ҳаққында жазыў усылай болады // «Еркин Қарақалпақстан», 2001, № 33, 16-август.

14. Алимбеков А. Мәртликти улығладым – сөз еттим // Еркин Қарақалпақстан, 2009, 15-сентябрь.
15. Айымбетов Ҳ. Тайдың тулпар болғанын көрдик // «Еркин Қарақалпақстан», 2011, 7-октябрь.
16. Юсупов Қ. Кеўиллерди толқытқан поэзия // «Қарақалпақ әдебияты», 2014, февраль, №2.

B.Genjemuratovti’n’ baspada ja’riyalang’an do’retpeleri

1. Сентябрь самаллары: Косықлар // «Әмиўдәрья», 1986, №5.
2. Нөкис жуўынып атыр // «Әмиўдәрья», 1987, №10.
3. Жети атаңның исмин айт, Жайҳун! Қосықлар // «Әмиўдәрья», 1988, №4.
4. Жан аўрыўы (фантастикалық трагедия) // «Әмиўдәрья», 1988, №9
5. Бердақ шайырдың толғаўы: Қосықлар // «Әмиўдәрья», 1988, №10.
6. Ассалаўма әлейкум, Арал! (очерк) // «Әмиўдәрья», 1989, №4.
7. Қырым соқпақлары (дүркин) // «Әмиўдәрья», 1989, №9.
8. Оқ қадалған ай. Алты айшылық жолға кетермен. Ләбиңди // «Әмиўдәрья», 1991,№9.
9. Айтсам адо бўлмас Армоним менинг // «Ешлик», 1991,№8.
10. Көрдим // «Еркин қарақалпақстан», 1995, 10-январь, №5.
11. Сәлем, демократия! : (метаморофоза – поэмадан үзинди) // «Еркин қарақалпақстан», 1999, 27-март, №37.
12. Наўрыз самаллары (акростихлер дүркини) // «Қарақалпақстан жаслары», 2000, № 17, 27-апрель.
13. «Мөдеханның Шын жипегиндеги битиги» (поэма) // «Қарақалпақстан», 2002, №1-2.
14. Шүкрана айтаман... Қосық // «Еркин қарақалпақстан», 2004, №134, 6-ноябрь.
15. Бизлер – бес туўысқан // «Еркин қарақалпақстан», 2009, 21-май.
16. Күнглим менинг бир сирли осмон // «Шарқ юлдузи», 2013, №3.